



## ***PREMYE KOZE A***

Pou Matye ekri levanjil li a, li te sèvi ak levanjil Mak la, epi ak yon dokiman yo rele «Sous Q» ki te yon koleksyon fraz tou kout Jezi te di. Sanble te gen yon premye levanjil Matye, pi ansyen pase sa nou genyen jounen jodi a. Yo te ekri l nan lang arameyen, yon lang ki sòti nan lang ebre. Levanjil Matye a gen menm chema ak pa Mak ak Lik la, pou-tèt sa yo rele twa Levanjil sa yo Levanjil sinoptik. Sinoptik sòti nan yon mo grèk ki vle di : yon menm koutje, kòm pou di ak yon sèl koutje ou wè sa twa Levanjil yo genyen ki menm. Levanjil Matye nou genyen an ekri nan lang grèk.

—*Ki moun Matye te ye ?* Sanble Matye (Mt 9,9) ak Levi (Mk 2,14) se menm moun. Nan Levanjil la nou li Matye se non yon moun ki te konn touche lajan taks yo bay Women yo, epi Jezi te chwazi l kòm youn nan Apot li yo. Menm si gen moun ki ta kwè Matye te yon Farizyen ki te kwè nan Jezi, epi li pale sou pwòp esperyans li (Mt 13,52) «*Tout pwofesè Lalwa ki vin tounen patizan Peyi Wa ki nan Syèl la, li sanble ak yon mèt kay k ap rale sa ki nèf ak sa ki vye mete deyò nan bwat trezò li.*»

Premye Levanjil Matye a te ekri nan lang arameyen. Levanjil nan lang nou genyen jodi a te ekri nan lane 80 konsa apre Women yo te fin anvayi Jerizalèm epi detwi Tan plan.

—*Pou ki kominote Matye te ekri liv li a :*

Kominote Matye a te yon kominote ki te rete nan zòn Siri-Palestin, zòn nò peyi a (Mt 4,24). Anndan kominote Matye a te gen de gwoup moun: yon gwoup ki te sòti nan pèp Jwif la, epi yon gwoup ki te sòti nan mitan etranje yo. Men sa ki pi fò se gwoup Jwif yo, epi yo te konnen Pawòl Bondye a byen. Matye site yon pakèt vèsè Ansyen Kontra

pou li pwouve Jezi se Kris la toutbon vre a. Gen yon sitiyasyon chirepit ki make 1 fon, epi ki mete Jwif ak kretyen yo dozado. Pèp Jwif la t ap soufri se krèv kè anba gwo pwo-blèm lagè ak Women yo, yon lagè ki detwi nasyon yo nan lane 70. Apre destriksyon Tanp Jerizalèm nan Jwif yo t ap chèche òganize tèt yo yon lòt fwa ankò anba direksyon Farizyen yo ki rive deside mete tout Jwif ki te kwè nan Jezi, epi ki te manm kominote kretyen yo, deyò sinagòg yo.

Matye prezante Jezi kòm Moyiz tounèf ki bay pèp li a yon Lalwa tounèf. Jezi se Kris toutbon vre a, Sila Liv yo te anonse a, li se eritye David, li se Wa tounèf la, yon wa ki pòv, epi ki san pouvwa, dapre sa Zakari te anonse (Zak 9,9). Epitou, se yon Kris ki pou tout moun sou latè beni.

Matye te rapòte plis pawòl Jezi te di pase lòt evanjelis yo. Li rakonte mirak Jezi yo tou kout. Pou Matye, Douz Apot yo reprezante kominote kretyen toutantye. Tout moun dwe antre nan kominote tounèf sa a.

***Men chapant Levanjil Matye a :***

*Premye koze* : Zansèt Jezi yo ak lè Li fèt: (Matye 1–2) Jezi se Emanyèl.

*Premye pati* : Kòmansman Peyi Wa ki nan Syèl la (Matye 3–7) Matye pale sou Peyi Wa ki nan Syèl la olye Peyi kote Bondye Wa a, paske Jwif yo pa dwe repete non Bondye konsa konsa.

*Dezyèm pati* : Peyi Wa ki nan Syèl la gen fòs (Matye 8–10).

–Jezi montre fòs Gouvènman Bondye a ni nan mirak li fè, ni nan fason li padonnen peche, ni nan fason li chase move lespri yo.

*Twazyèm pati* : Peyi Wa ki nan Syèl la se yon bagay sekrè (Matye 11–13).

–Ak parabòl yo Jezi montre nou Peyi Wa ki nan Syèl la se yon mèvèy nou pa kapab konprann. Se Bondye menm ki fè nou konnen 1.

*Katryèm pati* : Egzijans Peyi Wa ki nan Syèl la (Matye 14–20).

–Se yon katechèz pou kominote kretyen yo. Se nan feblès li, kominote kretyen an dwe jwenn fòs Bondye. Se Apot Pyè ki alatèt kominote sa a.

*Senkyèm pati* : Peyi Wa ki nan Syèl la ap rive (Matye 21–25).

*Dènye Koze a* : Libète ak renmen Jezi te fè Peyi Wa ki nan Syèl la boujonnen sou tè a (Matye 26–28) : Matye prezante Legliz la, Jezi ki mouri, Jezi ki leve byen vivan, ak misyon Jezi pou tout tè a. E Legliz la se siy Wayòm Syèl la.

**Liv zansèt Jezi**

Lk 3,23-38

**1** <sup>Lk 3, 23-38</sup> <sup>1,34; 2,4; Jen</sup> Men liv zansèt Jezi Kri yo, pitit David, pitit Abraram:  
<sup>38,29; Rit 4,13</sup> <sup>2</sup> Abraram te fè Izarak, Izarak menm te fè Jakòb. Jakòb te fè Jida ak frè li yo.  
<sup>1,34; 2,4; Jen</sup> <sup>3</sup> Jida te fè Farès epi Zara. Li te fè yo ak Tama. Farès te fè Eswòm. Eswòm te fè Aram.  
<sup>Rit 4,13</sup> <sup>4</sup> Aram te fè Aminadab. Aminadab te fè Narason. Narason te fè Salmòn.  
<sup>5</sup> Salmòn te fè Bòz. Li te fè li ak Rarab. Bòz te fè Jobèd. Li te fè l ak Rit. Jobèd te fè Jese.  
<sup>2Sam 12,24</sup> <sup>6</sup> Jese te fè wa David. David te fè Salomon. Li te fè li ak madanm Ouri a.  
<sup>7</sup> Salomon te fè Woboram. Woboram te fè Abiya. Abiya te fè Azaf.  
<sup>8</sup> Azaf te fè Jozafa. Jozafa te fè Joram. Joram te fè Ozyas.  
<sup>9</sup> Ozyas te fè Joratam. Joratam te fè Akaz. Akaz te fè Ezekyas.  
<sup>10</sup> Ezekyas te fè Manase. Manase te fè Amòs. Amòs te fè Jozyas.  
<sup>2Wa 36,12; 36,9; 36,20</sup> <sup>11</sup> Jozyas te fè Jekonyas, epi frè li yo. Se te nan tan egzil Babilòn nan.

**Premye koze : Zansèt Jezi ak lè li fèt (Matye 1-2)**

**1,1** : «Jezi Kri..., pitit David, pitit Abraram» : Matye anonsé Jezi se eritye tout pwomès Bondye te fè. Jezi se pitit pitit Abraram, papa tout moun ki kwè. Bondye te pwomèt li pral fè tout nasyon vin fè your ak pèp li a. Pwofèt yo te anonsé Bondye gen pou li voye yon wa tankou David. Jezi se pitit pitit David tou, epi li te gen pou li tounen Sovè Bondye te pwomèt Izrayèl la.

Liv non zansèt yo : Anpil liv nan Bib la vle montre kouman evènman ak moun yo site non yo anrasinen nan listwa, paske tout Bib la rale fòs li nan kontinye listwa ap kontinye, epi nan Bondye ki pa janm manke respekte pwomès li te fè.

Lis sa a gen 42 non. Yo ranje nan twa seri 14 (yon chif senbolik). Yo pa jwenn non tout zansèt yo ladan.

Nou jwenn premye seri non nan Rit 4,18. Dezyèm seri a se seri wa pitit David yo, yo pale sou yo nan liv Wa yo. Bib la pa di anyen sou pitit Zowobabèl yo (Ezd 3-4). Listwa Jezi anrasinen nan listwa pèp Izrayèl ak nan listwa limanite tou.

**1,3.5.6** : *Tama, Bètsabe (madanm Ouri a), Rarab ak Rit.* Nan mitan zansèt Jezi yo, Matye mete non kat fi: *Tama, Bètsabe, Rarab ak Rit.*

<sup>12</sup> Apre egzil Babilòn nan, Jekonyas te fè Salatyèl, Salatyèl te fè Zowobabèl.

<sup>13</sup> Zowobabèl te fè Abyoud. Abyoud te fè Elyakim. Elyakim te fè Azò.

<sup>14</sup> Azò te fè Sadòk. Sadòk te fè Akim. Akim te fè Eliyoud.

<sup>15</sup> Eliyoud te fè Eleyaza. Eleyaza te fè Matan. Matan te fè Jakòb.

<sup>16</sup> Jakòb te fè Jozèf, mesye marye Mari. Se Mari ki te anfante Jezi, Sila a yo rele Kris la.

<sup>17</sup> Konsa, tout jenerasyon zansèt yo, depi Abraram rive sou David, sa fè katòz jenerasyon. Pran sou David rive sou tan egzil Babilòn nan, sa fè katòz jenerasyon. Pran sou tan egzil Babilòn nan rive sou Kris la, sa fè katòz jenerasyon.

**Jan Jezi te fèt**

Lk 2,1-7

<sup>18</sup> Men kijan Jezi li menm te vin fèt. Manman li, Mari, te fiyanse ak Jozèf. Anvan yo te abite ansanm, li vin an-sent pa pouwva Lespri Sen an. <sup>19</sup> Jozèf, mari li, ki te yon moun kòrèk e ki pa t vle denonse li, te deside ranvwaye l

<sup>Lk 1,27; Mt 2,5; 2,11</sup>

Yon Jwif (Tama) ak twa etranje. Tama te yon fi ki te fè pitit ak bòpè l. Pou sa, li te sèvi ak riz (Jenèz 38,1s). Bètsabe te yon fi ki te fè peche ak David (2 Samyèl 11,1s). Rarab te yon jennès lavil Jeriko (Jozye 2,2). Rit te yon etranje ki te sòti peyi Moab (Rit 1,4). Jezi pran rasin nan ras moun ki pote ni mak peche a, ni mak lespwa tou. Sovè a se flè ak fwi pèp Bondye chwazi a, epi an menm tan li se flè ak fwi tè nou an (Izayi 45,8).

Nou jwenn lòt lis zansèt Jezi yo nan Lik 3,23. Li dekri solidarite Jezi ak ras moun sou tè a.

**1,16** : Jozèf te sèlman papa adoptif Jezi, men sa pral ase pou yo konsidere Jezi kòm pitit David menm jan ak Jozèf.

**1,18** : *Jan Jezi li menm te vin fèt* : Jozèf se youn nan pòv Bondye yo ki tap tann Bondye reyalize tout pwomès li te fè yo. Jezi se eritye lejitim David grasa Jozèf, epi an menm tan li se Pitit Bondye. Bondye te fè l ak konkou Lespri Sen an ak yon fi vyèj.

**1,19** : *Jozèf ... te deside ranvwaye l ankachèt* : Jozèf te yon Jwif san riz. Li te swiv Lalwa Moyiz ak tout kè l. Se Lalwa ki te mande pou li ranvwaye Mari ki ansent.

**1,20** : *Yon zanj Granmèt la...* Plizyè fwa nan Bib la, Zanj Bondye vle di Bondye menm. Zanj

ankachèt. <sup>20</sup>Pandan li t ap kalkile kon-sa, yon zanj Granmèt la parèt devan li nan yon sonj, li di l: «Jozèf, pitit David, ou pa bezwen pè pran Mari, madamn ou, lakay ou. Sa ki fêt nan li a se nan Lespri Sen an li sòti. <sup>21</sup>L ap fè yon pitit gason, ou va rele non l Jezi. Paske se li menm ki pral sove pèp li a anba peche li yo. <sup>22</sup>Tou sa rive pou Pawòl Granmèt la te mete nan bouch pwofèt la te kapab rive:

<sup>1,25;  
Lk  
1,31;  
T Ap  
3,16;  
4,12  
Iz 7,14</sup> *23 Men fi ki vyèj la ap vin ansent, l ap fè yon pitit gason. Yo va rele non l Emanyèl. Sa vle di: Bondye avè nou.*

<sup>1,31;  
2,21</sup> *24 Lè Jozèf reveye nan dòmi, li fè jan zanj Granmèt la te passe l lòd la. Li pran madamn li lakay li. <sup>25</sup>Li pa t an kontak ak li, jistan li anfante yon pitit gason. Li rele non l Jezi.*

### Maj yo vin wè Jezi

<sup>Res  
24,17</sup> **2** *1 Lè Jezi te fêt nan Betleyèm, nan peyi Jide, sou reny wa Ewòd, maj yo sòti nan direksyon kote solèy leve, rive Jerizalèm. <sup>2</sup>Yo mande: «Kote wa Jwif yo ki fêt la? Nou wè zetwal li kote solèy leve a, nou vin adore l.» <sup>3</sup>Lè wa Ewòd tandé sa, li boulvèse ansanm ak tout Jerizalèm. <sup>4</sup>Li konvoke tout chèf*

lan parèt pou montre Jozèf wòl li genyen nan plan Bondye a.

**1,21:** *Ou va rele non l Jezi ...Sa vle di Jozèf dwe resevwa Jezi tankou pitit li. «Jezi» se fòm kreyòl Jeshua, yon non ki vle di Yave Sovè.*

**1,23:** *Yo va rele non l Emanyèl... Matye pale sou yon pwofesi Izayi (Izayi 7,14) pou li bay garanti Jezi an menm tan se eritye David, epi prezans Bondye sou tè a. Emanyèl, Bondye-ak-nou. Se yon fason pou fè sonje mèvèy sekrè ki antoure pèsonalite Jezi. Jezi ki pitit Mari, se sèl gress Ptit Bondye Papa a tou.*

**2,1-12:** *Maj yo vin wè Jezi... maj se moun save k ap etidyé zetwal yo, ki t ap chèche dekouvrir evènman nan mouvman zetwal yo. Listwa sa a sanble anpil ak listwa Moyiz. Matye sévi ak li pou montre kouman Jezi viv, jan pa l, sa pèp Izayèl la te déjà viv. Se la plizyé referans biblik sa yo sòti, kote chak fwa yo fè konnen: «Se konsa pou sa te fêt.» Se yon relecti tèks biblik yo. Relecti se yon mo teknik pou nou di: n ap li Bib la yon lòt jan, pou nou tire yon lòt*

prèt yo, ak tout pwofesè Lalwa pèp la, li chèche konnen nan men yo ki kote Kris la te gen pou l te fêt. <sup>5</sup>Yo di li: <sup>Jn 7,42</sup> «Nan Betleyèm, nan peyi Jide, dapre sa pwofèt la te ekri:

<sup>6</sup> *Kanta ou menm Betleyèm, nan peyi Jide, se pa ou menm ki pi piti nan tout vil Jide yo, paske gen yon chèf ki pral sòti lakay ou. Se li menm ki pral kondi pèp mwen an, Izrayèl.* <sup>Mi 5,1;  
2Sam  
5,2</sup>

<sup>7</sup> Apre sa, Ewòd rele maj yo anka-chèt. Li chèche konnen nan men yo ki dat egzat zetwal la te parèt. <sup>8</sup>Li voye yo Betleyèm. Li di: «Al pran bon ran-sèyman andetay sou pitit la. Lè nou va jwenn li, n a vin di m, konsa mwen menm tou, mwen va ale adore li. <sup>9</sup>Lè yo fin tandé pawòl wa a, yo pati. Vwala zetwal yo te wè a, nan direksyon kote solèy leve a, t ap mache devan yo, jis li vin rete anlè kote ti pitit la te ye a. <sup>10</sup>Lè yo wè zetwal la, yo vin kontan anpil anpil. <sup>11</sup>Yo antre anndan kay la. Yo wè ti pitit la ansanm ak Mari, manman li. Yo tonbe plat atè pou yo adore l. Yo louvri bwat trezò yo pou yo fè l kado: lò, lansan ak lami. <sup>12</sup>Apre sa, yo wè nan yon sonj, pou yo pa retounen bò kote wa Ewòd. Se

<sup>Lk  
2,16;  
Sòm  
72,10;  
Iz 60,  
1-6</sup>

<sup>2,22</sup>

limyè ankò. Premye Kontra a te pale sou pèp Izayèl la, epi an menm tan tou li te anone Jezi. Jezi pral viv sa pèp li a te viv: pelerinaj, chèche konnen, kè kontan, doulè, men ak li, tout bagay sa yo pral pran yon sans tounèf.

**2,1:** *Jezi te fêt nan Betleyèm, nan peyi Jide, sou reny wa Ewòd... Ewòd Legran te mouri lane 4 anvan Jezi Kri. Sa vle di Jezi te fêt anvan lane 1. Ewòd pale ak ipokrizi. Li santi Wa tounèf la menase pouvwa l (2,3-7).*

... maj sòti nan direksyon kote solèy leve... Maj yo reprezante lòt reliyon yo ki pa reliyon Jwif la, konsa chèf pèp Jwif la pa resevwa nouvèl Jezi fêt, Bondye pataje l ak kèk zanmi l ki pa nan pèp li a. Konsa yo vle fè nou konnen: Jezi se Sovè tout moun, pa sèlman Jwif, pa sèlman moun ras blanch, pa sèlman moun ki nan peyi Izayèl la.

**2,9:** *Zetwal yo te wè a ...t ap mache devan yo... Zetwal sa a se pòtre Wa ki fèk fêt la (Resans-man 24,17). Menm pèp ki pa t ap tan delivrans lan rive wè li.*

konsa, yo pran yon lòt wout pou yo retounen lakay yo.

### Jozèf ak Mari pran egzil ak Jezi nan peyi Lejip

<sup>1,20;</sup> <sup>2,19</sup> <sup>Oze 11,1</sup> <sup>13</sup> Lè yo fin pati, men yon zanj Granmèt la parèt devan Jozèf nan yon sonj. Li di: «Leve, pran ptit la ansanm ak manman l, kouri al nan peyi Lejip. Ou va rete laba a jistan mwen va di w, paske Ewòd pral chèche ptit la, pou li touye l.» <sup>14</sup> Li leve, li pran ptit la ansanm ak manman l lannwit lan, li pati nan peyi Lejip. <sup>15</sup> Li rete laba a jistan Ewòd mouri, pou Pawòl Granmèt la te mete nan bouch pwofèt la te kapab rive:

«Mwen rele ptit mwen an sòti nan peyi Lejip.»

### Ewòd masakre timoun inosan yo

<sup>16</sup> Lè Ewòd wè kijan maj yo te woule l, li fache anpil. Li bay lòd pou yo touye tout timoun ki nan Betleyèm ak tout ozalantou, a pati laj de zan rive pi ba, dapre tan li te kalkile pou sa maj yo te

**2,13 :** Kouri ale nan peyi Lejip... Jezi gen pou li viv nan egzil, ak nan mizè menm jan ak zansèt li yo. Pèsekisyon an kòmanse depi li fèt, li ap kontinye jistan li mouri. Jezi ti bebe te dwe ale nan peyi Lejip pou li sove lavi l, paske Ewòd Legran te bay sòlda yo lòd pou yo chèche l epi touye l. Menm jan Bondye te sove lavi Moyiz ti bebe pandan masak farawon te bay lòd fè a, kounye a Bondye sove lavi Jezi ti bebe. Epitou Jezi te fè menm chemen ansyen pèp la te fè a.

**2,16 :** Ewòd fache anpil... Ewòd Legran aji menm jan ak lòt chèf nan tout epòk ki montre yo renmen pouvwa plis pase pèp la. Men, lènmi Levanjil yo, menmsi yo fè san inosan koule, yo pa kapab ni toufe Peyi kote Bondye Wa a, ni kontrarye plan Bondye a.

—Li bay lòd pou yo touye tout timoun... Matye te prezante Ewòd kòm yon nouvo farawòn ki vle detwi pèp la, lè li fè touye ti gason ki fèk fèt yo. Matye denonse Palestin, kote Ewòd te wa, kòm yon peyi maspinay.

Timoun yo te masakre nan plas Jezi yo, fè nou sonje tout timoun yo masakre divès fason nan sosyete a.

**2,21-23 :** Jozèf pran ptit la ansanm ak manman l, li tounen nan peyi Izrayèl... Se konsa Matye fini listwa sa a ki tankou premye koze pou Levanjil li a. Galile te rezante pou Jwif yo yon

di a. <sup>17</sup> Lè sa atò, pawòl pwofèt Jeremi te di a rive:

<sup>18</sup> Yo te tande yon vwa nan Rama. Li t ap kriye, li t ap rele anpil. <sup>Jer 31,15</sup>

Se Rachèl ki t ap kriye pou ptit li yo.

Li pa t vle yo konsole l, paske yo pa la ankò.

### Yo retounen sòti Lejip vini Nazarèt

<sup>19</sup> Lè Ewòd mouri, gen yon zanj Granmèt la ki parèt nan yon sonj devan Jozèf, nan peyi Lejip. <sup>20</sup> Li di: «Leve, pran ptit la ansanm ak manman l. Al nan peyi Izrayèl. Sila yo, ki t ap chèche wete lavi ptit la, yo mouri.» <sup>21</sup> Leve li leve, li pran ptit la ansanm ak manman l, li tounen nan peyi Izrayèl. <sup>22</sup> Men, lè li tande se Akelais ki te wa nan Jide nan plas Ewòd papa l, li te pè ale nan zòn nan. Li te jwenn avètisman nan sonj. Li pran wout pou zòn Galile.

<sup>23</sup> Lè li rive, l al abite nan yon vil yo rele Nazarèt. Konsa Pawòl pwofèt yo rive vre.

Yo va rele l «Moun Nazarèt la.»

<sup>4,19</sup>

<sup>Iz 11,1; 53,2; Jij 13,5; LK 2,39; T Ap 2,22</sup>

Pwovens san mele, yo te meprize l anpil. Jezi pral rete plis pase 30 lane nan ti bouk sa a kote yo fè elevasyon li. Se la tou li vin tounen yon bòs chapant (Mak 6,3).

**2,21 :** Yo va rele l «Moun Nazarèt la»: Matye jwe ak mo sa a, ki fè nou sonje an menm tan Nezer, sa vle di yon ti kreyòl ki sòti nan chouk yon pyebwa (Izayi 11,1), ak Nazir (Resansman 6), gwoop yo mete apa pou Bondye. Yo pa t nan bwè diven, menm fason ak Janbatis.

Anpil moun ap mande kisa Jezi te fè nan Galile anvan li te kòmanse misyon l. Anvan tout bagay fòk nou sonje, Levanjil la pa listwa lavi Jezi Kri, depi li fèt jis li mouri. Levanjil la vle sèlman kominike nou evènman ki pi cho yo ak pawòl Jezi te sèvi pou li transmèt moun mesaj li a. Levanjil yo kòmanse ak batèm Jan ki prepare chemen Jezi, jan nou wè l nan Mak (Mak 1,1) ak Jan (Jan 1,19). Matye ak Lik mete kichòy sou lè Jezi te pití pou ede nou konprann mesaj li a ak ki moun li ye toutbon vre.

Lane li pase Nazarèt yo se pa tan li pèdi. Jezi aprann konnen kilti pèp li a ak listwa l, li fè espèryans travay ak men li, li fè espèryans relasyon moun ak moun, soufrans, enjistis, pèsekisyón, moun sosyete a voye jete... Tout bagay sa yo Jezi te fèt pou konnen yo, pou pawòl li yo te kadre ak laverite nou jwenn ladan yo jouk jounen jodi a.

**Prèch Janbatis la**

Mk 1, 1-8; Lk 3, 1-9.15-17; Jn 1, 15.19-27

Lk 3,  
1-8;  
1-18;  
Jn 1,19

Mk  
1,15

Iz  
40,3

**3** <sup>1</sup>Nan jou sa yo, Janbatis parèt. Li t ap preche nan dezè Jide a. <sup>2</sup>Li di: « Chanje kè nou. Peyi Wa ki nan syèl la pre rive. <sup>3</sup>Sila a, reyèlman vre, se sou li menm yo t ap pale, lè pwofèt Izayi te di:

« Vwa moun k ap rele nan dezè a: Pare wout Granmèt la. Fè chemen l yo vin dwat.»

<sup>4</sup> Jan li menm, te gen rad li fèt ak po chamo, ak yon sentiwon kui mare nan ren l. Manje l se te krikèt ak siwo myèl bwa. <sup>5</sup>Lè sa a, Jerizalèm, tout peyi Jide mete ak tout zòn larivyè Jouden an, kouri vin jwenn li. <sup>6</sup>Moun yo te resevwa batèm nan men l nan larivyè Jouden an, antan yo t ap deklare peche yo. <sup>7</sup>Lè Jan wè anpil Farizyen ak Sadiseyen t ap vin resevwa batèm li an, li di yo: « Ras sèpan, kilès ki ba nou lide pou nou sove kò nou devan kòlè k ap vini an? <sup>8</sup>Se pou nou donnen fwi ki montre chanjman nan kè nou. <sup>9</sup>Pa kontante n ap di anndan kè nou: « Nou gen Abram pou papa, » paske mwen di nou: Bondye kapab fè ptit sòti nan wòch sa yo pou Abraram. <sup>10</sup>Rach la déjà poze nan rasin pyebwa yo. Konsa tout pyebwa ki pa bay bon fwi, yo va koupe l, yo va jete l nan dife. <sup>11</sup>Mwen menm, m ap batize nou nan dlo pou kè nou

Lk 13,7;  
Jn 15,6

Mk 6,17;  
Jn 1,26;

T Ap 1,5;

**Premye pati : Kòmansman Wayòm  
Syèl la (Mt 3-7)**

**3,1**: Matye konpare Jezi ak Janbatis, batèm Jan ak batèm Jezi.

**3,13**: Lè sa a Jezi sòti Galile, li rive bò larivyè Jouden an... Lè Jezi al jwenn moun ki ta pral resevwa batèm Jan yo, li fè yon sèl ak pèp li a, ki t al tande yon mesaj kase tèt tounen vin jwenn Bondye. Batèm Jezi a montre, yon bò, relasyon li ak Bondye Papa a epi Lespri a, yon lòt bò, angajman li pou pèp li a.

**3,15**: Kite sa fèt konsa kounye a, paske se konsa li pi bon pou nou pou tou sa ki kòrèk rive. Sa vle di, plan delivrans Bondye a tabli. Pou Jezi se yon bon okazyon pou li viv yon gwo esperyans lafwa ki fè nou sonje esperyans gran pwofèt yo. Nan sa vwa a di a, Jezi resevwa misyon li: sé li menm Pitit Papa a ki Sovè a. (Sòm 2 ; Izayi 42,1).

chanje. Sila k ap vini apre mwen an, li pi fò pase m. Mwen pa merite pou mwen ta pote sapat li. Li menm l ap batize nou nan Lespri Sen ak nan dife.

<sup>12</sup>Layo a nan men l, l ap netwaye glasi l, l ap ranmase ble li nan depo. Kanta pay yo, l ap boule yo nan dife ki p ap tenyen an.

11,16;  
13,24;  
19,4;  
Mt 11,3;  
Jn 1,15;  
1,33

Iz  
41,16

**Batèm Jezi**

Mk 1,9-11; Lk 3,21-22

Mk 1,  
9-19;  
Lk 3,  
21-22;  
Jn 1,29

<sup>13</sup>Lè sa a, Jezi sòti Galile, li rive bò larivyè Jouden an. Li vin jwenn Jan pou li fè I batize l. <sup>14</sup>Jan menm t ap chèche anpeche l. Li di l: « Se mwen menm ki bezwen pou w batize m, epi, se ou menm ki vin bò kote m? » <sup>15</sup>Jezi reponn, li di l: « Kite sa fèt konsa kounye a, paske se konsa li bon pou tou sa ki kòrèk rive. » Lè sa a, li aksepte l.

<sup>16</sup>Lè Jezi menm fin resevwa batèm, touswit li monte sòti nan dlo a. Epi menm lè a, syèl la louvri. Li wè Lespri Bondye k ap desann tankou yon pijon vin sou li. <sup>17</sup>Gen yon vwa nan syèl la ki t ap di: « Sila a, se Pitit mwen an, mwen renmen an. Mwen jwenn kè kontan mwen nan li. »

Iz 42,1;  
Mt  
12,18;  
17,5

**Tantasyon nan dezè a**

Mk 1,12-13; Lk 4,1-13

Mk 1,  
12-13;  
Lk 4,  
1-13

**4** <sup>1</sup>Lè sa a, Lespri a kondi Jezi nan dezè a, pou dyab la seye l. <sup>2</sup>Apre li fin pase karant jou ak karant nwit san

Eb 2,18;  
4,15

**4** : Jezi se Pitit Bondye, li konsakre kòm Wa, Pwofèt ak Sovè. Men, kouman li pral fè sa ? Jezi pa t knownen tout bagay sa yo davans. Piti piti li pral wè misyon l pi klè. Nou jwenn prèv la nan dewoulman lavi Jezi: lènmi l yo pral mande l prèv, pral mande l mirak, epi menm pwòp patizan l yo p ap konprann pwojè li a.

**4,2** : Apre li fin pase karant jou ak karant nwit san manje, li vin grangou... Chif 40 lan se yon chif ki montre preparasyon pou yon royalite tou-nèf pou pèp la (Egz 24,18 ; 1Wa 19,8). Matye prezante Jezi tankou yon Moyiz tounéf k ap pote delivrans pou Pèp Bondye a. Sa reprezante deplasman pèp la ki pase karant lane nan dezè a. Nan yon moman Jezi wè misyon li aklè nèt, Satan eseye pran tèt li, pou li pa fè misyon li jan Bondye mande li a.

<sup>27,40</sup> manje, li vin grangou. <sup>3</sup>Nèg antravan an pwoche, li di l: «Si w se ptit Bondye, di wòch sa yo tounen pen.» <sup>4</sup>Li reponn, li di l: «Men sa ki ekri:

*Se pa ak pen sèlman moun viv, men ak tout pawòl ki sòti nan bouch Bondye.*

<sup>lz 52,1</sup> <sup>5</sup>Lè sa a, dyab la ale avè l nan vil ki sen an, li mete l kanpe sou tèt Tanpan lan. <sup>6</sup>Li di l: «Si w se ptit Bondye, jete kò w anba, paske men sa ki ekri:

*L ap bay zanj li yo lòd pou ou. Epi y ap pote w nan men yo, pou w pa kase pye w sou okenn wòch.*

<sup>Dtw 6,16; 1Kor 10,9</sup> <sup>7</sup>Jezi di l: «Men sa ki ekri tou: Ou p ap seye Bondye Granmèt ou.» <sup>8</sup>Apre sa ankò, dyab la ale avè l sou yon mòn ki wo anpil. Li montre l tout peyi wa ki sou tè a ak tout richès yo. <sup>9</sup>Li di l: «Tout bagay sa yo, m ap ba w yo, si w tonbe plat atè pou w adore mwen.»

<sup>Dtw 6,13</sup> <sup>10</sup>Lè sa a, Jezi di l: «Al fè wout ou Satan! Paske men sa ki ekri:

*Se Granmèt Bondye w la pou w adore. Se li menm sèl pou w sèvi.*

<sup>11</sup>Lè sa a atò, dyab la kite l. Menm lè a, zanj yo pwoche. Yo sèvi l.

### Jezi tounen Galile

*Mk 1,14-15; Lk 4,14-16*

<sup>Mk 1, 14-15; Lk 4,14</sup> <sup>12</sup>Lè Jezi tande yo te mete Jan nan prizon, li rale kò l nan zòn Galile. <sup>13</sup>Li kite Nazarèt, li vin rete Kafanawòm, bò lanmè a, sou fwontyè Zabilon ak Nèftali <sup>14</sup>pou pawòl pwofèt Izayi a te kapab

**4,3:** Nèg antravan an pwoche... Levanjil la prezante nou twoke kòn Jezi ak Satan an, (Satan vle di sila a ki chèche antrave moun), kòm yon diskisyon ak Farizyen yo ki te chita sou Liv yo, pou fè nou santi ata Liv yo kapab kondi nou nan erè, si nou pa chèche sèvi Bondye toutbon vre. Epitou li montre nou gwo difikilte Jezi ansanm ak patizan l yo te genyen ak Farizyen yo.

**4,4-10:** Twa tantasyon yo fè nou sonje tantasyon pèp Izaryèl la nan dezè a (Egzòd 16,2 ; Egzòd 17,1 ; Egzòd 32). Nan repons Jezi bay Satan, nou jwenn twa vèsè Detewonòm. Obeyisans san fay Pitit la se lekontrè dezobeyisans pèp la. Jezi ranpòte viktwa nan batay sa a. Apre li, Legliz la tou pral gen pou li goumen kont tantasyon sa yo.

rive : <sup>15</sup> « *Tè Zabilon, tè Nèftali, wout lan-* <sup>Iz 8,23</sup>  
*mè a, lòt bò larivyè Joudan an, Galile* <sup>-9,1</sup>  
*pèp etranje yo, <sup>16</sup>pèp la ki chita nan* <sup>Lk 1,79</sup>  
*fènwa a wè yon gwo limyè. Gen yon*  
*limyè ki leve sou moun k ap viv nan*  
*peyi lonbray lanmò a.* »

<sup>17</sup> Depi lè sa a, Jezi kòmanse preche. Li t ap di: « Chanje kè nou. Peyi Wa ki nan syèl la pre rive. »

### Jezi rele premye patizan li yo

*Mk 1,16-20; Lk 5,1-11*

<sup>18</sup> Antan Jezi t ap mache bò lanmè Galile, li wè de frè, Simon, sila yo rele Pyè a, ak frè li a, Andre. Yo t ap voye senn nan lanmè. Se pechè pwason yo te ye. <sup>19</sup> Li di yo: « Vin mache deyè m. M ap fè n al peche moun. » <sup>20</sup> Yo menm, touswit, yo kite senn yo. Yo swiv li.

<sup>21</sup> Li vanse pi lwen, li wè de lòt frè, <sup>13,47</sup> Jak ptit Zebede a ak frè li a, Jan. Yo te nan kannòt yo, ansanm ak Zebede, papa yo. Yo t ap ranje senn yo. Li rele yo. <sup>22</sup> Yo menm, touswit, yo kite ni kannòt yo, ni papa yo. Yo swiv li.

### Jezi ap montre anpil bagay e

#### 1 ap geri moun ki malad

*Mk 1,39; 3,7-8; Lk 4,14-15; 6,17-18*

<sup>23</sup> Apre sa, li fè wonn tout Galile. Li t ap montre anpil bagay nan sinagòg yo. Li t ap preche Bon Nouvèl Peyi Wa a. Epi li t ap geri tout kalite maladi ak tout kalite feblès nan pèp la. <sup>24</sup> Renonmen l rive jis nan tout peyi Siri. Yo mennen tout moun ki malad ak tout

<sup>Mk 1,39; 3,7-8; Lk 4,14-15; 6,17-18; M19,35; 12,15; 14,35; Mk 3, 7-8; 6,54</sup>

**4,11:** Zanj yo pwoche... Lè Jezi fin repouse tout kalite tantasyon sa yo, li antre nan yon relasyon zanmitaj sere ak Bondye.

**4,17:** Chanje kè nou. Peyi Wa ki nan syèl la pre rive : Jezi kòmanse misyon li a. Li mande pou moun yo chanje kè yo, sa vle di yo dwe reflechi ak aji yon lòt jan. Reny Syèl la... Matye pale sou Peyi Wa ki nan Syèl la pase li pale sou Peyi kote Bondye Wa a, paske Jwif yo pa t pwononse Non Bondye, paske Non Bondye te sakre anpil, pou-tèt sa yo te pran abitid di « Syèl la ». Peyi Wa ki nan Syèl la se menm Peyi kote Bondye Wa a. Jezi vini pou li tabli Gouvènman Papa li pami nou. Konsa, depi kounye a gouvènman Papa a sou tè a.

kalite maladi ba li, moun ki toumante, moun demon kenbe, moun ki gen mal-kadi, moun ki paralize. Li geri yo. <sup>25</sup> Yon gwo foul moun, ki te sòti Galile, Dekapòl, Jerizalèm, Jide, ak lòt bò larivyè Jouden an, t ap swiv li.

Mk 3,7

**Gwo chans lavi a**

Lk 6,20-23

Lk 6,  
17-23;  
Mk 3,13;  
Lk 9,1

**5** <sup>1</sup>Lè li wè foul moun yo, li monte nan mòn nan. Kou li chita, patizan li yo pwoche kote l. <sup>2</sup>Li louvri bouch li. Li kòmanse montre yo anpil bagay. Li di : <sup>3</sup> Ala chans pou moun ki pòv nan kè yo, paske Peyi Wa ki nan syèl la se pou yo. <sup>4</sup> Ala chans pou moun k ap kriye,

**5,1 :** Jezi monte nan mòn nan... Matye pale sou mòn pou fè nou sonje mòn Sinayi a, kote Moyiz te resevwa kòmandman yo (Egzòd 19). Se poutèt sa nan premye pawòl Jezi yo, nou wè l tankou yon Moyiz tounèf, ki bay pèp li a yon Lalwa tounèf, Lalwa Peyi kote Bondye Wa a (Chapit 5–7).

**5,3 :** Ala chans pou moun yo : Jezi chwazi yon pèp Bondye tounèf, ki resevwa Lalwa tounèf la. Se pa pèp douz branch fammi yo ankò ak tè pa yo, lang yo, fwontyè yo, anbisyon yo. Kounye a se yon pèp Bondye pral chèche pamì tout nasyon. Se tout pèp ki sou tè a.

La a Matye prezante nou 8 «Se chans pou moun yo»... men nan Lik (6,20-26) pa gen plis pase kat (Moun ki pòv yo, moun ki grangou yo, sa k ap kriye yo, ak sila yo moun voye jete yo). An reyalite ni Lik, ni Matye devlope yon sèl mesaj : Gwo chans lavi a se yon Lalwa tounèf pou yon pèp Bondye tounèf.

Chans lan se nan Bondye li sòti, se li ki ba yo Peyi kote Bondye Wa a.

**5,3 :** Ala chans pou moun yo ki pòv nan kè yo : Pòv nan kè yo vle di moun ki pa mete sans lavi nan lajan, men ki mete tout konfyans yo nan Bondye. Anpil fwa nou tande moun di Matye pa pale sou sitiyasyon moun ki pòv ki pa gen byen tè a, men li pale sou sitiyasyon moun ki pòv nan kè yo. Isit la se pov nan kè, men gen lòt kote li montre nou kijan byen tè a kapab enpoze moun tounen patizan Kris la (Mt 19,21-24).

—Paske Peyi Wa ki nan syèl la se pou yo : Se pa rezulta afè pòv la, men se yon kado espesyal Bondye fè yo. Peyi Wa ki nan Syèl la kòmanse isit la, pou moun ki pran lavi a jan sa a, men l ap fin bout nan finisman tan yo.

**5,4 :** Ala chans pou moun k ap kriye, paske yo va jwenn konsolasyon : Jezi vle pou kreyen yo mete yon kominate sou pye kote tout moun jwenn jissitis ak renmen. Nan yon kominate konsa Bondye la tankou Wa, pa gen ni maspinay, ni kriye.

paske yo va jwenn konsolasyon.

**5** Ala chans pou moun ki dou,

Sòm  
37,11

paske se yo menm ki va eritye tè a.

Iz 51,1;  
Ekltk  
24,21

**6** Ala chans pou moun ki grangou, ki swaf sa ki kòrèk,

paske yo va jwenn tout sa yo anvi a.

18,33;  
Jk 2,13

**7** Ala chans pou moun ki gen kè sansib,

paske yo va jwenn kè sansib.

24,4;  
33,20

**8** Ala chans pou moun ki gen kè pwòp,

paske yo va wè Bondye.

**9** Ala chans pou moun k ap travay pou moun gen kè poze,

paske yo va rele yo pitit Bondye.

Eb 12,4;  
Jk 3,18;  
1Pye  
3,14

**10** Ala chans pou moun k ap soufri

pèsekisyon poutèt sa ki kòrèk,

paske Peyi Wa ki nan syèl la se pou yo.

**5,5 :** Ala chans pou moun ki dou, paske se yo menm ki va eritye tè a (Sòm 37; Mt 11,28-30). Se menm moun pòv yo, men ki viv ak yon kè senp, nan pasyans, ki pa fè vyolans, ki soumèt yo devan Bondye. Konsa rèv pèp Izrayèl la pou tout moun gen yon mòso tè kote pou yo travay, reyalize, paske lè sa a Bondye bay tè a lapè, Bondye preznan nan mitan pèp la.

**5,6 :** Ala chans pou moun ki grangou, ki swaf sa ki kòrèk, paske yo va jwenn tou sa yo anvi a : Lavi kòrèk la vle di fè volonte Bondye (Mt 7,21). Lè sa a egalite, libète tout moun bezwen pou li viv kòm moun, li jwenn yo.

**5,7 :** Ala chans pou moun yo ki gen kè sansib, paske yo va jwenn kè sansib : Moun ki gen kè sansib, se moun ki renmen padonnen, ki ede lòt (Mt 25,31-46). Sa a se kominate kreyen an. Yon kominate kè sansib kote youn padonnen lòt, kote youn ede lòt. Konsa, moun sa yo tou ap jwenn padon, y ap jwenn moun ede yo.

**5,8 :** Ala chans pou moun ki gen kè pwòp, paske yo va wè Bondye : Sa vle di moun ki gen yon kè san tach, yon kè fran, sensè, yon moun ki pa gen okenn move entansyon. Wè Bondye vle di y ap fè esperyans prezans Bondye depi kounye a nan lavi yo, anvan yo rive wè l toutbon vre (1Kor 13,12).

**5,9 :** Ala chans pou moun k ap travay pou lapè, paske yo va rele yo pitit Bondye : Travay pou lapè se menm ak travay pou jistis, pou lavi kòrèk, pou renmen. Peyi kote Bondye Wa a mande pou nou mete tou sa nou kapab an aktivite pou fè yon sosyete renmen boujonnen sou tè a.

**5,10 :** Ala chans pou moun k ap soufri pèsekisyon poutèt sa ki kòrèk, paske Peyi Wa ki nan Syèl la se pou yo : Nenpòt kote nou ye, nou pa fouti viv Levanjil la san sibi pèsekisyon. Epitou nou konnen, bò lane 85-90 (nan épòk Matye te ekri levanjil sa a) kominate kreyen yo t ap sibi pèsekisyon. Farizyen yo te konn mete yo deyò

Jk 1,2      <sup>11</sup> Ala chans pou nou, lè yo va pale  
nou mal, lè yo va pèsekite nou, lè yo  
va akize nou nan fè manti sou nou,  
poutèt mwen menm.

<sup>10,22;</sup> <sup>11,32;</sup> <sup>5,10</sup> <sup>1Pyé</sup> <sup>4,14;</sup> <sup>Eb</sup> <sup>Jk</sup> <sup>12Fè kè nou kontan, danse, paske  
rekonpans nou anpil nan syèl la. Se  
konsa reyèlman vre, yo te pèsekite  
pwofèt ki te anvan nou yo.</sup>

## **Nou se sèl ak limyè tè a**

*Mk 9,50; Lk 14,34-35*

Mk  
9:50;  
Lk 14:  
34-35;  
Lev  
2:13;  
Res  
18,19

<sup>13</sup> Nou se sèl tè a. Men si sèl la vin fad, ak kisa yo va sale !? Li pa vo anyen ankò, sòf pou yo jete l deyò, pou moun pile l.

<sup>14</sup> Nou se limyè tè a. Yon vil ki chita sou tèt yon mòn pa kapab kache. <sup>15</sup> Yo pa limen lanp pou yo mete l'anba mamit, men sou etajè, konsa li klere pou tout moun ki nan kay la. <sup>16</sup> Se konsa tou, pou limyè nou klere devan moun, pou yo wè bon zèv nou yo. Epi pou yo fè konpliman pou Papa nou ki nan syèl la.

## Sa Jezi di sou Lalwa a

Lk 16,17

<sup>Wm  
3,31;  
10,4</sup> <sup>17</sup>Pa mete nan tèt nou mwen vini pou mwen kraze Lalwa a oswa Pwofèt yo. Mwen pa vini pou mwen kraze,

nan sinagòg yo akòz yo di yo kreyen, epi yo te denonse yo devan otorite women yo. Jezi menm te pwomèt Bondye l ap kanpe ak yo (Mt 10,21-31).

**5.13-14:** *Nou se sèl tè a. Nou se limyè tè a :*  
Se konsekans gwo chans yo, moun ki viv konsa,  
se yo ki sèl ak limyè tè a. Se yo ki pou ede lòt  
moun jwenn sans lavi a, ki pou klere chemen yo.  
Sa se misyon patizan Jezi Kri yo.

-Yon vil ki chita sou tèt yon mòn... : Jerizalèm, vil sakre a, te batí sou tèt mòn Siyon an. Kounye a se kominote Jezi a ki Lavil tounèf kote Bondye rete a.

**5,17:** Pa mete nan tèt nou mwen vini pou m kraze Lalwa... Misyon Jezi te genyen an se pa t detwi Ansyen Kontra a ki anonse Peyi kote Bondye Wa a. Jezi reyalize tou sa li te di sou Peyi kote Bondye Wa a. Men kretyen kominate Matye yo te bezwen kontinye swiv Lalwa Moyiz la, paske se Jwif yo te ye. Ti pa ti pa kretyen yo pral rive kite reliyion Jwif la.

**5,18** : Jistan tout bagay fin fèt : Ansyen Kontra a te la pou yon bout tan, li te nesesè, nan lis-

men pou mwen mete anfòm nèt. Lk  
18 Mwen di nou sa, anverite: Anvan syèl 16,17;  
la ak tè a disparèt, pa gen yon i, pa 21,32;  
menm yon ti pwen nan Lalwa a ki pou Mt  
Jk 2,10 24,35;

disparèt, jistan tout bagay fini fèt.<sup>19</sup> Yon moun ki pa kenbe youn nan pi piti nan kòmandman sa yo, epi ki montre lòt moun fè menm jan an, li va pase pou pi piti nan Peyi Wa ki nan syèl la. Men okontré, yon moun ki kenbe kòmandman sa yo, e ki montre lòt moun fè menm jan, li va pase pou gran nèg nan Peyi Wa ki nan syèl la.

**Lavi kòrèk tounèf la depase ansyen an**

<sup>Wm  
10.3;  
Flp 3.9</sup>  
<sup>20</sup> Mwen asire nou : Si mòd lavi kòrèk  
nou an pa depase mòd lavi kòrèk pwo-  
fesè Lalwa ak Farizyen yo, se sèten nou  
p ap antre nan Peyi Wa ki nan Syèl la.

<sup>21</sup> Nou tande sa yo te di zansèt nou  
yo: ‘Ou pa gen dwa touye.’ Si yon  
moun touye, fòk li parèt nan tribunal.

<sup>22</sup>Eben, mwen menm, mwen di nou,  
yon moun ki fache sou frè l, li va parèt  
nan tribunal. Men sila a ki joure frè l:  
«Sòt», li pral parèt devan Sanedren an,  
epi sila a ki di l: «Moun fou», li va meri-  
te al nan dife ki limen pou toutan an.

<sup>23</sup> Se poutèt sa, lè w vin prezante ofrann

twa delivrans lan. Fòk pawòl pwofèt yo te reyalize.

**5,19:** Yon moun ki pa kenbe youn nan pi piti  
nan kommandman sa yo : Jezi dakò pou yo res-  
pekte Lalwa Moyiz la, men dapre sans tounèf li  
ba li a, ki pa menm jan ak sa Farizyen yo te fè l  
tounen (Mt 23,1-3).

**5,20:** *Si mòd lavi kòrèk nou an... : Se Lespri*  
Sen ki ban nou kapasite pou nou swiv Lalwa jan  
Jezi montre nou an : mete yon sosyete ki chita  
sou jistis ak renmen sou pye, li pi konsekan pase  
swiv Lalwa a jan Farizyen vo fè a.

**5,21-22:** *Nou tandé... Eben, mwen menm, mwen di nou... : Jezi vin bay Lalwa Moyiz la sa li te manke. Jezi pral repeète fraz sa a sis fwa.*

-Nou tandem... : Jezi pale sou lekti Liv yo ki te konn fèt chak samdi nan sinagòg yo.

-Yon moun ki fache sou frè l... : Lalwa Kris la se yon envitasyon pou pa gen limit nan relasyon ak frè nou yo. Pi piti bagay ou fè kont frè w, konsekan nan je Bondye.

**5,23:** Lè w vin prezante ofrann ou sou lòtèl la... Bon rapò youn ak lòt pi konsekan pase tout

ou sou lotèl la, si lè sa a ou sonje frè w gen yon bagay kont ou, <sup>24</sup>kite ofrann ou a la devan lotèl la, al rekonsilye ak frè w anvan. Apre sa, ou va tounen pou w prezante ofrann ou an.

Lk 12,58-59

<sup>25</sup>Fè vit pou w mete w dakò ak moun ki gen kont ak ou, lè w sou wout la toujou ansanm avè l, konsa, moun sa a p ap lage w nan men jij la, pou jij la menm lage w nan men gad la, epi pou gad la menm lage w nan prizon. <sup>26</sup>Mwen di w sa: Anverite ou p ap sòti la a anvan w fin peye dènye kadran an.

<sup>27</sup>Nou tande sa yo te konn di: 'Ou pa dwe fè adiltè.' <sup>28</sup>Eben, mwen menm, mwen di nou, yon moun ki gade yon madanm pou l anvi l, li deja fè adiltè ak li nan kè l.

Mt 18,8-9

<sup>29</sup>Si je dwat ou fè w tonbe nan peche, rache l, voye l jete lwen w. Pito yon sèl nan manm ou yo pèdi, pase pou yo jete tout kò w nan boukan dife a. <sup>30</sup>Si men dwat ou fè w tonbe nan peche, koupe l, voye l jete lwen w. Pito yon sèl nan manm ou yo pèdi, pase pou yo jete tout kò w nan boukan dife a.

seremoni lapriyè nou fè pou Bondye. Se pou toulède maché ansanm. An nou sispann rele peche sèlman sa moun remake epi kondane (Oze 6,6 ; Mt 9,13 ; 12,7).

**5,26 :** de ti monnen, valè yon kadran konsa. Yon kadran sete yon ti monnen women yo te fè l an bwonz ki pa t menm gen valè. Yo te bezwen 4 kadran pou yo fè yon las epi yo te bezwen de las pou yo achte yon ti zwazo (Matye 10,29).

**5,27 :** Ou pa dwe fè adiltè... Se egzijans renmen ki nan Lalwa a. Jezi fè li rive jis nan dènye bout. Ou pa dwe manke anyen nan devwa renmen an.

**5,29 :** Si je dwat ou... : Nan Bib la je reprezante anvi nou genyen nan kè nou. Je se konsans nou. Men nou reprezante tou sa nou fè. Si nou kite move anvi ak move zak gide lavi nou, y ap mennen nou nan lanmò.

**5,31 :** Yo te konn di toujou : 'Yon moun ki voye madanm li ale, dwe ba l yon papye divòs?' Jezi

Mk 10,11-12; Lk 16,18; Mt 19,9

<sup>31</sup>Yo te konn di toujou : 'Yon moun ki voye madanm li ale, dwe ba l yon papye divòs.' <sup>32</sup>Eben mwen menm, mwen di nou: Yon moun ki voye madanm li ale, sòf si maryaj la pa t bon dapre Lalwa, se voye li voye l al fè adiltè. E si yon moun marye ak yon fi mari l te voye l ale, li fè adiltè.

<sup>33</sup>Nou tande ankò sa yo te konn di zansèt yo: 'Ou p ap fè move sèman. Devan Granmèt la fòk ou toujou kenbe sèman w.' <sup>34</sup>Eben, mwen menm, mwen di nou: Nou pa gen dwa fè sèman ditou, ni sou syèl la, paske se fotèy Bondye, <sup>35</sup>ni sou tè a, paske se ti ban pou pye Bondye, ni sou Jerizalèm, paske se vil gran Wa a. <sup>36</sup>Pa fè sèman sou tèt ou non plis, paske ou pa kapab fè yon gress cheve vin blan oubyen vin nwa. <sup>37</sup>Pawòl ou, se: 'Wi? Wi. Non? Non.' Tout sa yon moun di anplis, sòti nan Malveyan an.

Lk 6,29-30

<sup>38</sup>Nou tande yo te konn di: 'Je pou je, dan pou dan.' <sup>39</sup>Eben, mwen menm, mwen di nou: Pa al kenbe tèt ak mechan ditou. Okontré, si yon moun ba w yon souflèt bò figi dwat ou, lonje lòt bò a ba li. <sup>40</sup>Si li vle fè w pwosè pou li pran

Dtw  
24,1;  
Mal 2;  
14-16;  
Mk 10,4;

19,9;  
Mk 10,  
11-12;  
Lk  
16,18;  
1Kor 7,  
10-11

20,7;  
Lev  
19,12;  
Dtw  
23,22;  
Mt  
23,16

Iz 66,1;  
Mt  
23,22;  
Jk 5,12

Sòm  
48,3

2Kor 1,  
17-19

21,24;  
Lev  
24,20;  
Dtw  
19,21

Lk 6,29;  
Jn  
18,22;  
1Kor  
6,7

montre li pa dakò ditou ak koze divòs la. Maryaj la se yon inyon sakre. Sa Bondye mete ansanm, pèsonn pa gen dwa separe l (Mt 19,6). Pou kalite inyon ki pa kadre ak Lalwa, nou kapab li nan Levitik 18,6-26. Nan Liv Travay Apot yo, nou jwenn menm anpechman (T Ap 15,20-29; 21,25).

**5,37 :** Pawòl ou se: Wi? Wi. Non? Non. Yon moun k ap swiv Jezi pa nan woule de bò. Wi se wi, non se non.

**5,38 :** Je pou je, dan pou dan. Nou li sa nan Detewonòm 19,18-21. Se yon prensip ki te pretann mete yon limit nan vanjans. Jezi al pi lwen pase sa : li mande pou patizan li yo pa tire vanjans ditou.

**5,39 :** Pa al kenbe tèt ak mechan ditou : Jezi p ap mande nou ankouraje enjistis, men se yon fason li vle montre nou se nan sispann vyolans nou va rive elimine vyolans.

chemiz ou, kite palto w ba li tou. <sup>41</sup> Si li fòse w fè yon bout chemen ak li, fè de fwa piplis. <sup>42</sup> Si yon moun mande w, ba li. Si yon moun vle prete nan men w, pa vire do ba li.

Lk 6,27-28.32-36

<sup>Lev 19,18</sup> <sup>Lk 6,27-36; Job 31,29; T Ap 7,60; Wm 12,20; Pwy 25,21; 23,4</sup> <sup>Sôm 139,2-3</sup> <sup>6,16</sup> <sup>2Wa 4,33; Dan 6,11</sup> <sup>6,32; Lk 12,30</sup>

<sup>43</sup> Nou tande yo te konn di : ‘*W a renmen pwochen w, w a rayi lènmi w.*’ <sup>44</sup> Eben, mwen menm, mwen di nou : Renmen lènmi nou yo. Lapriyè pou sa k ap pèsekite nou yo. <sup>45</sup> Konsa, n a pitit Papa nou ki nan syèl la, li menm ki fè solèy li a leve sou moun ki mechan, tankou sou moun ki bon yo, li menm ki fè lapli tonbe sou moun ki kòrèk, tankou sou moun ki pa kòrèk.

<sup>Lev 19,2; Dtw 18,13; 1Pyè 1,16; Jk 1,4</sup> <sup>6,32; Lk 12,30</sup> <sup>6,16</sup> <sup>2Wa 4,33; Dan 6,11</sup> <sup>6,32; Lk 12,30</sup>

<sup>46</sup> Reyèlman vre, si nou renmen moun ki renmen nou yo, ki rekompans nou merite ? Èske bibliken yo pa fè menm bagay ? <sup>47</sup> Si nou sere bonjou nou pou frè nou yo sèlman, sa nou fè pase sa ? Èske pèp etranje yo pa fè menm bagay ? <sup>48</sup> Nou menm, se pou nou bon nèt, menm jan Papa nou, ki nan syèl la, bon nèt.

### Fè lacharite san bri

<sup>23,5; Lk 1,6; 14-15; Jn 5,44</sup> <sup>6,32; Lk 12,30</sup> <sup>6,16</sup> <sup>2Wa 4,33; Dan 6,11</sup> <sup>6,32; Lk 12,30</sup>

**G** <sup>1</sup> Atansyon pou nou pa fè bon zèv nou yo devan moun, pou nou fè yo wè nou. Si se sa, nou p ap jwenn rekompans nan men Papa nou ki nan syèl la. <sup>2</sup> Se poutèt sa, lè w ap fè lacharite, pa mache sonnen klewon. Ipokrit yo fè sa nan sinagòg yo ak nan lari, pou yo ka jwenn glwa nan men

**5,43 :** *W a renmen pwochen w, w a rayi lènmi w.* Ansyen Kontra a te pale sou renmen pwochen w, men se solidarite ant manm pèp Jwif la. Ak Levanjil Jezi a pwochen an se tout moun sou tè a, kèlkanswa peyi li, ras li, menm lènmi a ladan tou. Se egzanp sa a Jezi kite pou nou.

**6,1 :** Jezi ban nou kèk egzanp pou nou swiv. San yo menm nou p ap wè Peyi kote Bondye Wa a : aji sèlman pou Bondye, san nou pa chèche fè lòt moun konn sa, epi bliye jan Farizyen yo te konn chèche parèt pou tout moun te fè yo konpliman.

—Pou fè yo wè nou : fraz sa a pral parèt twa fwa nan rapò ak bon aksyon, bon lapriyè ak fè jèn. «Ipokrit» se yon mo grèk ki vle di moun ki pran pòz li pi bon pase jan li ye vre.

moun. Anverite, mwen di nou sa : Yo déjà jwenn rekompans yo. <sup>3</sup> Ou menm, lè w ap fè lacharite, pinga men gòch ou konnen sa men dwat ou ap fè, <sup>4</sup> pou lacharite ou fè a rete kache. Papa w ki wè tout sa ki kache, ap renmèt ou sa.

### Lapriyè san moun pa wè

<sup>5</sup> Lè n ap lapriyè, pa fè tankou ipokrit yo. Lè y ap lapriyè, yo renmen kanpe nan sinagòg yo, oubyen nan mitan kafou yo, pou moun ka wè yo. Anverite, mwen di nou, yo déjà gen rekompans yo. <sup>6</sup> Pou ou menm, lè w ap lapriyè, antre nan chanm ou, fèmen pòt ou, epi lapriyè Papa w ki la, kote ki kache a. Papa w ki wè tout bagay ki kache, ap renmèt ou sa.

### Lapriyè toutbon vre a :

#### Papa nou ki nan syèl la

Lk 11,2-4

<sup>7</sup> Nan lapriyè nou yo, pinga nou plede ap pale anpil tankou pèp etranje yo. Yo mete nan tèt yo si yo pale anpil, y ap fè tande vwa yo. <sup>8</sup> Pa al fè tankou yo, paske Papa nou konnen tout sa nou bezwen anvan menm nou mande l.

<sup>9</sup> Nou menm, lapriyè konsa :

Papa nou ki nan syèl la,  
se pou yo respekte non w.

<sup>10</sup> Se pou gouvènman wa w la rive.

Se pou volonte w fèt sou tè a, tankou nan syèl la.

<sup>11</sup> Pen nou bezwen pou jounen an,  
ban nou li jodi a.

Lk 11, 1-4;  
Ezk 36,23;  
Jn 17,6

Pwy 30,8

**6,5-7 :** Farizyen yo te konn fè lapriyè nan kafou, pou tout moun wè yo epi pale byen sou yo. Lè yo lapriyè, yo te konn pale anpil anpil... Jezi montre nou lapriyè toutbon an pa chita sou kantite pawòl li gen ladan. Sa ki bay lapriyè valè, anvan tout lòt bagay, se sa ki anndan kè nou, lafwa nou ak renmen Bondye.

**6,9-13 :** *Papa nou ki nan syèl la.* Se modèl pou tout lapriyè kreyen yo. Li montre rapò tounèt kominate a genyen ak Bondye. Apati Jezi Kri nou kapab rele Bondye : **Papa.** Li pa di *Papa mwen...* men *Papa nou,* pou montre yon rapò lapriyè kominotè. Nan *Papa nou* dapre Levanjil Matye a nou jwenn sèt demann. Sèt se chif patè. *Papa nou ki nan syèl la* se lapriyè toutbon vre.

<sup>18,21;</sup> <sup>12</sup> Efase dèt nou yo, tankou nou  
<sup>18,35;</sup> efase pa moun ki te dwe nou yo.  
<sup>26,41;</sup>  
<sup>17,15</sup> <sup>13</sup> Pa kite nou pran nan pyèj.  
Men delivre nou ak Malveyan an.  
<sup>14</sup> Wi, si nou padonnen moun yo fòt  
yo, Papa nou ki nan syèl la va padon-  
nen nou tou. <sup>15</sup> Men si nou pa padon-  
nen moun yo fòt yo, Papa nou p ap  
padonnen fòt nou yo non plis.  
<sup>Mk 11,25;</sup>  
<sup>Ef 4,32;</sup>  
<sup>Kol 3,13;</sup>  
<sup>Ektlk 28,1-5</sup>

**Fè jèn san moun pa konnen**

<sup>Iz 58,5</sup> <sup>16</sup> Lè n ap fè jèn, pa pran pòz kò kraz  
nou, tankou ipokrit yo konn fè a: Yo fè  
figi yo tris, pou moun wè y ap fè jèn.  
Anverite, mwen di nou sa, yo déjà  
jwenn rekompans yo. <sup>17</sup> Pou ou menm,  
lè w ap fè jèn, mete losyon sou tèt ou,  
lave figi w, <sup>18</sup> konsa, moun p ap bezwen  
konnen w ap fè jèn, men Papa w ki la  
kote ki kache a va konnen. Epi Papa  
w ki wè nan kote ki kache a ap renmet  
ou sa.

**Trezò toutbon vre a**

<sup>Lk 12, 33-34</sup>  
<sup>33-34;</sup>  
<sup>Jk 5,</sup>  
<sup>2-3;</sup>  
<sup>Ektlk 29,11</sup>

<sup>19</sup> Pa ranmase trezò sou latè, kote  
mit ak vè ap devore li, kote vòlè ap fè

Jezi te montre nou yon nouveau rapò ak Bondye  
epi li te montre nou figi Bondye toutbon :  
Bondye se pa yon Jij, li se yon Papa.

Se pou yo respekte non w... Nan mantalite  
Jwif la, non an se reyalite a menm. Respekte  
Non w vle di, se rekondit se ou menm ki Bondye  
toutbon vre.

Se pou gouvenman wa w la rive : Bondye vle  
gouvènman tout kote pou li pote lavi pou tout pitit  
li yo. Peyi kote Bondye Wa a déjà la, men li gen  
pou li fin tabli nèt nan dènye tan yo.

Se pou volonte w fèt sou tè a... Se sa Jezi fè  
tout lavi li. Jezi pral mete fraz sa a nan mitan kè  
lapriyè li a nan Jaden Jetsemani a (Mt 27,39).  
Jezi vle patizan l yo fè menm jan ak li. Volonte  
Bondye Lavi a se pou tout moun jwenn sa yo  
bezwen pou yo viv kòm moun.

Pen nou bezwen... Nou mande Bondye manje  
nou bezwen pou nou viv, men pen nou mande  
a se pawòl Bondye a tou (Dtw 8,3). Gwo nèg  
save premye syèk Legliz yo, te konn wè pen  
Lekaristi a nan demann sa a tou.

Efase dèt nou yo... Dèt nou yo anvan tout  
bagay se peche nou yo pou Bondye padonnen.  
Demann nou jwenn nan lapriyè sa a fè nou  
sonje lane jibile (Lev 25,8-19), kote tout dèt  
moun pòv yo te efase.

Tankou nou efase pa moun ki te dwe nou yo...  
Modèl padon nou jwenn nan men Bondye se  
modèl padon nou dwe bay frè ak sè nou yo.

twoou pou yo bwote, <sup>20</sup> men ranmase <sup>19,21;</sup>  
trezò nan syèl la, kote pa gen ni mit, ni  
vè k ap devore li, kote pa gen vòlè k ap  
fouye pou yo bwote, <sup>21</sup> paske kote trezò  
w ye, se la kè w ye tou.

**Je se lanp kò a**

*Lk 11,34-35*

<sup>Pvv</sup>  
<sup>20,27;</sup>  
<sup>Lk 11,</sup>  
<sup>34-35;</sup>  
<sup>Mt 5,15</sup>

<sup>22</sup> Je se lanp kò a. Se pou sa, si je w  
ansante, se tout kò w ki nan limyè.  
<sup>23</sup> Men, si je w malad, se tout kò w ki  
nan fènwa. Si limyè ki anndan w lan se  
fènwa, ala yon kalite fènwa !

**Bondye ak lajan**

*Lk 16,13*

<sup>Lk</sup>  
<sup>16,13;</sup>  
<sup>Sòm</sup>  
<sup>62,11</sup>

<sup>24</sup> Pèsonn pa kapab sèvi de mèt. Se  
oubyen li rayi youn epi li va renmen lòt  
la, oubyen li va kole kò l sou youn epi  
li va meprize lòt la. Nou pa kapab sèvi  
Bondye ansanm ak lajan.

**Fè Bondye konfyans**

*Lk 12,22-31*

<sup>Lk 12,</sup>  
<sup>22-31</sup>

<sup>25</sup> Se poutèt sa mwen di nou: Pa  
chaje tèt nou pou lavi nou, ni pou sa  
nou pral manje, ni pou sa nou pral

*Pa kite nou pran nan pyèj*: Nan pyèj mechan an,  
sitou pyèj nan dènye tan yo k ap pi difisil toujou.

*Men delivre nou ak Malveyan an*: Lènmi an se  
pa sa ki mal la, men se Malveyan an. Sila a ki  
pisan, entèlijan, k ap veye pou li pran nou nan  
pyèj, pou fè nou kite chemen Lafwa a.

**6,16:** *Lè n ap fè jèn...* Jezi pa ni fè lwanj pou  
jèn, ni li pa kondane l. Li menm tou li te fè jèn  
pou karant jou. Li deklare jèn nan pa gen valè si  
n ap fè l pou moun wè. Pwofèt yo te deklare jèn  
nan pa sèvi anyen si nou pa gen kè sansib pou  
frè ak sè nou yo (Izayi 58,3-7 ; Zak 7,4).

**6,19:** *Pa ranmase trezò sou latè*: Se yon avè-  
tisman kont renmen richès nou genyen nan kè  
nou. Jezi envite nou, yon lòt fwa ankò, kwè nan  
lapwovidans Papa a: si nou okipe afè l yo, li  
menm tou li va okipe pa nou yo.

**6,22:** *Je se lanp kò a*. Je a reprezante kon-  
syans lan. Si je ou nan limyè, ou nan laverite.  
Men si je w nan fènwa, ou nan peche, nan  
manti.

**6,24:** *Pèsonn pa kapab sèvi de mèt*: Gen  
danje pou lajan tounen tèt nou. Lè sa a nou  
mete l nan plas Bondye. Laajan nesesè, men fòk  
nou pa fè l tounen yon zidòl. Jezi di: Li pi fasil  
pou yon chamo pase nan je yon zegwi pase pou  
yon moun rich antre nan syèl la (Mt 10,22-27;  
19,23-24).

bwè, ni pou kò nou, ak ki sa nou pral abiye. Èske lavi pa vo plis pase manje? Èske kò a pa vo piplis pase rad? <sup>10,31</sup> <sup>26</sup>Gade zwazo yo ki nan syèl la: Yo pa simen, yo pa rekòlte, yo pa rammase pou yo sere nan galata, epi, Papa nou ki nan syèl la ba yo manje. Èske nou pa vo piplis pase yo?

<sup>27</sup>Nan chaje tèt li, kilès nan nou ki ta kapab mete mezi yon bra sou longè lavi l? <sup>28</sup>Pou rad nou menm, poukisa n ap bat kò nou? Gade flè nan raje kijan yo pouse, yo pa bay tèt yo traka, yo pa koud, <sup>29</sup>epoutan, mwen di nou, menm Salomon, nan tout gran panpan l, pa t abiye tankou youn nan yo. <sup>30</sup>Eben, si Bondye abiye zèb ki nan raje konsa, jodi a yo la, demen yo jete yo nan boukan, èske li p ap fè piplis pou nou toujou? Bann moun ti lafwa! <sup>31</sup>Pa chaje tèt nou nan pale anpil: ‘Sa nou pral manje? Sa nou pral bwè? Ak ki sa nou pral abiye?’ <sup>32</sup>Sa yo se yon bann bagay moun lòt nasyon yo ap chèche, men Papa nou ki nan syèl la konnen nou bezwen tou sa. <sup>33</sup>Chèche Peyi kote Bondye Wa a anvan, ak sa ki kòrèk devan l, epi n ap resevwa tout bagay sa yo kòm degi. <sup>34</sup>Pa bat kò nou pou demen, demen va bat kò l pou tèt li. Chak jou gen kont pwoblèm li.

### Pinga jije

Lk 6,37-42

**7** <sup>1</sup>Pa jije pou yo pa jije nou, <sup>2</sup>paske se ak menm jijman nou jije a, yo va jije nou. Se nan menm mezi nou mezire a, yo va sèvi pou nou. <sup>3</sup>Poukisa w ap gade pay la ki nan je frè w la? Epi

**6,25-26:** Pa chaje tèt nou pou lavi nou... Bondye fè pou nou reskonsab tèt nou, pou nou reskonsab tout kreyasyon an. Men nan travay sa a, se li menm pou nou fè konfyans an premye.

**6,33:** Chèche Peyi kote Bondye Wa a anvan. Peyi kote Bondye Wa a se sa Jezi te vin preche li menm. Se yon lòt kalite lavi kote tout bagay mache jan Bondye vle. Si se pou sa n ap travay, n ap jwenn tout lòt byen nou bezwen.

**7,6:** Pa jete bél bijou nou yo devan kochon. Petèt koze sa a gen rapò ak fason Jwif yo te konn

gwo poto ki nan je pa w la, ou pa wè l!

<sup>4</sup>Oubyen kouman ou pral di frè w: ‘Kite mwen wète pay ki nan je w la,’ alòske gen yon poto nan pa w la? <sup>5</sup>Ipopkrit, wete poto ki nan je w la anvan, lè sa a ou va wè klè pou w wete pay ki nan je frè w la.

### Pa jwe ak bagay sakre

<sup>6</sup>Pa bay chen bagay ki sakre. Pa jete bél bijou nou yo devan kochon. Yo ka mache sou yo, apre yo vire tounen kont nou pou yo devore nou.

### Rezilta lapriyè

Lk 11,9-13

<sup>7</sup>Mande, yo va ba nou. Chèche, nou va jwenn. Frape, yo va louvri pou nou.

<sup>8</sup>Paske moun ki mande, li jwenn, moun ki chèche, li trouve, moun ki frape, yo louvri pou li. <sup>9</sup>Kilès nan nou, lè pitit li mande l yon pen, li renmèt li yon wòch?

<sup>10</sup>Oubyen, si l mande l yon pwason, li renmèt li yon sèpan? <sup>11</sup>Si nou menm, ki pa bon, nou konn bay pitit nou yo bon bagay, nou pa bezwen mande kijan Papa nou ki nan syèl la ap bay moun ki lapriyè l yo bon bagay!

### Prensip an nò

Lk 6,31

<sup>12</sup>Tout sa w vle lòt moun yo fè pou ou, ou menm tou, fè l pou yo. Se sa ki Lalwa ak pawòl Pwofèt yo.

### De chemen yo

Lk 13,24

<sup>13</sup>Antre nan pòt ki jis la. Chemen ki mennen nan pèdisyon an, li gwo, li laj, gen anpil moun ki pran l. <sup>14</sup>Men chemen

gade Women yo. Nou pa bezwen tann pou tout moun konprann valè Jezi Kri genyen.

**7,12:** Tout sa w vle... Moun save yo rele sa a: «Prensip lò a, prensip kle a. Prensip pi enpòtan an». Se nannan koze prèch Jezi fè sou mòn nan. Se yon prensip enpòtan anpil pou kominate kreyen yo. Si nou fè sa li di, n ap swiv tout Lalwa a ak tout Pwofèt yo.

**7,13:** Antre nan pòt ki jis la. Pami tout kantite moun sa yo ki te gén chans rankontre Jezi, e li te rele vin pataje misyon li an, se yon ti ponyen ki

ki mennen nan lavi a jennen, pòt la piti, se yon ti pòsyon moun ki jwenn li.

### Fo pwofèt yo

Lk 6,43-44

<sup>Ezk 22,28;  
2Pyè 2,1;  
Lk 6,26;  
Gal 1,8</sup> <sup>Lk 6,  
43-44;  
Mt 12,33;  
Mk 9,40;  
Lk 9,50;  
Mt 10,16;  
Jn 10,12;</sup> <sup>T Ap  
20,29</sup> <sup>Ektk  
27,6;  
Jk 3,12</sup> <sup>Lk 3,10;  
3,9;  
13,7;  
Jn 15,6</sup> <sup>Jn 12,33</sup> <sup>19 Tout pyebwa ki pa bay yon bon fwi,  
yo va koupe l, yo va jete l nan dife.  
20 Se konsa, nou va rekonèt yo dapre  
fwi yo donnen.</sup>

<sup>15 Atansyon ak fo pwofèt yo. Yo pran pòz ti mouton pou yo vin bò kote nou, men anndan yo, se chen anraje yo ye.</sup> <sup>16 Se dapre fwi yo donnen pou nou rekonèt yo. Èske yo konn keyi rezen sou pye pikan? Èske yo konn keyi fig frans sou pye chadwon?</sup> <sup>17 Se konsa, tout bon pyebwa bay bon fwi. Okontré move pyebwa bay move fwi.</sup> <sup>18 Bon pyebwa pa ka bay move fwi, ni yon move pyebwa pa ka donnen bon fwi.</sup>

### Patizan toutbon vre a

Lk 13,25-27

<sup>Lk 6,46;  
Wm  
2,13;  
Jk 1,22;  
1Jn 2,17</sup> <sup>Jer  
14,14;  
27,15;  
Mk 9,38</sup> <sup>Sòm  
6,9;  
Mt  
10,33;  
2Tm  
2,12;  
Mt  
13,41;  
25,41</sup> <sup>21 Se pa nan rete di mwen: 'Granmèt, Granmèt' yon moun pral antre nan Peyi Wa ki nan Syèl la, men se nan fè volonte Papa m ki nan syèl la.</sup> <sup>22 Jou sa a, anpil moun ap di mwen: 'Granmèt, Granmèt, se pa t nan Non w, nou te konn pale tankou pwofèt? Se pa t nan Non w, nou te konn chase demon? Se pa t nan Non w nou te konn fè anpil mirak?' 23 Lè sa a, mwen va di yo anfas: 'Mwen pa t janm konnen nou. Sòt kò nou sou mwen, nou menm ki t ap fè move zak!'</sup>

aksepte chanje lavi yo, epi ki pran angajman swiv li. Pou moun rive fè sa, li dwe konnen gen difikilte ladan, epi fòk li aksepte sakrifis ki mache ak sa li chwazi a. Men anpil ladan yo chwazi chemen fasil la, ki mennen nan pèdisyon. Yo pa pran chemen Jezi a, yo gaspiye don Bondye yo.

**7,15 :** Atansyon ak fo pwofèt yo. Nan listwa pèp Jwif la, toujou genyen bon pwofèt ak fo pwofèt. Fòk nou fè atansyon. Pawòl Jezi yo vize tout moun k ap kreye divizyon, k ap fè manti, k ap fè vyalans, epi k ap cheche pouvwa, menm lè yo pretann y ap sèvi yon kòz ki kòrèk. Yo di yo cheche lajistis, men an reyalite yo cheche pwòp entere pa yo.

**7,24 :** Bati kay li sou wòch... Kay la reprezante lavi moun. Fòk nou bati lavi nou sou bon fonda-

Lk 6,47-49

<sup>Lk 6,  
47-49;  
Jk 1,22</sup> <sup>24 « Yon moun ki koute pawòl mwen sòt di la yo, e ki fè sa yo di, va pase pou yon moun bon konprann, ki batí kay li sou wòch,</sup> <sup>25 lapli tonbe, larivyè desann, van soufle fin debòde sou kay sa a, li pa kraze, poutèt yo te batí l sou wòch.</sup> <sup>26 Men tou, yon moun ki koute pawòl mwen sòt di la yo, e ki pa fè sa yo di, va pase pou yon moun san konprann, ki batí kay li sou sab.</sup> <sup>27 Lapli tonbe, larivyè desann, van soufle, li bat kay sa a, kay la kraze, e li kraze nèt. »</sup>

### Sezisman foul la

Mk 1,22; Lk 4,32

<sup>Mk 1,  
21-22;  
Lk 4,  
31-32</sup> <sup>28 Lè Jezi fin di pawòl sa yo, foul moun yo ret sezi tande prèch li yo,</sup> <sup>29 poutèt li t ap pale ak yo tankou moun ki gen otorite. Li pa t pale tankou pwofesè Lalwa yo.</sup>

### Gerizon yon moun ki gen maladi lalèp

Mk 1,40-45; Lk 5,12-16

**8** <sup>1 Apre sa, Jezi desann sòt nan mòn nan. Anpil foul moun t ap swiv li.</sup> <sup>2 Sanzatann, yon moun ki gen maladi lalèp vin bese devan l pou di l: « Granmèt, si w vle, ou kapab geri m. »</sup> <sup>3 Jezi lonje men l, li touche l, li di: « Mwen vle, se pou w geri. » Menm lè a, maladi lalèp li a geri.</sup> <sup>4 Jezi di l: « Pinga w pale sa ak pèsonn, men se pou w fè prêt la wè w. Ou va pote ofrann Lalwa Moyiz la mande a. Sa va sèvi yo kòm prèv. »</sup>

syon. Peyi kote Bondye Wa a se yon bagay konkrè, se yon bagay pratik, se yon aktivite pou nou viv, se pa pawol anlè. Sa vle di n ap antre nan Peyi kote Bondye Wa a pou sa nou fè, men pa pou sa nou di.

### Dezyèm pati : Peyi kote Bondye Wa a parèt ak tout fòs li (Matye 8-10).

Nan dezyèm pati sa a Matye mete yon pakèt mirak Jezi te fè. Pou li, mirak se pa sèlman mèvèy, men ladan yo nou jwenn leson pou tout patizan Kris la. Mirak yo montre nou Gouvènman Bondye gen fòs pou li chanje lavi nou, pou chanje sosyete nou an, e mirak yo se siy Wayòm nan.

**8,1-4 :** Sa a se yon jès Jezi te fè, ki mande l

**Gerizon sèvitè yon santiryon***Lk 7,1-10; Jn 4,46-53*

<sup>5</sup> Pandan Jezi t ap antre nan vil Kafanawòm, yon santiryon vin kote l, pou li te priye l angras. <sup>6</sup> Li di: « Granmèt, sèvitè mwen kouche lakay mwen, li paralize, l ap soufri anpil. » <sup>7</sup> Jezi di l: « Mwen prale pou mwen geri l. » <sup>8</sup> Santiryon an di l: « Granmèt, mwen pa merite ou antre lakay mwen, men di yon pawòl sèlman, sèvitè mwen an ap geri. <sup>9</sup> Mwen menm, mwen se yon moun ki sou zòd, epi mwen gen sólda sou zòd mwen. Mwen di youn ‘ale!’ l ale. Mwen di yon lòt: ‘Vini’, li vini. Mwen di esklav mwen an: ‘Fè sa’, li fè l. » <sup>10</sup> Lè Jezi tande sa, li vin konsidere nèg la anpil. Li di tout moun ki t ap swiv li yo: « Anverite, mwen di nou: Mwen pa jwenn yon lafwa konsa lakay okenn moun nan Izrayèl. <sup>11</sup> Ebyen, mwen di nou: gen anpil moun k ap sòti bò kote solèy leve ak bò kote solèy kouche, pou yo vin atab nan Peyi Wa ki nan Syèl la, ansanm ak Abraram, Izarak ak Jakòb. <sup>12</sup> Men pitit Peyi Wa a, y ap jete yo deyò nan fènwa. Se la ki pral gen rèl ak manje dan. » <sup>13</sup> Apre sa, li di santiryon an: « Ale. Se pou sa fèt dapre lafwa w. » Sèvitè a geri menm lè a.

**Gerizon bèlmè Pyè***Mk 1,29-31; Lk 4,38-39*

<sup>14</sup> Pandan Jezi rive lakay Pyè, li jwenn bèlmè l kouche ak lafyèv. Li touche men l, lafyèv la kite l. Madanm nan leve, li sèvi l.

**Anpil gerizon***Mk 1,32-34; Lk 4,40-41*

<sup>15</sup> <sup>16</sup> Lè aswè rive, yo mennen anpil moun ki gen demon sou yo ba li. Ak

anpil kouraj. Manyen yon moun ki gen maladi lalèp se yon aksyon ki pa kadre ak « Lalwa Pwopte » Jwif yo.

—Ou va pote ofrann Lalwa Moyiz la mande a : Lalwa a te egzije pou prêt yo egzaminen moun ki te geri a anvan li tounen antre nan kominote a, epi moun nan te gen pou fè yon kado (Levitik 14).

yon pawòl, li chase move lespri yo. Li geri tout sa ki te malad yo. <sup>17</sup> Se konsa <sup>Iz 53,4;</sup> <sup>Jn 1,29</sup> pawòl pwofèt Izayi a te dwe rive:

« *Li pran tout feblès nou yo. Li chaje tout maladi nou yo sou do l.* »

**Egzijans vokasyon yon patizan***Lk 9,57-62*

<sup>18</sup> Lè Jezi wè yon bann foul moun viwonnen l, li bay lòd pou y ale lòt bò lanmè a. <sup>19</sup> Yon pwofesè Lalwa pwoche vin di l: « Pwofesè, m ap swiv ou nenpòt kote w prale. » <sup>20</sup> Jezi reponn li: « Chat mawon gen twou yo, zwazo nan syèl gen nich yo, Pitit moun nan li menm, li pa gen kote pou l poze tèt li. »

<sup>21</sup> Yon lòt, nan pamí patizan yo di l: « Granmèt, pèmèt mwen al antere papa mwen anvan. » <sup>22</sup> Jezi reponn li: « Swiv mwen, kite mó yo antere mó yo. »

**Move tan obeyi 1***Mk 4,35-41; Lk 8,22-25*

<sup>23</sup> Apre sa, li monte nan kannòt la. Patizan li yo t ap swiv li. <sup>24</sup> Vin gen yon van ki tèlman fò, kannòt la te kouvri ak lanm lanmè. Poutan, li menm, li t ap dòmi. <sup>25</sup> Yo pwoche bò kote l. Yo reveye l. Yo di l: « Granmèt, pote nou sekou, n ap peri. » <sup>26</sup> Li di yo: « Poukisa nou pè a? Bann moun ti lafwa! » Apre sa, li leve, li rele sou van an ak sou lanmè a. Vin gen gwo kalmi. <sup>27</sup> Mesye yo sezi. Yo t ap di: « Kilès Sila ye? Menm van ak lanmè obeyi l. »

**Moun Gadara ki te gen demon yo***Mk 5,1-20; Lk 8,26-39*

<sup>28</sup> Lè li rive lòt bò lanmè a, nan peyi moun Gadara yo, de moun ki gen demon, sòti nan mitan kavo yo, vin ran-kontre l. Yo te tèlman sovaj pèsonn pa

**8,5 :** *Yon santiryon vin kote l.* Yon santiryon se yon kaptèn women ki te gen 100 sólda sou zòd li. Se yon etranje. Jezi te sezi wè lafwa etranje sa a, paske li pa jwenn lafwa sa a nan pèp li a.

**8,11 :** *Gen anpil moun k ap sòti bò kote solèy leve....* Kounye a pèp Bondye a se pa Jwif sèlman ki ladan, etranje gen plas pa yo ladan tou.

<sup>1Wa</sup>  
<sup>19,20</sup><sup>Mk 4,</sup>  
<sup>35-41;</sup>  
<sup>Lk 8,</sup>  
<sup>23-25</sup><sup>6,30;</sup>  
<sup>8,10</sup><sup>Mk 5,</sup>  
<sup>1-20;</sup>  
<sup>Lk 8,</sup>  
<sup>26-39</sup>

Lk 4,34;  
T Ap 16,17  
t kapab pase nan chemen sa a.<sup>29</sup> Yo tonbe rele: «Sa w gen ak nou, Pitit Bondye? Èske w vin isit pou w toumante nou anvan lè a?»<sup>30</sup> Pa twò lwen, te gen yon bann kochon ki t ap manje zèb.<sup>31</sup> Demon yo priye l angras: «Si w chase nou, voye nou nan bann kochon sa yo.»<sup>32</sup> Li di yo: «Ale.» Yo sòti. Y ale nan kochon yo. Menm lè a, bann kochon yo fè yon sèl bon sòti nan falèz la tonbe nan lanmè a. Yo peri nan dlo yo.<sup>33</sup> Gadò yo kraze rak. Yo kouri lavil la, al rapòte tout bagay ak tout koze moun demon te kenbe yo.<sup>34</sup> Se konsa, tout lavil la kouri al rankontre Jezi. Kou yo wè l, yo priye l angras pou l kite peyi yo a.

### **Gerizon yon moun ki paralize**

*Mk 2,1-12; Lk 5,17-26*

**9** <sup>Mk 2, 1-12; Lk 5, 17-26</sup> Li pran kannòt, li janbe lòt bò. Li rive nan vil kote li te rete a. <sup>2</sup> Yo t ap pote yon moun paralize tou long sou yon kabann ba li. Lè Jezi wè lafwa yo, li di moun paralize a: «Kouraj, pitit, peche w yo efase.» <sup>3</sup> De twa pwofesè Lalwa t ap di antre yo: «Sila a ap de-respekte Bondye.» <sup>4</sup> Jezi, li menm, ki te konnen santiman yo, di yo: «Poukisa tout move santiman sa yo nan kè nou? <sup>5</sup> Sa ki pi fasil, di: ‘Peche w yo efase’ oubyen di: ‘Leve, mache’? <sup>6</sup> Ebyen, pou nou konnen Pitit moun nan gen pouvwa sou latè pou padonnen peche,» li di moun paralize a: «Leve, pran kabann ou, al lakay ou.» <sup>7</sup> Nèg la leve, l al lakay li. <sup>8</sup> Lè foul moun yo wè sa, yo vin pè.

**9,8 :** Yo t ap bay Bondye glwa, poutèt li mete yon pouvwa konsa nan men moun. Foul la te sezi lè li wè kouman pouvwa Bondye parèt aklè nan travay Jezi yo.

**9,9:** *Yon nèg ki te chita nan yon biwo kontribi-syon. Se sèl Matye ki bay pèseptè kontribisyon sa a non «Matye». Lik ak Mak rele l «Levi». Pèp la te rayi moun sa yo, Jwif yo te rele yo pechè paske yo te kolabore ak otorite women yo, epi yo touche taks pou Jwif yo. Yo te mete yo deyò nan sinagòg yo, yo te mete yo sou kote nan soyete a. Epi Jezi rele l pou li vin patizan li. (Al gade kòmantè Mak 2,14).*

**9,15**: Mesye marye a... Bib la te konn konpa-

Yo t ap bay Bondye glwa poutèt li mete yon pouvwa konsa nan men moun.

## **Jezi rele Matye**

Mk 2,13-14; Lk 5,27-28

<sup>9</sup> Antan Jezi t ap passe sòt la, je l vin tonbe sou yon nèg ki te chita nan yon biwo kontribisyon. Non li se te Matye. Li di l: « Swiv mwen. » Li leve, li swiv li.

## **Jezi manje ak pechè yo**

*Mk 2,15-17; Lk 5,29-32*

<sup>10</sup> Antan li te atab nan kay la, te gen anpil pibliken ak pechè ki te vin chita bò tab la ak Jezi ak patizan li yo. <sup>11</sup> Lè Farizyen yo wè sa, yo di patizan li yo : « Poukisa pwofesè nou an ap manje ak pibliken yo, ak pechè yo ? » <sup>12</sup> Li menm ki te tandem, li reponn : « Se pa moun gaya ki bezwen doktè, men se moun malad yo. <sup>13</sup> Al konprann sans pawòl sa a : ‘Se kè sansib mwen vle, se pa o-frann bèt yo touye.’ Antouka, mwen pa vin rele moun ki kòrèk yo, men sa ki pechè yo. »

## Diskisyon sou afè fè jèn nan

*Mk 2,18-22; Lk 5,33-39*

<sup>14</sup> Patizan Jan yo pwoche bò kote l,  
yo di l: «Poukisa, nou menm ak Fari-  
zyen yo n ap fè jèn, epi patizan pa w yo  
pa fè !?» <sup>15</sup> Jezi reponn yo: «Èske  
moun yo envite nan nòs la kapab nan  
lapenn antan mesye marye a ak yo?»  
Gen yon tan ki pral rive, yo va wete  
mesye marye a nan men yo. Lè sa a,  
yo va fè jèn. <sup>16</sup> Pèsonn p ap mete yon  
pyès twal nèf nan yon vye rad. Mòso

re kontra Bondye te pase ak pèp li a ak rapò ant yon fi ak yon gason ki marye (Oze 2). Lamarye se imaj Pèp Bondye a. Bondye te gen pou li vini kòm mari a. Jezi te konsyan misyon li se tabli yon kontra tounéf ant Bondye ak Pèp li a. Se Jezi li menm ki Mesye marye a... Kontra sa a se fè Peyi kote Bondye Wa a boujonnen sou tè a.

**9.16:** Pèsonn p ap mete yon pyès twal nèf...  
Peyi kote Bondye Wa a se rapò tounèf moun ak  
moun, nan chanjman kè, nan renmen ak egalite.

Vye rad la se tout enstisyon, tout sa ka nan Ansyen Kontra a ki anpeche moun yo viv tankou moun, tout rapò ki pa gen kalite Peyi kote Bondye Wa a ladan yo.

nèf la pral tire sou vye rad la. Kote ki chire a ap vin pi gwo.<sup>17</sup> Yo pa mete yon diven ki fèk fèt non plis nan vye vesopo. Veso po yo ap chire, diven an ap gaye. Veso po yo ap pèdi. Men yo mete diven ki fèk fèt nan vesopo tounèf. Toulède rete byen konsève.»

### **Gerizon yon madanm ki te nan pèdans —Li fè pitit yon chèf leve byen vivan**

Mk 5,21-43; Lk 8,40-56

<sup>Mk 5, 21-43;  
Lk 8, 40-56;  
Mt 8,3;  
Mk 6,5;  
Lk 13,13</sup> <sup>18</sup> Antan li t ap pale, gen yon chèf ki vin bese devan l pou l di l: «Pitit fi mwen an ap mouri kounye a. Men vin poze men w sou li pou li ka viv.» <sup>19</sup> Jezi leve, li swiv li ak patizan li yo.

<sup>Lev 15,25</sup> <sup>20</sup> Antan yo te nan wout, gen yon madanm, ki t ap pèdi san depi douz lane. Li pwoche pa dèyè, li touche pwent ke rad li. <sup>21</sup> Li t ap di nan kè l: «Si mwen touche rad li sèlman, m ap sove.» Jezi vire, li wè l, li di l: «Kouraj, ma fi, lafwa w sove w.» <sup>22</sup> Menm lè sa a, madanm nan geri.

<sup>Jn 11,11</sup> <sup>23</sup> Lè Jezi rive lakay chèf la, li wè moun k ap jwe flit, ak yon foul k ap fè bri. Li di: <sup>24</sup> «Sòti la a, ti fi a pa mouri, l ap dòmi.» Yo tonbe pase l nan rizib. <sup>25</sup> Men lè yo fin mete tout moun deyò, li antre, li pran men ti fi a, li fè l leve. <sup>26</sup> Bri a gaye nan tout peyi sa a.

### **Gerizon de moun avèg**

20,29-  
34

<sup>27</sup> Antan Jezi ta prale, de avèg t ap

**9,17:** Yo pa mete yon diven ki fèk fèt... Diven se senbòl Peyi kote Bondye Wa a. Nan tan Jezi yo te konn mete diven fenk fèt la nan vèso yo ki fèt an po bêt. Rapò tounèf moun ak moun, ak Bondye, dwe mete chapant sosyal sou pye, chapant politik, chapant ekonomik ak chapant relijye tounèf: fòk tout moun respekte lòt, fòk nou kite sistèm dominasyon an pou nou rann sèvis, aprann pataje byen nou, kite egojis, pou nou viv nan renmen youn ak lòt.

**9,20:** Gen yon madanm ki t ap pèdi san... Fi malad la reprezante pèp Lalwa Moyiz la te mete sou kote. «Douz lane» yo senbolize pèp Izrayèl la. Jezi se sèl possiblite pèp la genyen pou li geri. Pou Jezi pa gen anyen ki enposib.

**9,27:** De avèg t ap swiv li. Yo t ap rele... Yo t ap rele Jezi «Pitit David la». Sa vle di yo sonje jan David te yon bon wa. Epitou yo t ap tann

swiv li. Yo t ap rele di: «Pitit David, gen pitye pou nou.» <sup>28</sup> Lè Jezi rive nan kay la, avèg yo pwoche sou li, li di yo: «Èske nou kwè mwen kapab fè sa?» Yo reponn li: «Wi, Granmèt.» <sup>29</sup> Apres sa, li touche je yo, li di yo: «Se pou sa fèt dapre lafwa nou.» <sup>30</sup> Je yo louvri. Jezi pale sevè ak yo, li di yo: «Pinga! Pèsonn pa dwe konn sa.» <sup>31</sup> Men, kou yo sòti, yo gaye nouvèl la nan tout peyi sa a.

### **Gerizon yon moun demon fè bèbè**

<sup>20,34;  
8,13;  
5,28</sup>

<sup>12,22-  
24;  
Lk 11;  
14-15;  
12,10;  
11,29</sup> <sup>32</sup> Yo te fèk fin sòti, moun yo mennen yon bèbè, demon kenbe, ba li. <sup>33</sup> Li chase demon an, bèbè a pale. Foul moun yo sezi, yo t ap di: «Nou pa jamm wè bagay konsa nan Izrayèl.» <sup>34</sup> Men Farizyen yo t ap di: «Se ak pouvwa chèf demon yo l ap chase demon.»

<sup>Mk 7,</sup>

<sup>32-37;</sup>

<sup>9,17;</sup>

<sup>2,12</sup>

<sup>Mk</sup>

<sup>3,22</sup>

### **Mizè foul moun yo**

<sup>Lk 10,1;  
Mt 4,23;  
12,15;  
Lk 4,44;  
Mk 6,54;  
Lk 6,17</sup>

<sup>35</sup> Jezi t ap fè wonn tout vil ak tout bouk yo. Li t ap montre anpil bagay nan sinagòg yo, nan anonsé Bon Nouvèl Peyi kote Bondye Wa a. Li t ap geri tout maladi ak tout feblès.

<sup>Mk 6,34;  
Mt 14,14;  
15,32;  
1Wa  
22,17</sup> <sup>36</sup> Lè li wè foul yo li gen pitye pou yo. Yo te fatige, yo te dekoraje, tankou mouton ki pa gen gadò. <sup>37</sup> Se lè sa a, li di patizan li yo: «Rekòt la anpil, men bann travayè yo piti. Lapriyè Mèt rekòt la pou l voye travayè nan rekòt li a.»

<sup>Lk 10,2;  
Jn 4,  
35-38</sup>

yon Mesi nasyonalis, yon Mesi ki pou Jwif yo, epi ki pral pran pouvwa nan Jerizalèm pou li mete pep la alatèt tout lòt nasyon yo. Nou kapab di se lide sa a ki te fè de moun sa yo te avèg. Yo pa t kapab wè ki kalite Mesi Jezi ye.

**9,36:** Lè Jezi wè foul yo, li gen pitye pou yo... Jezi te gen kè sansib pou moun pov yo. Chèf yo pa t okipe pèp la. Li te tankou mouton san gadò.

**9,35-36:** Jezi t ap anonsé Bon Nouvèl Peyi kote Bondye Wa a... Prensipal misyon Jezi se bay Bon Nouvèl Peyi kote Bondye Wa, sa vle di lòt kalite relasyon renmen, lòt kalite relasyon jistis nan sosyete a. Jezi mande nou chak mete ladres nou nan sèvis moun sou tè a pou nou ede geri soufrans yo. Li bezwen travayè pou rekòt Peyi kote Bondye Wa a, sa vle di kontinye memm misyon Papa a te bay Jezi a. Lespri Sen an mete anpil bon bagay nan chak pèp, men manke

**Jezi chwazi douz Apot**

Mk 3, 13-19; Lk 6, 13-16

**10** <sup>Mk 3, 13-19;  
Lk 6, 12-16;  
Mk 1,34;  
6,7;  
Lk 9,1  
Jn 1,35;  
T Ap  
1,13</sup> <sup>1</sup> Lè Jezi fin rele douz patizan li yo, li ba yo otorite sou move lespri yo, dekwa pou yo chase yo, epi pou yo geri tout maladi ak feblès. <sup>2</sup> Men non douz Apot yo : premye a, Simon, sila yo rele Pyè a, ak Andre frè li, apre sa gen Jak, ptit Zebede, ak Jan frè li, <sup>Jn 1,40;  
1,43</sup> <sup>3</sup> Filip ak Batèlmi, Toma ak Matye bibliken an, Jak ptit Alfe, ak Tade, <sup>26,25;  
27,3;</sup> <sup>4</sup> Simon moun Kanaran an, ak Jida Iskaryòt la, sila a ki te bay li a.

**Li voye yo an misyon**

Mk 6, 7-13; Lk 9, 1-6

<sup>Mk 6,7;  
Lk 9,1;  
10,1;  
9,53;  
Jn 4,9;  
T Ap 8,5</sup> <sup>5</sup> Douz sa yo, Jezi voye yo nan misyon. Men lòd li ba yo : <sup>Jer  
50,6;  
Mt  
15,24</sup> « Pa pran wout pèp etranje yo. Pa antre nan vil moun Samari yo. <sup>6</sup> Men se pou n ale pito bò kote mouton pèp Izrayèl la ki pèdi. <sup>7</sup> Sou wout nou anonsse Peyi Wa ki nan Syèl la pre rive. <sup>8</sup> Geri malad yo. Leve mò yo. Pwòpte moun ki gen lalèp yo. Chase demon yo. Nou te resevwa gratis, bay gratis. <sup>9</sup> Pa pote ni lò, ni ajan, ni ti monnen kache nan sentiwon nou, <sup>10</sup> ni brisak pou wout la, ni de rad, ni soulye, ni baton. Paske yon travayè merite manje li. <sup>11</sup> Nenpòt vil, osinon bouk kote n antre, chèche konnen si gen ladan yon

moun pou mete yo ansanm pou fòme yon komunitate vivan. Konsa Jezi mande Lapriyè Mèt rekòt la... travayè yo se moun ki reskonsab Legliz la, men tou se chak moun ki fè travay la byen kote Bondye voye li a.

**10,1-5 :** Jezi rele douz patizan li yo... Jis lè sa a, Jezi te fè yo konnen li nan prèch li yo nan sinagog Kafanawòm la. Men kounye a Jezi chwazi Apot yo kòm asosye pou fè rekòt la ansanm ak li. Li voye yo fè menm travay la.

Apot vle di yon moun yo voye. Misyon se jès moun ki voye a, oswa kote li voye a. Papa a voye Ptit li a sou tè a, epi Ptit li a bò kote pa l, voye Apot li yo. Se Lespri a ki fè Apot yo travay menm jan ak Jezi, epi se Lespri a ki fè moun yo rekonèt Jezi nan mesaje sa yo. Lespri a pral ajoute siy yo : gerizon ak gras pou li kore temwayaj mesaje yo. Misyon an se prensipal okipasyon komunitate kreyten yo.

**10,5 :** Pa pran wout pèp etranje yo. Sovè a te gen

moun respektab. Rete la jistan nou pati. <sup>12</sup> Lè n ap antre nan kay la, di 'Kè poze pou nou'. <sup>13</sup> Si kay sa merite sa, kè poze nou an ap desann sou li. Si li pa merite sa, kè poze nou an ap retouren vin jwenn nou. <sup>14</sup> Si yon moun pa resevwa nou, ni li pa koute pawòl nou yo, sòti nan kay sa a oubyen nan vil sa a, souke pousyè pye nou. <sup>15</sup> Anverite, mwen di nou sa : nan jou ijiman an, yo va trete vil sa a pi rèd pase Sodòm ak Gomò. <sup>16</sup> Men m ap voye nou tankou mouton nan mitan chen anraje, fòk nou gen ladrès tankou sèpan, fòk nou senp tankou pijon.

<sup>T Ap  
13,51;  
18,6</sup>

<sup>11,24;  
Jen  
19,24;  
2Pyè  
2,6;  
Jd 1,7</sup>

<sup>Mk 13,  
9-13;  
Lk 21,  
11-19;  
Jn 10,12;  
T Ap  
20,29;  
Wm  
16,19</sup>

**Misyonè yo ap jwenn pèsekisyon**

Mk 13,9-13; Lk 21,12-17

<sup>17</sup> Pran prekosyon nou ak moun : Yo pral trennen nou devan Sanedren an. Yo va bat nou nan sinagog yo. <sup>18</sup> Yo va trennen nou devan chèf gouvènman ak wa, poutèt mwen menm, pou n ale bay temwayaj devan yo ak pèp etranje yo. <sup>19</sup> Men, lè yo bay nou, pa enkyete nou pou nou konnen kouman nou pral pale, oubyen kisa nou pral di, menm moman an, sa nou va gen pou nou di a, nou va jwenn li, <sup>20</sup> paske se pa nou ki pral pale, men se Lespri Papa nou an ki pral pale nan nou.

<sup>Jn 16,1;  
15,27</sup>

<sup>Lk 12,  
11-12</sup>

<sup>21</sup> Frè pral bay frè l pou yo touye.

<sup>Mi 7,6</sup>

pou li reyini, an premye, mouton ki gaye yo nan pèp Izrayèl la; apre sa li ta pral sove lòt nasyon yo (Iz 49,6 ; 60,1-10 ; Zak 14,16 ; Mt 15,24).

**10,8 :** Nou te resevwa gratis, bay gratis. Yon apot, yon misyonè, se yon moun ki resevwa gratis nan men Bondye. Bondye voye l bay sa li resevwa gratis, li pa voye l ranmase ni pouvwa, ni lajan.

**10,17 :** Pran prekosyon... Jezi te pran prekosyon plizyè fwa. Premye misyonè yo te fè menm esperyans lan devan menas pèsekisyon. Lè Matye rakonte sa, kreyten yo t ap sibi pèsekisyon. Nan lang grèk mo mati vle di temwen.

**10,19 :** Pa enkyete nou ... Travay la se travay Bondye, se Lespri a ki va montre nou kouman pou nou defann tèt nou.

**10,21-23 :** Frè pral bay frè l pou yo touye... tout moun pral rayi nou. Nan epòk Matye te ekri Levanjil pa li a, Farizyen yo te fè yon reyinyon nan lavil Yamnya, yo te tonbe dakò pou yo mete

Papa pral bay pitit li. Pitit pral leve kont  
24,9; 13  
 paran yo pou fè touye yo. <sup>22</sup>Tout moun  
 pral rayi nou poutèt Non mwen. Men  
 moun ki kenbe fèm jis nan bout, se li k  
 ap sove.

<sup>16,28;</sup>  
<sup>24,27;</sup>  
<sup>25,31;</sup>  
<sup>26,64;</sup>  
<sup>Mk</sup>  
<sup>13,26</sup>  
 Si yo chase nou nan tèl vil, ale nan  
 tèl lòt. Anverite, mwen di nou: Nou p  
 ap gen tan fin fè wonn vil peyi Izrayèl  
 yo, anvan Pitit moun nan vini.

<sup>Lk 6,40;</sup>  
<sup>Jn 13,16;</sup>  
<sup>15,20</sup>  
<sup>24</sup>Elèv la pa pi wo pase pwofesè l. Ni  
 sèvitè a pa pi wo pase mèt li. <sup>25</sup>Sa ki  
 enpòtan, se pou elèv la vin tankou  
 pwofesè l, pou sèvitè a vin tankou mèt  
 li. Si yo rele mèt kay la Beyèlzeboul,  
 kisa yo p ap di sou rès moun ki nan  
 kay la?

### Pale lib san laperèz

*Lk 12,2-9*

<sup>Lk 12,</sup>  
<sup>2-7;</sup>  
<sup>Mt 5,15;</sup>  
<sup>Lk 8,17;</sup>  
<sup>11,33</sup>  
<sup>26</sup>Nou pa bezwen gen laperèz devan  
 yo. Pa gen anyen ki kouvri, ki pa pral  
 dekovouri. Pa gen anyen ki kache, moun  
 pa pral konnen. <sup>27</sup>Sa mwen di nou nan  
 fènwa, repete l gran lajounen. Sa nou  
 tande nan twou zòrèy, ananse l sou do  
 kay.

<sup>1Pyè</sup>  
<sup>3,14;</sup>  
<sup>Ap 2,10;</sup>  
<sup>Jk 4,12</sup>  
<sup>28</sup>Nou pa bezwen pè anyen bò kote  
 moun ki ka touye kò a, men ki pa ka

tout moun ki rekonèt Jezi se Mesi deyò nan sina-gòg yo. Yo te bat yo. Yo te trennen yo devan tri-binal.

—*Si yo chase nou nan tèl vil...* Gen kèk maniskri ki pa bay fraz sa a. Jezi di li pa nesesè pou kreyen an al chèche lanmò, men li di tou, pèse-kisyon fè evanjelizasyon an vanse. Pòl pral gen menm konviksyon sa a (T Ap 20,22-24). Nan Apokalips la y al pi lwen, lanmò temwen yo fè listwa sakre a vanse.

**10,28:** *Nou pa bezwen pè anyen...* Jezi déjà di: «Nou pa bezwen pè», lè li te envite nou pa chèche sekirite lajan. Jezi déjà di: «Nou pa bezwen pè pèsekisyon.» Si nou pè mouri nou pa kapab swiv Jezi jis nan bout.

**10,29:** *Eske yo pa vann de zwazo pou yon las?* Yon las te yon ti kòb. Pa egzanp: yon denye te kantite lajan yon moun te konn touche pou yon jounen travay. Si nou separe yon denye pa 16, n ap gen valè yon las. Nan monnen jodi a yon las se apeprè 0,05 dola ameriken. Jezi vle montre si ti zwazo sa a gen valè pa l, patizan yo gen anpil valè devan je Papa a. Se Papa ki pran swen lavi pitit li yo, ki temwen Jezi.

**10,32:** *Tout moun ki pran pati pou mwen...* Jezi fin pale sou pouvwa Papa li a, epi li mete tèt

touye nanm nan. Men pito nou pè sila  
 a ki ka lage ni nanm nan ni kò a nan  
 lanfè. <sup>29</sup>Èske yo pa vann de zwazo pou  
 yon las? Youn nan yo p ap tonbe atè  
 san Papa nou pa konnen. <sup>30</sup>E nou  
 menm? Tout cheve nan tèt nou konte.  
<sup>31</sup>Nou pa bezwen pè, nou vo piplis  
 pase yon bann zwazo.

<sup>1Sam</sup>  
<sup>14,45;</sup>  
<sup>T Ap</sup>  
<sup>27,34</sup>  
<sup>6,26;</sup>  
<sup>12,12</sup>  
<sup>Mk 8,38;</sup>  
<sup>Lk 12,</sup>  
<sup>8-9;</sup>  
<sup>9,26;</sup>  
<sup>21m</sup>  
<sup>2,12;</sup>  
<sup>Ap 3,5</sup>  
<sup>32</sup>Tout moun ki pran pati pou mwen  
 devan moun, mwen menm tou m ap  
 pran pati pou li devan Papa m ki nan  
 syèl la. <sup>33</sup>Men, moun ki nye m devan  
 moun, mwen menm tou m ap nye l  
 devan Papa m ki nan syèl la.

### Egzijans pou nou swiv Jezi

*Lk 12,51-53*

<sup>34</sup>Nou pa bezwen konprann mwen  
 vin pote lapè sou tè a. Mwen pa vin  
 pote lapè, men yon manchèt, <sup>35</sup>paske  
 mwen vin mete pitit gason dozado ak  
 papa l, pitit fi dozado ak maman l, bèlfî  
 dozado ak bèlmè l. <sup>36</sup>Se pwòp moun  
 lakay ou k ap vin lènmi w.

*Lk 14,26-27*

<sup>37</sup>Yon moun ki renmen papa l ou-  
 byen manman l piplis pase m, li pa

<sup>Lk 12,</sup>  
<sup>51-53;</sup>  
<sup>2,34;</sup>  
<sup>22,36</sup>

<sup>Mi 7,6</sup>

<sup>Lk 14,</sup>  
<sup>26-27;</sup>  
<sup>Mk 8,34;</sup>  
<sup>Lk 9,23;</sup>

li nan menm nivo ak Papa a, se li ki pral deside  
 sò nou pou toutan. Jezi pa di sèlman pou nou  
 aksepte l nan lavi nou, men li di pou nou pa nye  
 l devan lòt moun.

**10,34:** *Nou pa bezwen konprann mwen vin pote lapè...* Nan lang kreyòl la nou gen de mo  
 pou n pale sou lapè: *lapè ak kè poze*. Nou  
 kapab di *lapè* se viv byen youn ak lòt nan sosyete  
 a. *Kè poze* se travay Lespri Sen an fè nan nou  
 chak pou li ba nou menm santiman Jezi te  
 genyen yo. *Kè poze* moun ki kwè an sòti nan  
 konviksyon Bondye renmen l. Se sa Jezi ban  
 nou. Men Jezi pa bay lapè tankou sosyete kote n  
 ap viv la. Lapè sosyete a se yon aparans, se kou-  
 vri anpil enjistik gwo nèg yo, se kase fèy kouvri  
 sa. Se pa lapè sa a Jezi pote ban nou. Chwazi  
 Jezi Kri kapab pote divizyon nan pwòp fanmi w.

—*Mwen pa vini pote lapè, men yon manchèt...* Levanjil la toujou pote divizyon nan mitan yon  
 sosyete ki pa kòrek. Yon sèl kreyen ki viv nan  
 laverite Jezi Kri a, kont pou li bay anpil moun kè  
 sote. Levanjil la pa pote yon lapè kase fèy kouvri  
 sa, men li mande nou pran desizyon ki kapab fè  
 nou soufri gen de lè, ki kapab fè pwòp zanmi  
 nou wete kò li sou nou.

**10,37:** *Li pa alawotè m...* Kenbe fèm yon kretyen se pou Jezi li ye. Kenbe fèm sa a dwe rive

12,9;  
DtW  
33,9  
16,  
24-25  
Mk 8,  
34-35;  
Lk 9,  
23-24;  
Jn 17,33;  
Jn 12,25  
alawotè m. Yon moun ki renmen ptit gason l oubyen ptit fi l piplis pase m, li pa alawotè m. <sup>38</sup>Yon moun ki pa pran kwa l epi li swiv mwen, li pa alawotè m. <sup>39</sup>Yon moun ki jwenn lavi l, l ap pèdi l, e yon moun ki pèdi lavi l poutèt mwen, l ap jwenn li.

<sup>18,5;</sup>  
<sup>Mk 9,37;</sup>  
<sup>Lk 9,48;</sup>  
<sup>10,16;</sup>  
<sup>Jn 12,</sup>  
<sup>44-45;</sup>  
<sup>13,20;</sup>  
<sup>Gal 4,14</sup>  
<sup>1Wa</sup>  
<sup>17,9;</sup>  
<sup>2Wa</sup>  
<sup>4,8</sup>  
mwen li resevwa. Yon moun ki resevwa mwen, li resevwa Sila ki voye mwen an. <sup>41</sup>Yon moun ki resevwa yon pwofèt poutèt li se yon pwofèt, l ap resevwa rekompans yon pwofèt, e yon moun ki resevwa yon moun ki kòrèk poutèt li se yon moun kòrèk, l ap resevwa rekompans yon moun ki kòrèk. <sup>42</sup>Nenpòt moun ki ta bay youn nan ti piti sa yo yon sèl vè dlo fre poutèt li se yon patizan, anverite, mwen di nou: li p ap pèdi rekompans li. »

**11** <sup>1</sup>Lè Jezi fin pale konsa ak douz patizan li yo, li pati pou l al montre anpil bagay, epi pou l al preche nan vil yo.

### Jezi rann Janbatis temwayaj

Lk 7,18-28

<sup>Lk 7,</sup>  
<sup>18-28</sup>  
<sup>Iz</sup>  
<sup>26,19;</sup>  
<sup>35,5-6;</sup>  
<sup>42,18;</sup>  
<sup>61,1</sup>  
<sup>13,57;</sup>  
<sup>26,31;</sup>  
<sup>Jn 6,61</sup>  
2Antan Jan te nan prizon, li tandé pale sou zèv Kris la. Li voye nan patizan li yo <sup>3</sup>al mande l: «Èske se ou menm sila k ap vini an, oubyen èske nou dwè tann yon lòt? » <sup>4</sup>Jezi reponn, li di yo: «Al rapòte bay Jan sa nou tandé ak sa nou wè: <sup>5</sup>avèg wè, kokobe mache, moun ki gen lalèp vin pwòp, moun soud tandé, mò leve, moun pòv tandé Bon Nouvèl la. <sup>6</sup>Ala chans pou moun ki p ap bite poutèt mwen. »

<sup>21,32;</sup>  
<sup>Mk 9,13;</sup>  
<sup>Lk</sup>  
<sup>16,16</sup>  
<sup>7</sup>Antan yo ta prale, Jezi kòmanse pale foul yo sou Jan: «Kisa nou t al

jouk nou bay lavi nou pou Jezi, ak pou pwojè li a. Konsa nou ka alawotè misyon li ban nou an.

### Twazyèm pati: Wayòm syèl la se yon bagay sekèr (Matye 11-13)

**11,2:** Jan voye nan patizan li yo al mande l... Janbatis gen dout sou Jezi akòz li pa fè sa l ap tann: yon jjiman sevè ak pèp la. Jezi pa reponn

chèche nan dezè a? Yon pye zèb van ap souke? <sup>8</sup>Men, kisa nou t al wè? Yon nèg ki abiye fen? Men, moun ki abiye fen se kay wa yo rete. <sup>9</sup>Men, kisa nou t al wè? Yon pwofèt? Wi! Se sa menm. Mwen di nou: piplis pase yon pwofèt. <sup>10</sup>Se sou li menm pawòl sa a te ekri:

<sup>14,5;</sup>  
<sup>21,26;</sup>  
<sup>Lk</sup>  
<sup>1,76;</sup>  
<sup>Dtw</sup>  
<sup>18,15;</sup>  
<sup>Jn</sup>  
<sup>1,15;</sup>  
<sup>6,14</sup>

*'Men m ap voye mesaje m nan pou pran devan w.'*

*'Li pral prepare wout ou devan w.'*

<sup>11</sup>Anverite, mwen di nou sa, nan pamí tout ptit fi fè, pa gen youn ki pi gran pase Janbatis. Epoutan, pi piti nan Peyi Wa ki nan Syèl la pi gran pase l. <sup>12</sup>Sòti nan tan Janbatis rive kounye a, Peyi Wa ki nan Syèl la anba presyon. Se moun ki fè fòs ki rive jwenn li. <sup>13</sup>Se konsa, tout pwofèt yo ansanm ak Lalwa a, jis rive sou Jan, te konn anonse pawòl la. <sup>14</sup>Si nou vle kwè mwen, Eli, ki gen pou li vini an, se li menm. <sup>15</sup>Sa ki gen zòrèy, tandem.

<sup>Lk</sup>  
<sup>16,16;</sup>  
<sup>Mt 5,18</sup>

<sup>Mal 3,23;</sup>  
<sup>Mk 9,11;</sup>  
<sup>Lk 1,17;</sup>  
<sup>Jn 1,21</sup>

Ap 2,7

<sup>16</sup>Avèk ki moun mwen ta konpare jenerasyon sa a? Li sanble ak timoun ki chita sou plas piblik. Youn ap rele lòt, <sup>17</sup>y ap di:

<sup>Lk 7,</sup>  
<sup>31-35</sup>

*Nou jwe flit pou nou,*

*epi nou pa danse.*

*Nou chante chante lanmò,*

*epi nou pa kriye.*

Lk 7,31-35

<sup>Lk</sup>  
<sup>1,15;</sup>  
<sup>Mt 3,4;</sup>  
<sup>9,14</sup>

<sup>18</sup>Se konsa Jan vini, li pa manje, li pa bwè. Yo di: li gen yon demon.

<sup>19</sup>Ptit moun nan vini, li manje, li bwè. Yo di: 'Li se yon moun saf, yon tafyatè, li se zanmi piblik ak pechè yo.' Men se nan zèv li yo, sajès la jwenn jistis. »

<sup>9,11;</sup>  
<sup>Lk 15,1;</sup>  
<sup>Mt</sup>  
<sup>19,17</sup>

ak pawòl men ak aktivite delivrans li an. Jezi pote yon delivrans toutbon vre pou nou. Li prezante tèt li kòm Mesi moun pòv yo..

**11,11:** Pa gen youn ki pi gran pase Janbatis. Janbatis pi gran pase lòt pwofèt yo paske se li menm ki te prepare chemen Kris la. Moun ki nan kominate Jezi yo pi gran pase Janbatis, paske yo deja nan mèvèy Reny Bondye a.

**Malè pou vil ki pa repanti yo***Lk 10,13-15*

<sup>Lk 10, 13-15; Mt 13,58; Jn 15,24; 12,37</sup>  
<sup>Mk 6,6; Iz 23, 1-18; Ezk 26, -28; Am 1,9; Zak 9,2; Est 4,1</sup>  
<sup>Jl 3,4</sup>  
<sup>Iz 14, 13,15; Jen 19, 2Pyé 2,6</sup>  
<sup>10,15</sup>  
<sup>23-28; LK 6, 1-5; Dtw 23,26</sup>  
<sup>20 Lè sa a, vil kote li te fè piplis mirak yo, Jezi te kòmanse fè yo repwòch poutèt kè yo pa t chanje. <sup>21</sup> Malè pou ou Korazin! Malè pou ou Betsayida! Paske si mirak ki fèt lakay ou yo te fèt nan Ti ak Sidon, se lontan yo ta pran sak ak sann pou yo fè penitans. <sup>22</sup> Mwen di nou ankò: Nan jou jijman an, yo va trete nou pi rèd pase Ti ak Sidon. <sup>23</sup> E ou menm Kafanawòm? Èske yo pral leve w jis nan syèl? Yo pral jete w jis nan lanfè, paske si mirak ki fèt lakay ou yo te fèt nan Sodòm, li t ap la jis kounye a. <sup>24</sup> Mwen di nou ankò: Nan jou jijman an, yo va trete w pi rèd pase Sodòm.</sup>

**Moun ki tou senp konprann Levanjil la***Lk 10,21-22*

<sup>Lk 10, 21-22; Jn 7, 48-49; 1Kor 1, 17-29</sup>  
<sup>28,18; Jn 3,35; 13,3; 17,2; Fip 2,9; Wis 2,13; Jn 1,18; 10,15</sup>  
<sup>Ektk 24,19; Jer 3,25; Oze 10,11;</sup>  
<sup>Li te grangou ansanm ak mesye ki te avè l yo? <sup>4</sup>Kijan li te antre nan kay Bondye a, kijan yo te manje pen yo te ofri bay Bondye? Ni li menm, ni nèg ki te avè li yo, pa t gen dwa manje yo. Se prêt yo sèlman ki te gen dwa sa a. <sup>5</sup>Oubyen èske nou pa li nan Lalwa: Jou saba a, prêt yo nan Tamp la vyole saba a, san yo pa antò? <sup>6</sup>Mwen di nou sa: Isit la, gen pi gran pase Tamp la. <sup>7</sup>Si nou te konprann sa sa vle di: ‘Se kè sansib mwen vle, se pa ofrann bêt yo touye’, nou pa ta kondane moun ki inosan.’ <sup>8</sup>Reyèlman vre, Pitit moun nan se mèt saba a. »</sup>

<sup>25 Lè sa a, Jezi pran lapawòl, li di: « Mwen fè konpliman pou ou, Papa, ou menm ki mèt syèl la ak hè a, poutèt ou kenbe bagay sa yo kache pou moun bon konprann ak moun save yo, epi ou mete yo aklè devan moun ki piti yo. <sup>26</sup>Wi! Papa, se sa ki bèl devan w. <sup>27</sup>Papa m te renmèt mwen tout bagay. Epi, pèsonn pa konnen Pitit la, anwetan Papa a. Ni pèsonn pa konnen Papa a, anwetan Pitit la, epi moun Pitit la vle montre sa aklè.</sup>

<sup>28 Vin jwenn mwen, nou tout k ap redi, k ap pote chay, epi, mwen, m a fè nou repoze. <sup>29</sup>Chaje nou anba jouk mwen</sup>

**11,21 : Korazin ak Betsayida.** De vil Jwif sa yo te gen lekòl siperyè pou reliyon, men yo pa t akeyi Levanjil la. Ti ak Sidon se te de vil etranje.

**11,25 : Mwen fè konpliman pou ou, Papa...** Lapriyè sa a montre nou santiman Jezi genyen nan fon kè I pou Papa I. Jezi fè Bondye Papa a konpliman paske li montre moun pòv yo figi li, kilès li ye. Se esperyans sa a Jezi genyen nan misyon li. Moun ki senp, ki gen kè fran, se yo ki dekouvrir travay Bondye fè nan Jezi.

**11,27 : Papa m te renmèt mwen tout bagay...** Bondye te fè tou sa ki nesesè pou toutan, epi tout kote moun jwenn chemen pou al jwenn li. Men se Jezi ki montre nou Papa a toutbon vre.

**11,28-29 : Vin jwenn mwen, nou tout k ap**

an, pran lesion nan men mwen, paske mwen tou dou e kè mwen tou senp. Nou va jwenn repo pou lavi nou. <sup>30</sup>Jouk mwen an fasil, chay mwen an lejè. »

<sup>Pwv 3,17; Jer 6,16</sup>  
<sup>1Jn 5,3; Gal 5,1; T Ap 15,10</sup>

**Patizan yo rache zepi ble***Mk 2,23-28; Lk 6,1-5*

**12** <sup>Mk 2, 23-28; LK 6, 1-5; Dtw 23,26</sup>  
<sup>1Lè sa a, Jezi vin ap pase nan mitan yon jaden yon jou saba. Patizan li yo te grangou. Yo mete rache zepi ble pou yo manje. <sup>2</sup>Farizyen yo wè sa, yo di li: « Men patizan w yo ap fè bagay moun pa gen dwa fè jou saba a. » <sup>3</sup>Li di yo: « Nou pa t li sa David te fè, hè li te grangou ansanm ak mesye ki te avè l yo? <sup>4</sup>Kijan li te antre nan kay Bondye a, kijan yo te manje pen yo te ofri bay Bondye? Ni li menm, ni nèg ki te avè li yo, pa t gen dwa manje yo. Se prêt yo sèlman ki te gen dwa sa a. <sup>5</sup>Oubyen èske nou pa li nan Lalwa: Jou saba a, prêt yo nan Tamp la vyole saba a, san yo pa antò? <sup>6</sup>Mwen di nou sa: Isit la, gen pi gran pase Tamp la. <sup>7</sup>Si nou te konprann sa sa vle di: ‘Se kè sansib mwen vle, se pa ofrann bêt yo touye’, nou pa ta kondane moun ki inosan.’ <sup>8</sup>Reyèlman vre, Pitit moun nan se mèt saba a. »</sup>

<sup>1Sam 21,2-7; Lev 24, 5-9</sup>

<sup>Res 28,9</sup>

<sup>12,41; Lk 11,31</sup>

<sup>9,13; Oze 6,6</sup>

<sup>Jn 5, 16-17</sup>

**Jezi geri yon moun ki gen men chèch***Mk 3, 1-6; Lk 6,6-11*

<sup>Mk 3, 1-6; Lk 6, 6-11</sup>  
<sup>Lk 14,3</sup>  
<sup>9 Li travèse sòt la, li rive nan sinagòg yo a. <sup>10</sup>Te gen yon nèg ak men chèch. Yo mande l kesyon. Yo di: « Èske moun gen dwa fè gerizon jou saba a? » Se</sup>

redi, k ap pote chay epi mwen, m a fè nou repoze. Farizyen yo te mete gwo chay Lalwa Moyiz la sou do ti pép la. Moun pòv yo te bouke anba gwo chay sa a. Fason yo te konprann Lalwa a, Lalwa a te tankou yon jouk bèf sou tèt yo (Mt 23,4). Men Jezi, se yon mèt ki pasyan, yon mèt ki dou, ki fè nou dekouvrir kè sansib Bondye gen pou nou.

**12,1 : ...yon jou saba....Patizan yo mete rache zepi ble....** Chay Lalwa Jwif yo te lou anpil e sa pa t ede pép la dekouvrir Bondye. Gen kote yo te vle fè premye kretyen yo tounen anba jouk Lalwa Moyiz la. Pou Jezi lavi pèp la pi enpòtan pase nenpòt ki Lalwa. Pyès moun pa kapab blije nou swiv yon lwa ki ale kont lavi moun.

pou yo te kapab akize I. <sup>11</sup>Li menm menm, li di yo: « Kilès moun nan nou, si li gen yon gress mouton, e li tonbe nan yon twou jou saba, ki pa ta pran I, rale I monte? <sup>12</sup>Moun gen plis valè pase mouton. Se poutèt sa, yo gen dwa fè sa ki byen jou saba. » <sup>13</sup>Apre sa, li di nèg la: « Lonje men w. » Li lonje I. Men an tounen enganm tankou lòt la. <sup>14</sup>Farizyen yo sòti al fè konplo kont li, pou kalkile kijan pou yo disparèt li.

<sup>6,26;</sup>  
<sup>10,31;</sup>  
<sup>Lk 12,7;</sup>  
<sup>13,16;</sup>  
<sup>Jn 7,23</sup>

<sup>Jn 5,9;</sup>  
<sup>9,14</sup>

<sup>27,1;</sup>  
<sup>Mk</sup>  
<sup>11,18;</sup>  
<sup>Jn 5,16</sup>

### Jezi: sèvitè Bondye chwazi a

<sup>Lk 6,17;</sup>  
<sup>Mt 14,35</sup>

<sup>8,4;</sup>  
<sup>9,30;</sup>  
<sup>Mk 3,12;</sup>  
<sup>5,43;</sup>  
<sup>7,36</sup>

<sup>15</sup> Jezi menm ki konnen sa, pati kite zòn nan. Anpil moun t ap swiv li. Li geri yo tout. <sup>16</sup>Li pase yo lòd pou yo pa fè moun konnen li, <sup>17</sup>pou sa pwofèt Izayi te di a rive:

<sup>Iz 42,</sup>  
<sup>1,4</sup>

<sup>18</sup> Men sèvitè m nan mwen chwazi a, li menm mwen renmen an.  
Se nan li mwen jwenn kè kontan mwen.  
M ap mete Lespri mwen an sou li.  
Li pral anonse jijman bay nasyon yo.  
<sup>19</sup> Li p ap nan diskisyon. Li p ap nan pale fò.  
Pèsonn moun p ap tandé vwa l nan kafou.  
<sup>20</sup> Li p ap kraze pye zèb ki panche a.  
Li p ap tenyen mèch k ap bay ti lafi men an.  
Jistan li fè jijman pran pye nèt.  
<sup>21</sup> Se nan non li nasyon yo pral mete lespwa yo.

### Jezi ak Beyèlzeboul

Mk 3,20-30; Lk 11,14-23; 12,10

<sup>Lk 11,</sup>  
<sup>14-30;</sup>  
<sup>Mt 9,</sup>  
<sup>32-34</sup>

<sup>Mk</sup>  
<sup>3,22</sup>

<sup>22</sup> Apre sa, yo mennen yon moun demon kenbe ba li. Yon moun avèg ak bèbè an menm tan. Li geri I. Kifè, moun bèbè a pale epi li wè. <sup>23</sup>Tout foul moun yo sezi, yo di: « Èske Sila a, se pa pitit David la? » <sup>24</sup>Lè Farizyen yo menm tandé sa, yo di: « Sila a pa kapab chase

demon yo, si se pa grasa Beyèlzeboul, chèf demon yo. »

<sup>25</sup>Lè li wè santiman yo, li di yo: « Tout peyi wa ki divize pa anndan, ap detwi. Tout vil, tout kay ki divize pa anndan, p ap rete kanpe. <sup>26</sup>Konsa, si Satan chase Satan, li divize ak tèt li pa anndan. Kouman peyi wa li a ap fè rete kanpe? <sup>27</sup>Si mwen menm se pa pouvwa Beyèlzeboul mwen chase demon, pitit nou yo ak kisa yo chase yo? Se poutèt sa, se yo menm menm k ap tounen jij nou. <sup>28</sup>Men, si se pa pouvwa Lespri Bondye mwen chase demon yo, sa vle di Peyi kote Bondye Wa a rive sou nou.

<sup>T Ap</sup>  
<sup>10,38</sup>

<sup>29</sup>Oubyen, kijan yon moun ta kapab antre nan kay yon gason vanyan pou li fè dappiyant sou byen li yo, si li pa mare gason vanyan sa a anvan, epi lè sa a pou li piye kay la?

<sup>Iz</sup>  
<sup>49,24;</sup>  
<sup>Jn</sup>  
<sup>12,31</sup>

<sup>30</sup>Sa ki pa ak mwen, li kont mwen. Sa ki p ap ranmase ak mwen l ap gaye. <sup>31</sup>Se pou sa mwen di nou: Y ap padonnen tout peche ak tout mank respè moun fè kont Bondye, <sup>32</sup>men mank respè yo fè kont Lespri a, yo p ap janm padonnen sa. Yon moun ki ta rive di yon pawòl kont Pitit moun nan, yo va padonnen l. Men yon moun ki ta rive pale kont Lespri Sen an, yo p ap padonnen li sa, ni nan tan n ap viv la, ni nan tan k ap vini an.

<sup>Mk 9,38;</sup>  
<sup>Lk 9,49;</sup>  
<sup>Mk 9,40;</sup>  
<sup>Lk 9,50</sup>

<sup>10,19;</sup>  
<sup>Mk 8,38;</sup>  
<sup>Lk 9,26;</sup>  
<sup>21,14;</sup>  
<sup>17m</sup>  
<sup>1,13;</sup>  
<sup>Lk 12,10</sup>

### Bon pyebwa bay bon fwi

Lk 6,43-45

<sup>33</sup>Sipoze yon pyebwa bon, fwi l ap donnent yo, ap bon tou. Sipoze yon pyebwa pa bon, fwi li donnent an p ap bon tou. Reyèlman vre, se nan fwi, yo va rekonèt yon pyebwa. <sup>34</sup>Ras sèpan, kouman fè nou kapab pale bon bagay, antan nou move? Paske, se ak sa

<sup>7,16-20;</sup>  
<sup>Lk 6,</sup>  
<sup>43-45</sup>

<sup>3,7;</sup>  
<sup>23,33;</sup>  
<sup>Lk 3,7</sup>

**12,30-32 :** Mank respè yo fè kont Lespri a... Se moun ki gen movèz fwa ki wè yon bagay ki pa vle aksepte I. Yo wè travay k ap fèt la se travay Lespri Sen an, yo pa vle aksepte I, yo di se travay Satan. Se moun ki pa vle chanje, e poutèt sa yo pa kapab jwenn padon.

**12,33 :** Sipoze yon pyebwa bon, fwi li ap donnent yo ap bon tou. Jezi ban nou yon prensip pou nou konnen kilès yon moun ye : tandé sa l ap di. Si kè I bon, se bon pawòl l ap di. Si kè I pa bon, se move pawòl l ap di.

k ap debòde sòti nan kè a, bouch la ap pale. <sup>15,18; Mk 7,21</sup> <sup>35</sup>Bon moun pran bon bagay mete deyò sot nan bon trezò l. Move moun pran move bagay mete deyò sot nan move trezò l. <sup>36</sup>Mwen di nou sa: Jou jijman an, moun ap gen pou yo rann kont pou tout pawòl vid yo te pale. <sup>37</sup>Se sou pawòl ou y ap deklare w kòrèk. Se sou pawòl ou tou y ap kondane w. »

### **Siy Jonas la**

*Mk, 8, 1-12; Lk 11,29-32*

<sup>11,12; Lk 11,16;</sup> <sup>11,29-32;</sup> <sup>Mt 16, 1-4; 1Kor 1,22; Lk 12,1</sup> <sup>38</sup>Lè sa a, gen kèk pwofesè Lalwa ak Farizyen ki pran lapawòl pou yo di: « Pwofesè, nou vle wè yon siy ou fè. » <sup>39</sup>Li reponn yo: « Yon ras ki mechan e ki adiltè, ap mande siy. Yo p ap ba li lòt siy pase siy pwofèt Jonas la. <sup>40</sup>Paske menm jan Jonas te nan vant labalèn nan twa jou twa nwit, se konsa Pitit moun nan ap anba tè a, pou twa jou twa nwit. <sup>41</sup>Moun Niniv ap leve kanpe ansanm ak ras sa a nan jou jijman an, e y ap kondane l, paske yo te chanje kè yo lè Jonas t al preche yo. Epoutan gen piplis isit la pase Jonas. <sup>42</sup>Rèn Peyi Sid yo ap leve kanpe ansanm ak ras sa a nan jou jijman an, e l ap kondane l, paske li te sòti nan dènye bout tè a pou li vin tande bon konprann Salomon. Epoutan gen piplis isit la pase Salomon.

### **Move lespri a retounen**

*Lk 11,24-26*

<sup>1Wa 10, 1-10; Lk 11, 24-26</sup> <sup>43</sup>Lè move lespri a sòti nan yon moun, l al flannen nan kote ki pa gen dlo, antan l ap chèche yon kote pou li poze, men li pa jwenn. <sup>44</sup>Lè sa a li di:

**12,38-40 :** Pwofesè nou vle wè yon siy ou fè. Jezi pa t fè mirak jou sa a, paske Farizyen yo te vle pran l nan pyèj olye yo koute l. Yo ta vle wè yon siy, yon bagay ki fèt ak gwo pouvwa, kòm li gen pouvwa Bondye. Sèl siy Jezi ap ba yo se lanmò l ak leve byan vivan an.

*Yon ras ki mechan e ki adiltè... Adiltè pa vle di isit la peche lachè, men se moun ki twonpe Bondye, ki nan sèvis zidòl (renmen lajan, anvi pouvwa,...).*

M ap retounen lakay mwen, kote mwen te sòti a. Li tounen, li jwenn kay la lib, byen bale, byen ranje. <sup>45</sup>Menm lè a, li pati, l al chèche konkou sèt lòt lespri pi move pase l. Yo vin tabli yo nan kay la. Ka moun sa vin pi mal pase anvan. Se konsa sa pral fèt pou ras pa bon sa a! »

### **Manman Jezi ak frè 1 yo**

*Mk 3,31-35; Lk 8,19-21*

<sup>Mk 5,9;  
Lk 8,2;  
Jn 5,14;  
2Pyè  
2,20</sup>

<sup>46</sup>Antan li t ap pale ak foul moun yo, manman l ak frè l yo vin kanpe deyò a. Yo t ap chèche pale ak li. <sup>47</sup>Gen yon moun ki di l: « Men manman w ak frè w yo kanpe deyò a, y ap chèche pale ak ou. » <sup>48</sup>Li reponn moun ki t ap pale ak li a, li di l: « Kilès ki manman m? Kilès ki frè m yo? » <sup>49</sup>Li lonje men l sou patizan l yo, li di: « Men manman m, men frè m yo. <sup>50</sup>Nenpòt moun ki fè volonté Papa mwen ki nan syèl la, moun sa a li se yon frè, yon sè, li se yon manman pou mwen. »

<sup>Mk 3,  
31-35;  
Lk 8,  
19-21;  
Jn 2,12;  
T Ap  
1,14</sup>

<sup>Lk 2,  
49-50</sup>

**13** <sup>1</sup>Jou sa a, Jezi sòti nan kay la, l al chita bò lanmè a. <sup>2</sup>Anpil moun vin sanble kote l, sitèlman li blije monte chita nan yon kannòt. Tout foul la te rete kanpe bò lanmè a. <sup>3</sup>Li rakonte yo anpil bagay anparabòl.

<sup>Mk 4,  
1-9;  
Lk 8,  
4-8;  
5,1</sup>

### **Parabòl moun ki t ap simen an**

*Mk 4,3-9; Lk 8,5-8*

Li di: « Moun ki konn simen an sòti pou li simen. <sup>4</sup>Nan simen l ap simen an, gen yon pòsyon ki tonbe bò wout la. Zwazo vini, yo manje yo.

<sup>5</sup>Yon lòt tonbe sou wòch, kote ki pa gen anpil tè. Yo leve vit paske tè a pa

**12,43-45 :** Lè ou chanje kè w, se pou w kenbe fèm ladan. Si w tonbe nan peche ankò, nan fè mal, lènmi a ap atake w pi rèd. Se sa ki pral rive jenerasyon sa a ki pa vle chanje kè l toutbon vre.

**12,46 :** Manman l ak frè l yo... Nan epòk sa a frè ak sè, sa vle di fanmi tankou kouzen, kouzin. Pou Jezi se pa relasyon fanmi ki pi konsekan, men se relasyon lafwa, moun ki fè volonté Papa a.

twò fon. <sup>6</sup>Kou solèy leve, yo chode. Kòm yo pa t gen rasin, yo cheche. <sup>7</sup>Gen lòt ki tonbe nan raje pikan, raje pikan yo grandi, yo toufe yo. <sup>8</sup>Gen lòt ki tonbe nan bon tè, epi yo donne, youn bay san, yon lòt bay swasant, yon lòt bay trant. <sup>9</sup>Moun ki gen zòrèy, tande wi!"

### Poukisa Jezi pale anparabòl

*Mk 4,10-12; Lk 8,9-10*

<sup>Mk 4, 10-12;  
Lk 8, 9-10</sup> <sup>1Kor 4,1;  
Ef 3,3;  
6,19;  
Kol 2,2</sup> <sup>25,29;  
Lk 19,26</sup> <sup>Iz 6, 9-10;  
Jn 12,40;</sup> <sup>TAp 28,  
26-27</sup> <sup>11,15;  
13,43;  
Mk 4,23;  
Lk 14,35;  
Ap 2,7</sup> <sup>10 Patizan l yo pwoche kote l, yo di l : « Poukisa se anparabòl w ap pale ak yo ? » 11 Li reponn, li di yo : « Nou menm, yo ba nou pouvwa pou nou konnen sekrè Peyi Wa ki nan Syèl la, men yo pa bay lòt moun sa, 12 paske moun ki genyen, y ap ba li, epi l ap gen anpil anpil. Men moun ki pa genyen, ata sa li genyen an y ap wete l nan men l. 13 Se poutèt sa, se anparabòl mwen pale ak yo, paske y ap gade, yo pa wè, y ap koute, yo pa tande, ni yo pa konprann. » 14 Eben, pawòl pwofet Izayi te di a rive pou yo :</sup>

*Tout koute nou koute, nou p ap konprann.*

*Tout gade nou gade, nou p ap wè.*

*15 Kè pèp sa a bouche. Yo tande di nan zòrèy yo. Yo fèmen je yo.*

*Pou yo pa wè ak je yo, pou yo pa tande ak zòrèy yo, pou yo pa konprann nan kè yo, pou yo pa kase tèt tounen, pou mwen pa geri yo.*

<sup>Lk 10, 23-24</sup> <sup>Ef 3,5;</sup> <sup>1Pyè 1,12</sup> *16 Nou menm menm, se chans pou je nou paske yo wè. Se chans pou zòrèy nou paske yo tande. 17 Anverite,*

**13,1-10:** Jezi gaye pawòl la pou tout moun jwenn. Tout moun jwenn chans yo.

**13,11:** Nou menm, yo ba nou pouvwa pou nou konnen sekrè Peyi Wa ki nan syèl la... Moun sa yo se nou menm ki pran Jezi k ap rele nou an oserye, epi ki deside swiv li. Paske nou vin travay ak Kris la, Papa a pral devwale sekrè li ban nou. Jezi pale anparabòl, paske moun yo sitèlman move, sitèlman refize limyè pou yo ta chanje, li pale yon fason pou si yo ta vle konprann, yo p ap konprann. Sa fè nou sonje jan Bondye te aji ak farawon (Egz 4,21).

**13,12:** ... moun ki genyen, y ap ba li... Vèb

mwen di nou sa : Anpil pwofèt ak moun ki kòrèk te anvi wè sa n ap wè a, yo pa t wè l. Yo te anvi tande sa n ap tande a, yo pa t tande l.

### Sa parabòl moun k ap simen an vle di

*Mk 4,13-20; Lk 8,11-15*

<sup>Mk 4, 13-20;  
Lk 8, 11-15</sup> <sup>Lk 12, 16-21;  
17m 6,9</sup> <sup>Jn 15, 8,16;  
Gal 5,22</sup> <sup>18 Nou menm, koute parabòl sou moun ki t ap simen an. 19 Tout moun ki tande Pawòl Peyi Wa a, san li pa konprann li, Malveyan an vini, li rache sa ki te simen nan kè li a. Moun sa a, se pòsyon ki te simen bò wout la. 20 Pòsyon ki te tonbe sou wòch la, se moun ki tande Pawòl la, menm lè a li resevwa l ak kè kontan. 21 Men li pa gen rasin nan li, li se mòde lage. Kou tribilasyon oswa pèsekisyon mete pye akòz Pawòl la, menm lè a, li tonbe. 22 Pòsyon ki simen nan raje pikan an, se moun ki tande Pawòl la, men traka lavi a ak plezi richès toufe Pawòl la. Li rete san donne. 23 Pòsyon ki simen nan bon tè a, se moun ki tande Pawòl la, epi ki konprann li jistan li donne, youn bay san, yon lòt bay swasant, yon lòt bay trant.</sup>

### Parabòl move gress nan

<sup>24 Li ba yo yon lòt parabòl. Li di yo : « Peyi Wa ki nan Syèl la, se tankou yon moun k ap simen bon gress nan jaden l. 25 Pandan moun li yo ap dòmi, lènmi li an vini, li simen move zèb zizanni nan mitan ble a, epi li mete deyò. 26 Lè ble a boujonnent, epi li vin donne, se lè a move zèb zizanni an parèt. 27 Moun k ap travay pou mèt tè a vin di l : 'Mèt,</sup>

«genyen» an vle di pwodi, bay yon rezilta, fè piplis, menm jan ak pyebwa ki donne. Sa vle di, se moun ki fè kado Bondye yo donne, yo genyen, y ap jwenn kichòy. Men moun ki pa fè yo pwodi, se kòmsi yo pa gen anyen.

**13,24:** Parabòl move gress nan. Jezi reponn moun ki te sezi lè yo wè mal la gaye toupatou. Jis listwa nou rive bout, byen ak mal ap toujou melanje. Bondye respekte libète moun epi li gen pasyans ak nou. Se pa wòl nou pou nou deside kareman sa ki pi bon, sa pou nou detwi. Jezi bay esplikasyon parabòl la apati vèsè 36 s.

se pa t bon gress ou te simen nan jaden w lan? Kouman fè gen move zèb zizanni?<sup>28</sup> Li di yo: ‘Se yon lènmi ki fè sa.’ Travayè yo di l: ‘Èske w vle n al rache yo?’<sup>29</sup> Li di yo: ‘Non, nan rache move zèb zizanni an, nou riske rache pye ble yo avè l.’<sup>30</sup> Kite yo grandi an-sanm jis lè rekòt la rive. Nan lè rekòt la, mwen va di moun k ap rekòlte yo: ‘Ranmase move zèb zizanni yo anvan. Mare yo fè yon pil pou nou boule yo. Apre sa, ranmase ble a mete nan gala-ta mwen.’<sup>31</sup>

### Parabòl ti gress moutad la

Mk 4,30-32; Lk 13,18-19

<sup>Mk 4,30-32; Lk 13,18-19</sup> <sup>Lk 17,6; Ezk 17,23; 31,6; Dan 4,9,18</sup> <sup>Li ba yo yon lòt parabòl ankò, li di yo: ‘Peyi Wa ki nan Syèl la sanble ak yon gress moutad yon moun pran pou li simen nan jaden l.’<sup>32</sup> Se li ki pi piti nan tout gress yo. Men lè li grandi, se li ki pi gwo pase tout plant jaden an: li tounen yon pyebwa, sitèlman zwazo nan syèl vin fè nich nan branch li.’</sup>

### Parabòl ledven an

Lk 13,20-21

<sup>Lk 13,20-21; 1Kor 5,6; Gal 5,9</sup> <sup>33</sup> Li rakonte yo yon lòt parabòl: ‘Peyi Wa ki nan Syèl la sanble ak led-vèn yon fi pran, li brase l nan twa gode farin, jistan tout pat la leve.’

### Ki wòl parabòl yo

Mk 4,33-34

<sup>Mk 4,33-34; Sòm 78,2</sup> <sup>34</sup> Jezi rakonte foul yo tout bagay sa yo anparabòl. Li pa rakonte yo anyen san parabòl,<sup>35</sup> pou sa pwofèt la te di a rive:

*Map louvri bouch mwen anparabòl,*

**13,31 :** Parabòl ti gress moutad la. Peyi kote Bondye Wa a kòmanse piti, men ti pa ti pa li gen pou li grandi, epi l ap gaye sou tout tè a. Se yon kado Bondye, se Bondye k ap fè mèvèy sa a reyalite.

**13,33 :** Parabòl ledvèn an. Peyi kote Bondye Wa a se tankou ledvèn ki nan farin pou li fè pat la leve. Wayòm Bondye gen fòs pou li transfòme reyalite sosyete a. Menm si moun yo pa wè l, li la e l ap travay kanmenm. Se tankou yon ma-

*Map rakonte bagay ki te kache depi nan kòmansman.*

### Sa parabòl move gress nan vle di

<sup>36</sup> Apre sa, li kite foul yo. L al nan kay la. Patizan li yo pwoche bò kote l, yo di l: «Ba nou esplikasyon sou para-bòl move zèb zizanni nan jaden an.»<sup>15,15; Mk 4,10</sup>

<sup>37</sup> Li reponn, li di yo: «Moun k ap simen bon gress yo, se Pitit moun nan.<sup>38</sup> Jaden an se tout tè a. Bon gress lan menm, se moun ki pitit Peyi Wa a. Move zèb zizanni yo, se moun ki pitit Malveyan an.<sup>39</sup> Lènmi k ap simen yo a,<sup>Jn 8,44</sup> se dyab la. Rekòt la se finisman tout bagay. Moun k ap rekòlte yo se zanj yo.<sup>40</sup> Menm jan yo ranmase move zèb zizanni yo pou yo boule yo nan dife, se konsa tou, sa ap fèt lè tout bagay ap fini.<sup>3,10; 7,19; Jn 15,6; Ap 14,15</sup>

<sup>41</sup> Pitit moun nan ap voye zanj li yo, pou yo retire, nan Peyi Wa li a, ni sa ki fè moun bite, ni tout moun k ap fè sa ki pa kòrèk.<sup>42</sup> Y ap jete yo nan boukan dife a, kote k ap gen rèl ak manje dan.<sup>Sof 1,3; Dan 3,6; Ap 21,8; Mt 18,12; 13,50; 22,13; 24,51; 25,30</sup>

<sup>43</sup> Lè sa a, moun ki kòrèk yo ap klere tankou solèy nan Peyi Papa yo ki Wa. Moun ki gen zòrèy tande wi!<sup>Dan 123</sup>

### Twa parabòl: ja lajan, bijou, senn

<sup>44</sup> Peyi Wa ki nan Syèl la sanble ak yon ja lajan ki te sere nan yon jaden. Moun ki jwenn li an, li sere l ankò. Li tèlman kontan, l al vann tou sa li genyen pou l achte jaden sa a.<sup>Pwv 2,4; 4,7</sup>

<sup>45</sup> Peyi Wa ki nan Syèl la sanble tou-jou ak yon machann k ap chèche bél dyaman.<sup>46</sup> Lè li jwenn youn ki gen anpil valè, l al vann tou sa li genyen pou l achte l.

danm ansent, premye mwa yo nou pa wè anyen ki montre nou li gen lavi ki boujonnen anndan l, men lavi a la e yon jou tout moun pral wè li nan timoun ki fèt la.

**13,38-40 :** Jaden an se tout tè a. Patizan yo ta renmen fè gwo netwayaj anndan reliyon an. Jezi vle montre yo kijan kretyen yo dwe travay nan mitan sa ki mal, paske Reny Bondye a grandi nan mitan sa ki mal.

<sup>47</sup> Peyi Wa ki nan Syèl la sanble ankò ak yon senn yo jete nan lanmè. Li ranmase tout kalite pwason. <sup>48</sup> Lè li plen, yo rale l monte sou sab la. Yo chita pou yo ranmase nan panye sa ki bon yo, epi sa ki pa bon yo pou yo jete yo deyò. <sup>49</sup> Se konsa, sa ap fèt lè tout bagay ap fini. Zanj yo ap parèt vin separe sa ki pa bon yo ak sa ki kòrèk yo, <sup>50</sup> pou yo jete yo nan boukan dife a, kote k ap gen rèl ak manje dan. »

<sup>13,42</sup>

### Yon ti ranmase sou parabòl yo

<sup>51</sup> « Èske nou konprann tout bagay sa yo? » Yo di l: « Wi. » <sup>52</sup> Li di yo: « Se pou tèt sa, tout pwofesè Lalwa ki vin tounen patizan Peyi Wa ki nan Syèl la, li sanble ak yon mèt kay k ap rale sa ki nèf ak sa ki vye mete deyò nan bwat trezò li. »

### Prèch Jezi nan Nazarèt

Lk 4,16-30

<sup>Mk 6, 1-6; Lk 4, 16-24; Jn 7,15</sup> <sup>Lk 3,23; Jn 6,42</sup> <sup>Jn 4,44</sup> <sup>53</sup> Lè Jezi fin rakonte parabòl sa yo, li kite zòn nan. <sup>54</sup> L ale nan peyi l. Li t ap montre yo anpil bagay nan sinagòg pa yo. Yo te sezi, yo di: « Ki kote li jwenn bon konprann sa a ansanm ak pouvwa sa yo? <sup>55</sup> Èske se pa ptit bòs chapant lan? Se pa manman l yo rele Mari a? Jak, Jozèf, Simon ak Jid, se pa frè l yo ye? <sup>56</sup> Èske tout sè li yo pa nan mitan nou? Ki kote li jwenn tout bagay sa yo? » <sup>57</sup> Yo te pran gwo kou poutèt li. Jezi menm di yo: « Tout pwofèt jwenn konsiderasyon, sòf nan peyi l ak nan fanmi l. » <sup>58</sup> Li pa t fè anpil mirak kote sa a, poutèt yo pa t gen lafwa.

**13,47-50 :** *Peyi Wa ki nan Syèl la sanble ankò ak yon senn... Moun ki fè lapèch, epi ki sèvi ak senn, konnen y ap pran tout kalite pwason. Jezi travay pou l fè Reny Bondye a boujonnen sou tè a, san li pa chèche yon sèl kategori moun. Men separasyon moun ki bon ak moun ki pa bon se bagay Bondye pral fè.*

**13,52 :** *Tout pwofesè Lalwa ki vin tounen patizan Peyi Wa ki nan Syèl la... Ki vle di moun ki te nan reliyion Jwif epi ki vin aksepte Jezi. Sa yo te konnen sou Ansyen Kontra a pral sèvi yo pou yo*

### Ewòd fè touye Janbatis

Mk 6,17-29; Lk 9,7-9

**14** <sup>Mk 6, 14-29; Lk 9, 7-9</sup> <sup>16,14</sup> <sup>Lk 3, 19-20</sup> <sup>Lev 18,16; 20,21</sup> <sup>1</sup> Nan tan sa a, Ewòd ki te gen yon ka peyi a sou zòd li, tande pale de Jezi. <sup>2</sup> Li di sèvitè l yo: « Sila a, se Janbatis. Li leve sòti pamì mò yo. Se pou sa l ap fè mèvèy sa yo. » <sup>3</sup> Ewòd te fè arete Jan, li fè mare l, lage l nan prizon, poutèt Ewodyad, madamm Filip, frè l. <sup>4</sup> Jan te di l: « Ou pa gen dwa pran l pou ou. » <sup>5</sup> Li menm, li te vle touye Jan, men li te krenn pèp la ki te rekonèt Jan kòm yon pwofèt. <sup>6</sup> Jou fèt Ewòd, ptit fi Ewodyad la danse devan tout moun. Sa te fè Ewòd plezi, <sup>7</sup> konsa li fè sèman pou l ba li nenpòt kisa l mande. <sup>8</sup> Li koute konsèy manman l, li di l: « Ban mwen tèt Janbatis la a nan yon kabare. » <sup>9</sup> Wa a vin tris, men poutèt sèman li te fè a, ak poutèt moun ki te bò tab la ak li yo, li pase lòd pou yo ba li l. <sup>10</sup> Li voye koupe tèt Jan nan prizon an. <sup>11</sup> Yo pote tèt li nan yon kabare bay ti fi a. Li menm li pote l bay manman l. <sup>12</sup> Patizan Jan yo vin pran kadav la. Yo antere l. Apre sa y al avèti Jezi.

### Jezi bay senk mil moun manje

Mk 6,30-44; Lk 9,10-17; Jn 6,1-14

<sup>Mk 6, 32-44; Jn 6, 1-13; Mt 15, 32-38</sup> <sup>9,36</sup> <sup>13</sup> Lè Jezi tande sa, li pran kannòt, li pati kite zòn lan. L al yon kote ki trankil pou kont li. Nan vil yo, lè foul yo tande sa, yo pati dèyè l apye. <sup>14</sup> Lè l ap debake, li wè yon pakèt foul moun, kè li vin sansib pou yo, e li geri moun malad pa yo.

<sup>15</sup> Lè aswè rive, patizan yo pwoche kote l, yo di l: « Zòn nan se yon dezè,

montre kominote kretyen yo anpil bagay. Gen moun ki di sa a se pwòp esperyans Matye te fè.

### Katryèm pati : Egzijans Peyi kote Bondye Wa a (Matye 14-20)

**14,1-12 :** Lide sa a nou jwenn li menm jan nan Mak epi yon moso nan Lik. Se pou nou gade komantè nan Levanjil Mak la (Mk 6,14-29).

**14,13-21 :** Se pou nou gade komantè nan Levanjil Mak la (Mk 6,30-44).

epi li fin ta. Voye moun yo ale pou y al achte manje nan bouk yo.»<sup>16</sup> Jezi menm di yo: «Nou pa bezwen voye yo ale. Ba yo manje, nou menm.»<sup>17</sup> Yo di l: «Se senk pen ak de pwason sèlman nou gen la a.»<sup>18</sup> Li di yo: «Pote yo ban mwen isit la.»<sup>19</sup> Li pase foul moun yo lòd pou yo ranje kò yo sou zèb la. Li pran senk pen yo ak de pwason yo, li leve je l nan syèl la, li beni yo, li kase pen yo bay patizan l yo. Patizan yo menm bay foul moun yo.<sup>20</sup> Tout moun manje vant plen. Yo ranmase sa ki te rete nan mòso yo. Yo jwenn douz pan-yen plen.<sup>21</sup> Moun ki te manje yo te ka senk mil gason konsa, san yo pa t konte fi ak timoun.

**Jezi ak Pyè mache sou dlo**

Mk 6,45-52; Jn 6,15-21

<sup>Mk 6, 45-52; Jn 6, 15-21</sup> <sup>Lk 6,12; 9,28</sup> <sup>Lk 24,37</sup> <sup>Jn 21,7</sup> <sup>8,25-26</sup> <sup>22</sup> Touswit apre sa, li fòse patizan yo monte nan kannòt la, pou yo pran devan, travèse al lòt bò, antan li menm l ap voye foul moun yo ale.<sup>23</sup> Lè li fin voye foul moun yo ale, li monte nan mòn nan pou kont li, pou li lapriyè. Lè aswè rive, li te la pou kont li.<sup>24</sup> Kannòt la menm te gen tan anpil bras lwen tè a. Lanm lanmè yo t ap souke l. Van an t ap vini anfas.<sup>25</sup> Douvanjou, li vin bò kote yo, ap mache sou lanmè a.<sup>26</sup> Lè patizan yo wè l ap mache sou dlo a, yo sezi. Yo di se yon revenan. Lapèrèz fè yo rele.<sup>27</sup> Touswit Jezi pale ak yo, li di yo: «Pran kouraj, se mwen. Nou pa bezwen pè.»<sup>28</sup> Pyè menm reponn: «Granmèt, si se ou, pèmèt mwen vin jwenn ou sou dlo a.»<sup>29</sup> Li di l: «Vini.» Pyè desann sòti nan kannòt la, ap mache sou dlo a, l al jwenn Jezi.<sup>30</sup> Lè li wè fòs van an, li vin pè. Lè li kòmanse koule, li rele: «Granmèt, sove m.»<sup>31</sup> Touswit Jezi lonje men l, li pran l, li di

l: «Moun ti lafwa, poukisa w doute?»

<sup>32</sup> Yo monte nan kannòt la, van an tonbe.<sup>33</sup> Moun ki te nan kannòt la met ajenou devan l, yo di: «Ou se pitit Bondye toutbon vre.»

**Jezi geri moun malad nan Jenezarèt**

Mak 6,53-56

Mk 4,39

16,16;

26,63;

27,54;

Mk

14,61;

15,39;

Lk

22,70;

Jn 1,49

<sup>34</sup> Yo travèse. Yo rive nan peyi Jenezarèt.<sup>35</sup> Lè moun kote sa a rekonèt li, yo voye avèti nan tout zòn lan, yo mennen tout moun ki te malad ba li.<sup>36</sup> Yo lapriyè l pou li kite yo touche yon ti pwent nan rad li. Tout moun ki touche l, geri.

**Diskisyon sou abitid Farizyen yo**

Mk 7,1-13

**15** <sup>1</sup>Lè sa a, Farizyen ak pwofesè Lalwa yo sòti Jerizalèm vin kote Jezi, yo di li: <sup>2</sup>«Poukisa patizan w yo pase akote tradisyon ansyen yo mouri kite pou nou an? Yo pa lave men yo, lè y ap manje?»<sup>3</sup> Li reponn, li di yo: «Poukisa nou menm nou dezobeyi lòd Bondye a pou nou swiv abitid pa nou?

Mk 7, 1-13

Gal

1,14;

Kol 2,8;

Lk

11,38

<sup>4</sup> Bondye di: ‘Respekte papa ak manman w. Moun ki manke papa osinon manman l dega, pinisyon li se lanmò.’

20,12;

Dtw

5,16;

21,17;

Lev

20,9;

Ef 6,2

<sup>5</sup> Nou menm menm, nou di: ‘Si yon moun di papa l osinon manman l: Byen mwen genyen pou m ba ou yo, mwen mete yo apa pou Bondye,’<sup>6</sup> moun sa a pa bezwen okipe papa l ak manman l ankò.’ Se konsa nou fè Pawòl Bondye pase pou anyen, poutèt abitid pa nou.<sup>7</sup> Bann ipokrit! Izayi te gen rezon lè li t ap di sou nou:

<sup>8</sup> ‘Pèp sa a, se ak bouch li, li respekte m, men kè yo lwen mwen.

Iz

29,13;

Sòm

78,36

<sup>9</sup> Seremoni yo fè pou mwen yo, pa vo anyen.

Tou sa y ap montre se lòd moun bay.’»

**14,28-31:** Pèmèt mwen vin jwenn ou... Dlo lanmè a reprezante fòs fènwa yo. Jezi montre li gen poussa sou yo. Kannòt la k ap souke a, se Legliz la ki nan mitan boulvès nan listwa li. Pyè li menm reprezante lafwa kretyen yo ki pa fin asire sou fòs Jezi k ap kenbe Legliz la. Se poutèt sa l ap koule.

**15,2:** Yo pa lave men yo... Farizyen yo te fè anpil abitid pase anvan Pawòl Bondye a. Y ap kreye kèk abitid ki wete nannan Pawòl Bondye a. Sa Jezi ap tann se pa swiv yon seri koutim moun mete, men se yon sèvis ak tout kè nou.

**Leson sou sa ki pwòp ak sa ki pa pwòp**

Mk 7,14-23

<sup>Mk 7,  
14-23</sup> <sup>10</sup> Li rele foul la bò kote li, li di yo : « Koute byen pou nou konprann. <sup>11</sup> Se pa sa ki antre nan bouch, men se sa ki sòti nan bouch ki sal yon moun. »

<sup>12</sup> Apre sa, patizan yo pwoche bò kote li, yo di li : « Èske w konnen lè Fari-zyen yo tandé pawòl sa a, yo vekse ? »

<sup>13</sup> Li reponn, li di yo : « Si se pa Papa m ki nan syèl la, ki plante yon pyebwa, y ap derasin li. <sup>14</sup> Kite yo non ! Se avèg k ap kondi avèg. Si yon avèg ap kondi yon lòt avèg, toulède ap tonbe nan twou. »

<sup>15</sup> Pyè reponn, li di Jezi : « Esplike nou parabòl la. » <sup>16</sup> Li di : « Èske nou menm tou, jis kounye a, nou san konprann ? <sup>17</sup> Èske nou pa konprann tout bagay ki antre nan bouch l al nan vant, apre sa li sòti l al nan latrin. <sup>18</sup> Men, sa ki sòti nan bouch la se nan kè a li sòti. Se li ki sal moun. <sup>19</sup> Reyèlman vre, se nan kè a move lide sòti : touye moun, adiltè, pran move plezi, volè, bay manti nan sèvi temwen, derespekte Bondye : <sup>20</sup> se sa ki sal moun. Men manje ak men ki pa lave, se pa sa ki sal moun. »

**Lafwa madanm Kanaran an**

Mk 7,24-30

<sup>Mk 7,  
24-30</sup> <sup>21</sup> Lè Jezi kite kote li te ye a, l ale nan zòn Ti ak Sidon. <sup>22</sup> Se konsa, yon madanm Kanaran, ki te abite nan teri-twa sa yo, vin parèt, li pran rele, li di : « Gen pitye pou mwen, Granmèt, Pitit David. Pitit fi m lan ap pase pa li anba yon demon. » <sup>23</sup> Li menm, li pa kase yon mo ba li. Patizan l yo pwoche, yo priye l angras, yo di : « Voye l ale non ! L ap plede rele dèyè nou. » <sup>24</sup> Li reponn pou li di : « Se sèlman pou mouton ki

**15,29** : Jezi te sansib pou kò moun, pou pwo-blèm grangou moun, paske li te vin sove ni kò ni nanm. Epi manje li bay gratis la se siy Peyi kote Bondye Wa a, kote tout moun pral jwenn manje pou piyay (Iz 25,6). Nan premye mirak kote Jezi bay foul moun yo manje a, yo te ranmase douz

pèdi nan fanmi Izrayèl la, yo voye mwen. » <sup>25</sup> Madanm nan menm vini, li met ajenou devan l, li di : « Granmèt, pote m sekou. » <sup>26</sup> Li reponn, li di : « Se pa byen sa pou pran pen timoun yo pou jete bay ti chen yo. » <sup>27</sup> Madanm lan di : « Wi, Granmèt ! Sèlman ti chen yo manje ti kras ki tonbe sòti sou tab mèt yo. » <sup>28</sup> Lè sa a Jezi reponn, li di l : « Madanm o, lafwa w pa piti. Se pou sa fèt pou ou, jan w vle li a. » Menm lè a, ti fi li a geri.

<sup>Lk  
16,21</sup><sup>8,10;  
8,13;  
9,29</sup>**Jezi geri anpil moun**

<sup>29</sup> Jezi kite kote li te ye a, l al bò lanmè Galile. Li monte anwo mòn nan. Li chita la. <sup>30</sup> Anpil moun vini kote l. Yo mennen moun k ap bwete ak yo, avèg, enfim, bèbè, ansanm ak anpil lòt ankò. Yo depoze yo bò pye l. Li geri yo. <sup>31</sup> Sa te fè foul moun yo sezi anpil, lè yo wè bèbè ap pale, enfim vin enganm, moun ki t ap bwete mache, avèg wè. Yo fè lwanj pou Bondye Izrayèl la.

<sup>Mk  
7,31</sup><sup>5,1</sup>**Yon dezyèm fwa Jezi bay foul la manje**

Mt 14,13-21; Mk 8,1-10

<sup>32</sup> Jezi menm rele patizan l yo, li di : « Kè m fè m mal pou foul la. Sa fè déjà twa jou y ap swiv mwen. Yo pa gen anyen pou yo manje. Mwen pa vle lage yo ale tou grangou, pou yo pa tonbe feblès sou wout la. » <sup>33</sup> Patizan l yo di l : « Ki kote n ap jwenn ase pen nan dezè a dekwa pou tout kantite moun sa yo ta manje ? » <sup>34</sup> Jezi di yo : « Konbyen pen nou genyen ? » Yo di : « Sèt ! Ak kèk ti pwason. » <sup>35</sup> Li pase foul la lòd lonje kò yo atè a. <sup>36</sup> Li pran sèt pen yo ansanm ak pwason yo, li di Bondye mèsi, li kase yo, li bay patizan l yo. Patizan yo bay foul la. <sup>37</sup> Tout moun manje vant plen. Yo ranmase rès moso yo. Yo

<sup>Mk 8,  
1-10;  
Mt 14,  
13-21;  
9,36</sup>

panyen moso pen ki rete. Nan dezyèm nan, yo plen sèt panyen. Nan premye a pawòl Bondye a se pou mezi douz fanmi pèp Izrayèl la. Nan dezyèm nan se pou tout tè a. Chif sèt la se sens-bòl yon bagay ki total.

jwenn sèt panyen plen.<sup>38</sup> Moun ki te manje yo, se te kat mil gason san konte fi ak timoun.

<sup>39</sup> Apre sa, Jezi voye foul la ale. Li monte nan kannòt la. Li rive nan peyi Magadan.

Mk 8; 11-13;  
Lk 12; 16,29;  
Mt 12; 38-39;  
Lk 11,16;  
Jn 6,30;  
1Cor 1,22  
  
Lk 12; 54-56

**Yo mande Jezi yon siy**  
Mk 8,11-13; Lk 12,54-56

**16** <sup>1</sup>Farizyen ak Sadiseyen yo pwo che bò kote l. Yo t ap chèche pran l nan pyèj. Yo mande li pou l monstre yo yon siy ki sòti nan syèl la. <sup>2</sup>Li reponn, li di yo: «Lè aswè pral rive, nou di tan an pral bèl, gade kijan syèl la wouj! <sup>3</sup>Nan maten, nou di: ‘Jodi a l ap fè move tan, gade kijan syèl la wouj fonse.’ Figi syèl la, nou konn egzamnen li, men siy tan yo, nou pa kapab. <sup>4</sup>Move ras la, ras adiltè a ap mande yon siy! Men yo p ap ba li lòt siy pase siy Jonas la.» Apre sa, li kite yo. L al fè wout li.

### Ledven Farizyen ak Sadiseyen yo

Mk 8,14-21

<sup>5</sup>Patizan l yo rive lòt bò lanmè a. Yo te bliye pran pen. <sup>6</sup>Jezi di yo: «Gade byen! Atansyon ak ledvèn Farizyen ak Sadiseyen yo.» <sup>7</sup>Yo menm menm, yo kalkile nan kè yo, yo di: «Se poutèt nou pa t pran pen.» <sup>8</sup>Jezi menm ki konn sa, di: «Kisa n ap kalkile nan kè nou konsa? Bann moun ti lafwa! Se poutèt nou pa gen pen? <sup>9</sup>Èske nou pokonprann? Nou pa sonje senk

**16,1-3:** Yon siy ki sòti nan syèl la... Siy tan yo... se yon espresyon Legliz sévi ak li pou di nou aprann gade bagay k ap pase nan soyete a pou nou dekouvrir prezans Bondye k ap aji nan listwa moun.

**16,4:** Men yo p ap ba l lòt siy pase siy Jonas la... Jezi derefize fè mirak pou fè wè oswa pou satisfè kiryozite moun. Moun ki renmen laverite epi k ap chèche bagay ki vre pral kapab rekonèt siyati Bondye nan sa Jezi fè. Sèl siy se leve byen vivan Jezi a (al gade Matye 12,40). Leve byen vivan an se siy ki pi serye nan misyon Jezi, men se sèlman moun ki kwè ki konprann li. Moun k ap egzije mirak pou yo kwè pa merite repons.

pen yo pou senk mil moun yo? Konbyen panyen nou te ranmase?<sup>10</sup> Nou pa sonje sèt pen yo pou kat mil moun yo? Konbyen panyen nou te ranmase?<sup>11</sup> Kouman nou fè pa konprann? Se pa poutèt pen mwen di nou fè atansyon ak ledvèn Farizyen ak Sadiseyen yo.»<sup>12</sup> Lè sa a atò, yo vin konprann, li pa t di yo fè atansyon ak ledven pen yo, men ak sa Farizyen ak Sadiseyen yo t ap montre.

### Pyè deklare Jezi se Kris la

Mk 8,27-30; Lk 9,18-21

<sup>13</sup> Jezi rive nan zòn Sezare Filip, li mande patizan l yo: «Kisa moun yo di Ptit moun nan ye?»<sup>14</sup> Yo reponn: «Yon pati moun di se Janbatis, gen lòt ki di se Eli, gen lòt toujou ki di se Jeremi oubyen youn nan pwofèt yo.»<sup>15</sup> Li di yo: «E nou menm, kisa nou di mwen ye?»<sup>16</sup> Simon Pyè reponn, li di: «Ou se Kris la, Ptit Bondye vivan an.»<sup>17</sup> Jezi reponn, li di l: «Se chans pou ou, Simon, ptit Jan, paske se pa chè ak san ki fè w konn sa, men se Papa mwen ki nan syèl la.<sup>18</sup> Kanta mwen menm, men sa mwen di w: Ou se Pyè. Ebyen, se sou wòch sa a, m ap bati Legliz mwen an. Pòt lanfè p ap pi fò pase l.<sup>19</sup> M ap ba w kle Peyi Wa ki nan Syèl la. Depi w mare yon bagay sou tè a, l ap mare nan syèl la, depi w lage yon bagay sou tè a, l ap lage nan syèl la.»<sup>20</sup> Apre sa, li pase patizan li yo lòd, pou yo pa di pèsonn li se Kris la.

Mk 8; 27-30;  
Lk 9; 18-21

18,18;  
Ap 3,7

Mk 9,9;

**16,16:** Ou se Kris la... Premye sans deklarsyon Pyè a : Jezi se Kris la, sa Bondye te pwomèt nou an. Se apre leve byen vivan Jezi a yo pral konprann Jezi se Bondye egal Papa a.

**16,17-18:** Se chans pou ou, Simon, ptit Jan... Rekonèt Jezi kòm ptit Bondye, se yon kado Bondye fè nou, se lafwa nou. Lafwa solid Pyè a, tankou yon wòch, se garanti Legliz la ap kanpe fèm kont tout fòs lanmò.

**16,19:** Depi w mare yon bagay sou tè a... Premye bagay se pouvwa mete yon moun deyò nan kominote a, epi tounen fè l antre. Ladan gen pouvwa pi fò toujou, pouvwa padonnen peche moun ki nan kominote Jezi a.

**Jezi anonse li gen pou li leve byen vivan**

Mk 8,31-9,1; Lk 9,22-27

<sup>Mk 8,31-33;  
Lk 9,22;  
Mt 17,12;  
2017:19;  
Lk 2,38</sup> <sup>40,35;  
Mt  
24,30;  
Dtw  
18,15;  
Iz 42,1;  
Mt 12,18;  
Mk 1,11</sup> <sup>21</sup> Depi lè sa a, Jezi kòmanse ap fè patizan li yo konprann li gen pou li monte Jerizalèm, pou li soufri anpil, akòz Ansyen yo, chèf prèt yo ak pwo-fèsè Lalwa yo. Y ap touye li, men sou twa jou l ap leve byen vivan. <sup>22</sup> Pyè pran l apa, li kòmanse fè l obsèvason, li di: « Granmèt, wete sa nan lide w, sa pa gen dwa rive w. » <sup>23</sup> Jezi menm vire, li di Pyè: « Pase dèyè m, Satan, ou se yon antrav pou mwen. Lide w pa lide pa Bondye, men se lide moun. »

<sup>Mk 8,34-  
9,1;  
Lk 9,  
23-27</sup> <sup>Mk 9,  
9-13</sup> <sup>24</sup> Lè sa a atò, Jezi di patizan li yo: « Si yon moun vle vin dèyè m, se pou li renonse pwòp tèt li, pou li pote kwa l, pou li swiv mwen. <sup>25</sup> Si yon moun vle sove lavi l, l ap pèdi li. Sa ki pèdi lavi li pou mwen, l ap jwenn li. <sup>26</sup> Sa sa sèvi yon moun pou li gen tout tè a, si li pèdi lavi li? Oubyen sa yon moun kapab bay pou li achite lavi li?

<sup>25,  
31-46;  
2Tes 1,7;  
Sòm  
28,4;  
62,13;  
Ap 22,12</sup> <sup>16,14;  
Mal  
3,23;  
Ektlk  
48,10</sup> <sup>27</sup> Pitit moun nan gen pou l vini nan glwa Papa li, ansanm ak zanj li yo. Lè sa a atò, l ap renmèt chak moun dapre sa li te fè. <sup>28</sup> Anverite, mwen di nou, gen nan moun ki kanpe la yo ki p ap konnen sa mouri ye anvan yo wè Pitit moun nan vini ak pouvwa Wa li. »

**Jezi chanje figi**

Mk 9,2-13; Lk 9,28-36

<sup>Mk 9,  
2-8;  
Lk 9,  
28-36;  
2Pyè 1,  
16-18;  
Mt  
4,8;  
28,16</sup> <sup>Mk 9,  
14-29;  
Lk 9,37-43a</sup> **17** <sup>1</sup> Sis jou apre, Jezi pran Pyè, Jak, ansanm ak Jan, frè li a, li mennen yo yon kote ki apa, nan yon mòn ki wo anpil. <sup>2</sup> Li chanje fòm devan yo. Figi li vin klere tankou solèy. Rad li vin blan tankou limyè. <sup>3</sup> Moyiz ak Eli vin parèt devan yo, y ap pale avè l.

**16,22:** Pyè pran l apa, li kòmanse fè l obsèvason... Pyè wè rèv li te genyen sou Kris la, ap disparèt. Jezi li menm konnen pou li kraze fos lanmò yo, li pa gen lòt chemen pase bay lavi l.

**16,23:** Pase dèyè m Satan ! Pyè kanpe devan Jezi pou li bare wout ki mennen nan kwa a. Jezi rekonèt nan jès li a menm vwa ki te tante li nan dezè a (Mt 4,10). Se poutèt sa Jezi rele l Satan,

<sup>4</sup> Pyè pran lapawòl, li di Jezi: « Granmèt, li bon pou nou bò isit la ! Si ou vle, m ap fè twa joupa la a, youn pou ou, youn pou Moyiz, youn pou Eli. » <sup>5</sup> Antan li t ap pale toujou, yon nyaj ki klere vin fè lonbray sou yo. Yo tande yon vwa sòti nan nyaj la ki di: « Sila a, se Ptit mwen an, sa mwen renmen an. Nan li mwen jwenn kè kontan m. Se pou nou koute l. » <sup>6</sup> Lè patizan yo tande sa, yo tonbe fas atè. Yo pè anpil. <sup>7</sup> Jezi pwo-che, li touche yo, li di: « Leve, nou pa bezwen pè. » <sup>8</sup> Lè yo leve je yo, yo wè Jezi pou kò l, yo pa wè okenn lòt moun. <sup>9</sup> Pandan yo t ap desann sòt nan mòn nan, Jezi pase yo lòd, li di yo: « Pa di pèsonn sa nou wè a jistan Ptit moun nan leve sòti nan pami mò yo. » <sup>10</sup> Patizan yo mande l kesyon, yo di: « Kijan pwofesè Lalwa yo fè di Eli gen pou l vini anvan ? » <sup>11</sup> Li reponn yo: « Eli ap vini, l ap mete tout bagay an plas. <sup>12</sup> Men mwen di nou: Eli vini déjà, yo pa t rekonèt li, yo fè sa yo vle ak li. Konsa tou, Pitit moun nan gen pou li soufri nan men yo. » <sup>13</sup> Lè sa a atò, patizan yo vin konprann se sou Janbatis li t ap pale yo.

**Jezi geri yon timoun demon kenbe**

Mk 9,14-29; Lk 9,37-43a

<sup>Mk 9,  
14-29;  
Lk 9,  
37-43</sup> <sup>Dtw  
32,5</sup> **14** E li rive kote foul la. Yon nèg pwo-che kote l, li mete jenou l atè, <sup>15</sup> li di: « Granmèt, pitye pou pitit mwen an ! Li gen malkadi, l ap soufri anpil, li tonbe anpil fwa nan dife, li tonbe anpil fwa nan dlo. <sup>16</sup> Mwen mennen l bay patizan w yo, men yo pa kapab geri l. » <sup>17</sup> Jezi reponn yo: « Ras san lafwa, nou pèvèti ! Pou konbyen tan m ap avè nou ? Pou

ki vle di nèg antravan. Se pou Pyè pase dèyè Jezi epi swiv li, jan yon patizan dwe fè sa.

**17,1:** Apre Jezi fin anonse li gen pou l mouri, li fè patizan yo wè kisa ki pral rive l, limyè ki pral vlope dimanch Pak la. Se yon ti goute li ba yo.

**17,5:** Se Ptit mwen an, sa mwen renmen an... Sa montre nou se Jezi ki ranplase de gran pwofèt Moyiz ak Eli, ki reprezante Lalwa ak pwofèt Kounye a se Jezi pou yo koute.

konbyen tan m ap kapab sipòte nou? Mennen li ban mwen la a! »<sup>18</sup> Jezi pase l lòd, demon an sòti nan li, timoun nan geri menm lè a. <sup>19</sup>Apre sa, patizan yo pwoche apa kote Jezi, yo di: «Poukisa nou menm nou pa t reyisi chase l?»

Mk 11, 22-23; Lk 17,6; Mt 21,21; 1Kor 13,2

<sup>20</sup>Li di yo: «Se paske lafwa nou wòwòt. Anverite, mwen di nou sa: Si nou gen lafwa tankou yon gress moutad, n ap di mòn sa a: ‘Travèse, sòti isit la, al laba a.’ L ap travèse vre. Anyen p ap enposib.»

### Dezyèm anons soufrans ak lanmò Jezi

Mk 9,30-32; Lk 9,43b-45

<sup>22</sup>Pandan yo te ansam nan Galile, Jezi di yo: «Ptit moun nan gen pou li tonbe nan men moun yo, <sup>23</sup>yo pral touye l, men sou twa jou li va leve byen vivan.» Yo menm, yo te gen anpil lapenn.

### Taks pou Tanp lan

<sup>24</sup>Lè yo rive Kafanawòm, nèg ki t ap ranmase didrak yo pou Tanp lan pwoche kote Pyè. Yo mande l: «Èske mèt nou an p ap peye didrak la pou Tanp lan?» <sup>25</sup>Li reponn: «Wi!» Lè li rive nan kay la, avan li pale, Jezi mande l kesyon: «Sa w di nan sa, Simon? Wa yo sou tè a, nan men ki moun yo pran taks oswa enpo? Èske se nan men pwòp ptit pa yo, oubyen nan men etranje?» <sup>26</sup>Li di: «Nan men etranje!» Jezi di l: «Sa vle di ‘ptit kay egzante’.

**17,21 :** Kèk maniskri pa bay vèsè 21 an: «Pou ras demon sa a, se lapiyè ak jèn ki kapab dechouke l.»

**17,22 :** Ptit moun nan gen pou li tonbe nan men moun yo. Plizyè fwa Jezi anonse lanmò l. Lanmò Jezi se rezulta konpòtman l. Jezi konnen jan l ap pale a, li gen lènmi ki pral touye l, menm jan yo te fè ak pwofèt ki te vin anvan li yo. Se pa yon aza.

**17,24 :** Nèg ki t ap ranmase didrak yo pou Tanp la... Didrak vle di «de drak». Yon drak te vo apeprè senk dola ameriken. Tout Jwif yo te peye taks pou soutni Tanp lan. Pèseptè kontribisyon yo al bò kote Pyè, paske se lì ki mèt kay kote Jezi ye a.

<sup>27</sup>Sèlman, pou nou pa ba yo lokazyon bite, ale nan lanmè a, voye zen w, premye pwason ki monte a, sezi l, louvri bouch li, ou va jwenn yon lajan, pran l, ba yo l pou peye taks pou mwen ansanm ak ou.»

**Sa ki pi gran nèg nan  
Peyi Wa ki nan Syèl la**  
Mk 9,33-37; Lk 9,46-48

**18** <sup>1</sup>Menm lè sa a, patizan yo pwoche kote Jezi, yo mande l: «Ki moun ki pi gran nèg nan Peyi Wa ki nan Syèl la?» <sup>2</sup>Li rele yon timoun piti, li fè l kanpe nan mitan yo, <sup>3</sup>li di: «Anverite, mwen di nou, si nou pa chanje, pou nou vin tankou timoun piti, nou p ap antre nan Peyi Wa ki nan Syèl la. <sup>4</sup>Moun ki fè kò l piti, tankou timoun piti sa a, se li menm k ap pi gran nèg nan Peyi Wa ki nan Syèl la. <sup>5</sup>Si yon moun resevwa yon timoun piti konsa sou non mwen, se mwen menm li resevwa.»

**Pouse lòt nan peche**  
Mk 9,42-48; Lk 17,1-2

<sup>6</sup>Si yon moun ta fè youn nan ti piti sa yo, ki kwè nan mwen, bite, li ta pi bon pou moun sa a, pou yo pandye yon wòl moulen nan kou li, pou yo neye l nan fon lanmè. <sup>7</sup>Malè pou tè a, poutèt moun k ap fè lòt bite! Fè moun bite, se yon bagay ki gen pou rive kammem. Men tou, malè pou moun sa ki al fè lòt bite!

Mk 9, 30-32; Lk 9, 46-47; 22, 24-26

19, 13-14; 20,26; Mk 10,15; Lk 18,17; Jn 3,5

10,40; Mk 9,37; Lk 9,48; 10,16; Jn 13,20

Mk 9,42; Lk 17, 1-2; Mt 5,29

**18. Chapit sa a konsantre sou lavi kominate. Se yon mak espesyal nan Levanjil Matye a, lavi kominate, lavi Legliz. Yo rele li «Katechèz pou kominate Legliz la». Men sa li gen ladan l:**

Matye 18,1-5 : peche ambison nan kominate a ;  
Matye 18,6-11 : pran ka sa ki pi «piti» yo ;  
Matye 18,12-14 : pran ka sa ki pèdi yo ;  
Matye 18,15-17 : frè korije frè nan kominate a ;  
Matye 18,18 : pouvwa refè inite kominate a ;  
Matye 18,21-35 : padon san limit.

**18,6-7 :** Si yon moun ta fè youn nan ti piti sa yo... Jezi sòti nan timoun pou li pase nan piti, ki vle di, moun ki senp. Yo piti nan sans yo pa konte anpil nan sosyete a. Jezi bay avètisman pou tout moun ki fè piti yo tonbe ak move egzanz yo ba yo. Se repons kont ambison Apot yo.

<sup>5,29-30;  
Mk 9,  
43-47</sup> <sup>8</sup> Si men w, oubyen pye w, ap fè w bite, koupe l, voye l jete lwen w. Li pi bon pou ou, pou w antre nan lavi a ak yon sèl men, oubyen yon pye, pase pou yo ta va jete w ak de men, de pye w nan dife k ap la pou toutan an. <sup>9</sup> Si je w ap fè w tonbe, rache l, voye l jete lwen w. Li pi bon pou ou, pou w antre nan lavi a ak yon sèl je, pase pou yo jete w ak de gress je w nan boukan dife a.

### Mouton ki pèdi a

Lk 15,3-7

<sup>T Ap  
12,15;  
Eb 1,14</sup> <sup>10</sup> Atansyon pou nou pa meprize youn nan ti piti sa yo. Mwen di nou sa: ‘Zanj pa yo nan syèl la, se toutan y ap gade fas Papa mwen ki nan syèl la’. <sup>Lk  
19,10</sup> <sup>12</sup> Sa nou di nan sa? Si yon moun gen san mouton, epi youn ladan yo pèdi, èske li p ap kite katrevendiznèf lòt yo nan mòn nan, pou li pati, al chèche sa ki pèdi chemen an? <sup>13</sup> Anverite mwen di nou sa, lè li rive jwenn li, li pi kontan poutèt li jwenn sa ki te pèdi a, pase poutèt katrevendiznèf lòt yo ki pa t pèdi chemen an. <sup>14</sup> Se konsa tou, Papa nou ki nan syèl la pa vle pou youn nan ti piti sa yo pèdi.

### Korije frè w

Lk 17,3

<sup>Lk 17,3</sup> <sup>15</sup> Si frè w fè peche, ale, pale ou menm sèl ak li pou w korije l. Si li koute w, ou tou pran tèt frè w la. <sup>16</sup> Si li pa koute, pran youn oubyen de moun ankò avè w. Konsa, tout bagay ap <sup>Lev  
19,17;  
Dtw  
19,15;  
Jn 8,17;  
2Kor  
13,1;  
1Tm 5,19</sup>

**18,11 :** Kèk maniskri ajoute vèsè sa a: «Pitit Moun nan vini pou l sove sa ki te pèdi.» Yo pran l nan Lik 19,10.

**18,12 :** Si yon moun gen san mouton... Parabol sa a montre Peyi kote Bondye Wa a se yon bagay gratis. Ti mouton an pa fè anyen pou mèt li chèche l konsa. Gadò mouton an riske lavi 99 mouton pou li chèche sa ki te pèdi a. Kè sansib Bondye a pa gen limit.

**18,15-17 :** devwa pou korije frè w.

**18,18 :** Tou sa nou mare, tou sa nou lage... Legliz la wè, nan pati sa a, pouvwa Jezi bay Apot yo pou padonnen peche. Jezi bay kominate a ki reyini nan non li pouvwa padonnen frè ak sè yo ki fè fòt. Se menim bagay sa a nou jwenn nan Matye 16,19 ak Jan 20,23.

regle ak pawòl dezoutwa temwen. <sup>17</sup> Si li pa koute yo, pale Legliz la. Si li pa koute Legliz la tou, gade li tankou yon etranje, osinon yon piblikan.

<sup>18</sup> Anverite mwen di nou sa, tou sa nou mare sou tè a, l ap mare nan syèl la. Tou sa nou lage sou tè a, l ap lage nan syèl la.

<sup>19</sup> Epi mwen di nou sa tou, si de moun nan nou mete vwa yo ansanm sou tè a, pou yo mande nenpòt ki bagay, Papa mwen ki nan syèl la ap fè sa fèt pou yo. <sup>20</sup> Kote dezoutwa moun sanble nan non mwen, mwen la nan mitan yo.

### Padonnen

<sup>21</sup> Lè sa a atò, Pyè pwoche, li di l: «Granmèt, si frè mwen fè peche kont mwen, konbyen fwa pou mwen padonnen I? Èske se jiska sèt fwa? » <sup>22</sup> Jezi di l: «Mwen pa di w jiska sèt fwa, men jiska swasanndisèt fwa.

<sup>23</sup> Se poutèt sa, Peyi Wa ki nan Syèl la sanble ak yon wa ki te vle fè règleman ak sèvitè li yo. <sup>24</sup> Lè li kòmanse fè règleman an, yo mennen yon moun ba li. Moun nan te dwe di mil talan. <sup>25</sup> Men, li pa t posib pou li renmèt lajan sa a. Mèt la kòmande pou yo vann li ansanm ak madanm li, ak pitit li, ak tou sa li genyen, pou li kapab renmèt sa li dwe a. <sup>26</sup> Sèvitè a tonbe ajenou devan l, li di l: Pran pasyans ak mwen, m ap renmèt ou tout bagay. <sup>27</sup> Kè mèt <sup>Lk 7,42</sup>

**18,19 :** Si de moun nan nou... Lapriyè yon kominate, yon ekip misyonè, yon fanmi kretyen, nan non Jezi, gen yon fòs espesyal devan Bondye, paske li konte sou prezans Jezi nan mitan yo.

**18,22 :** Swasanndisèt fwa... Se yon konpòtman ki pa diferan ak swaf vanjans nou jwenn nan Jenèz 4,24. Nou fèt pou nou padonnen, men tou moun ki te aji mal la fèt pou li montre li regret li te aji konsa.

**18,23 :** Peyi Wa ki nan Syèl la sanble ak yon wa ki te vle fè règleman ak sèvitè li yo... Yon bagay ki mal frè ak sè nou yo fè nou pa anyen devan sa ki mal nou fè Bondye. Bondye pa reklame dwa l, paske li se Papa a. Nou menm bò kote pa nou, nou sanble ak move sèvitè a.

la vin fè l mal pou sèvitè sa a, li kite l ale, li menm renmèt li dèt li a. <sup>28</sup>Kou sèvitè sa a sòti, li jwenn yon kanmarad ki t ap sèvi wa a ansanm ak li, ki te dwè l san denye, li mete men nan kòlèt li, pou li toufe l, li di l: Peye mwen sa w dwe m nan. <sup>29</sup>Kanmarad la tonbe atè, li priye l angras, li di l: Pran pasyans ak mwen, mwen va renmèt ou lajan w. <sup>30</sup>Men li menm, li pa vle, l al fè mete l nan prizon, jis li renmèt sa li te dwe a. <sup>31</sup>Moun ki t ap sèvi ansanm ak li yo, lè yo wè sa ki pase a, sa fè yo mal. Y al rapòte bay mèt la sa ki pase a. <sup>32</sup>Lè sa a atò, mèt la rele l, li di l: Ou se yon move sèvitè. Tout dèt sa a ou te dwe mwen an, mwen te renmèt ou li, paske ou te lapriyè mwen. <sup>33</sup>Èske w pa t dwe gen pitye pou moun k ap sèvi ansanm ak ou a, menm jan mwen menm, mwen te gen pitye pou ou a? <sup>34</sup>Mèt la fè kòlè, li lage l nan men bouwo yo, pou jis lè li fin renmèt tou sa li te dwe a. <sup>35</sup>Se konsa Papa mwen ki nan syèl la ap fè ak nou, si nou chak, nou pa padonnen frè nou ak tout kè nou. »

5,25; Lk 12,58  
6,15; Mk 11,25;  
Ef 4,32; Kol 3,13

### Kesyon sou divòs

Mk 10,1-12

**19** <sup>16,1; Lk 11,54; Jn 8,6</sup> Lè Jezi fin di pawòl sa yo, li pati kite Galile, l ale nan zòn Jide, lòt bò larivyè Jouden an. <sup>2</sup>Anpil foul moun t ap swiv li. Li geri yo la. <sup>3</sup>Farizyen yo pwoche kote l. Yo chèche pran l nan pyèj, yo di: «Èske yon moun gen dwa voye madanm li ale pou nenpòt ki bagay?» <sup>4</sup>Li reponn, li di yo: «Èske nou pa li nan kòmansman an, lè Bondye te kreye moun, se gason ak fi

Jen 1,27

**19,1-9:** Tout sosyete gen lwa pa yo sou maryaj. Se menm bagay la nan Izrayèl tou. Te gen yon lwa sou divòs ki te fèt dapre diferans sosyal ki te gen ant fi ak gason (Dtw 24,1). Jezi pwofite pou li bay relasyon fi ak gason sans li te genyen nan kòmansman kreyasyon an, kote Bondye kreye yo egal ego.

**19,10:** Pito li pa marye... Jan li konn fè, Jezi pa eseye eskize l pou pawòl li yo ki egzijan anpil, men okontré, li pwopozé yo kichòy kí pi difisil ankò pou yo konprann.

li te kreye yo? <sup>5</sup>Apre sa li di: *Se poutèt sa, gason an ap kite papa l ak manman l, pou li mete l ansanm ak madanm li.* Yo toude ap fè yon sèl kò. <sup>6</sup>Konsa, yo p ap de ankò, men y ap fè yon sèl kò. Ebyen, sa Bondye mete ansanm, moun pa gen dwa separe l. » <sup>7</sup>Yo di li: «Poukisa atò Moyiz te pase lòd pou bay yon papye divòs, anvan pou yo voye fi a ale?» <sup>8</sup>Li di yo: «Se poutèt nou te gen kè di. Se pou sa Moyiz te pèmèt nou voye madanm nou ale. Men, nan kòmansman an, se pa konsa sa te ye. <sup>9</sup>Mwen di nou: Yon moun ki voye madanm li ale, sòf si maryaj la pa t bon dapre Lalwa, epi li marye ak yon lòt, li fè adiltè. »

Jen 2,24;  
Ef 5,31;  
1Kor 6,16

Dtw 24,1

5,32;  
Lk 16,18;  
1Kor 7,10

<sup>10</sup>Patizan l yo di l: «Si se konsa yon moun ye ak madanm li, pito li pa marye. » <sup>11</sup>Li di yo: «Se pa tout moun ki konprann pawòl sa a. Men se moun yo bay dwa sa a. <sup>12</sup>Reyèlman vre, gen gason ki pa kapab gen rapò ak fi, yo fèt tou konsa depi nan vant manman yo. Gen lòt menm se moun ki fè yo sa. Gen lòt tou ki konsa, paske yo aksepte mete tèt yo nan kondisyon sa a, poutèt Peyi Wa ki nan Syèl la. Moun ki kapab konprann, se pou li chèche konprann. »

1Kor 7,1-8;  
7,32-34

### Jezi beni timoun piti

Mk 10,13-16; Lk 18,15-17

<sup>13</sup>Apre sa, yo mennen timoun piti ba li, pou li poze men sou yo, epi pou li lapriyè pou yo. Men patizan yo t ap kouri dèyè yo, <sup>14</sup>Jezi di yo: «Kite timoun yo, non. Pa anpeche yo vin jwenn mwen. Peyi Wa ki nan Syèl la se pou moun ki menm jan ak yo. » <sup>15</sup>Li

Mk 10,13-16;  
Lk 18,15-17

Lk 9,47;  
1Pyè 2,1-2

**19,12:** Gen gason ki pa kapab gen rapò ak fi... Moun ki chwazi pa gen relasyon fi ak gason poutèt Peyi kote Bondye Wa a, se yon kado Bondye fè yo.

**19,16-22:** Pwofesè, ki pi bon bagay pou mwen fè, pou mwen gen lavi ki p ap janm fini an? Anvi richès la fè sa difisil pou moun yo deside de pran chemen Peyi kote Bondye Wa a.

**19,22-30:** Jezi tounen di richès la se yon antrav pou antre nan Peyi kote Bondye Wa a. Men li di Bondye kapab fè moun favè sa a pou li pa bay richès la enpôtans.

poze men sou yo. Apre sa, li kontinye wout li.

### Jenn gason rich la

Mk 10,17-31; Lk 18,18-30

<sup>Mk 10, 17-22;  
Lk 18, 18-23;  
10,25</sup> <sup>Lev 18,5;  
Lk 10,28</sup> <sup>Dtw 5,  
16-20;</sup> <sup>Wm 13,9</sup> <sup>Lev 19,18</sup> <sup>6,20;  
19,29;  
Sôm  
62,11;  
Mk 14,5;  
Lk 12,33;  
Jn 12,5;  
TAp  
2,45;  
4,34</sup> <sup>Lk 13,23</sup> <sup>Job 42,2;  
Jen 18,14;  
Lk 1,37</sup> <sup>Mk 10, 23-27;  
Lk 18, 24-27</sup> <sup>Lk 22,30;  
Saj 3,8;  
Dan 7,9;  
Mt 20,21;  
1Kor 6,2;  
Ap 3,21</sup> <sup>23 Jezi menm di patizan l yo : « Anverite, mwen di nou sa : ‘Li difisil pou yon moun rich antre nan Peyi Wa ki nan Syèl la.’ 24 Mwen di nou tou, l a pi fasil pou yon chamo antre nan yon je zegwi, pase pou yon moun rich antre nan Peyi kote Bondye Wa a. » 25 Lè patizan yo tande sa, yo sezi anpil, yo di : ‘Konsa ki moun ki kapab sove ?’ 26 Jezi gade yo, li di : ‘Pou moun, bagay sa a enposib, men pou Bondye, tout bagay posib.. »</sup>

<sup>27 Lè sa a atò, Pyè reponn, li di l : « Gade, nou menm, nou kite tout bagay pou nou swiv ou, kisa n ap jwenn ? » 28 Jezi di yo : ‘Anverite, mwen di nou sa : ‘Nou menm ki swiv mwen an, lè tout bagay ap refèt nèt, lè Pitit moun</sup>

<sup>16 Yon moun pwoche kote l, li di : « Pwofesè, ki pi bon bagay pou mwen fè pou mwen gen lavi ki p ap janm fini an ? » 17 Jezi di l : « Pouki w ap mande mwen pou sa ki bon an ? Se yon sèl ki bon ! Si ou vle antre nan lavi a, swiv kòmandman yo. » 18 Li di l : « Kilès nan yo ? » Jezi di : « Pa touye moun. Pa fè adiltè. Pa volè. Pa bay manti nan sèvi temwen. 19 Respekte papa w ak manman w, epi renmen pwochen w tankou tèt pa w. » 20 Jennonn nan di l : « Tou sa yo, mwen swiv yo. Sa ki rete ankò ? » 21 Jezi di li : « Si ou vle fin bon nètale, ale vann tout byen w yo, bay pòv yo. W a gen yon trezò nan syèl la, epi vini, swiv mwen ». 22 Lè jennonm nan tande pawòl sa a, li pati, li vin tris, paske li te gen anpil byen.</sup>

nan ap chita sou fotèy glwa li, nou memm tou, n a chita sou douz fotèy, pou nou jije douz branch fanmi Izrayèl yo. 29 Tout moun ki ta kite kay li, ou byen frè l, oubyen sè l, oubyen papa l, oubyen manman l, oubyen ptit li, oubyen jaden l, poutèt mwen menm, l ap resevwa san fwa plis, e l ap eritye lavi ki p ap janm fini an.

<sup>30 Anpil premye ap dènye, anpil dènye ap premye.</sup>

### Travayè jaden rezen an

**20** <sup>1</sup>Peyi Wa ki nan Syèl la se tan-  
kou yon mèt kay ki sòti gramm  
maten pou l al bay moun travay nan  
jaden rezen li an. <sup>2</sup>Li fin antann ak tra-  
vayè yo pou yon denye pou jounen an,  
apre sa, li voye yo nan jaden rezen an.  
<sup>3</sup> Li sòti ankò vè nevè di maten, li wè lòt  
moun ki kanpe sou plas la, ki p ap fè  
anyen, <sup>4</sup>li di yo : ‘Nou menm tou, al nan  
jaden rezen an. M a ba nou sa ki  
kòrek.’ <sup>5</sup>Y ale. Ni vè midi, ni vè twazè,  
li sòti ankò. Li fè menm jan an. <sup>6</sup>Vè  
senkè nan apremidi li sòti, li jwenn kèk  
moun ki kanpe, li di yo : ‘Poukisa nou  
rete kanpe la a tout lajounen an, san  
nou p ap fè anyen ?’ <sup>7</sup>Yo di l : ‘Paske  
pèsonn pa ban nou travay.’ Li di yo :  
‘Eben, nou menm tou, ale nan jaden  
rezen an.’ <sup>8</sup>Lè aswè rive, mèt jaden  
rezen an di jeran li an : ‘Rele travayè  
yo. Peye yo pri travay la. Kòmanse ak  
dènye yo, pou w rive sou sa ki te la  
anpremye yo.’ <sup>9</sup>Nèg senkè nan apre-  
midi yo vini, yo chak yo touche yon  
denye. <sup>10</sup>Nèg ki te rive anpremye yo te  
konprann yo t ap touche piplis, men  
lè yo rive, yo menm tou, yo touche yon  
denye. <sup>11</sup>Pandan y ap resevwa l, yo  
plenyen kont mèt kay la. <sup>12</sup>Yo di :

**20,1-16** : Chak moun te touche kantite kòb li bezwen pou viv jou sa a... Nan parabòl la tout moun sou menm pye egalego e yo resevwa menm « denye », yon lajan ki sèvi pou peye travayè yo chak jou. Jaden rezen an se senbòl Pèp Izrayél la. Se konsa Jezi rele kominote li a kou-  
nye a, sa vle di Legliz la.

Anpil moun sezi tande parabòl sa a. Li parèt enjis pou yo bay tout moun menm bagay san yo pa konsidere travay ak sakrifis yo fè. Jezi te vle wete nan tèt nou, se merit nou devan Bondye ki sove nou. Sa a se te fason Farizyen yo te konn panse. Yo blyie Peyi kote Bondye Wa a se yon kado Bondye ban nou, li ban nou l gratis.

'Dènye sa yo fè inèd tan sèlman, ou trete yo menm jan ak nou. Epoutan, se nou menm ki sipòte jounen an ak tout chalè a.' <sup>13</sup> Li reponn youn nan yo, li di: 'Zanmi, mwen pa fè w abi. Èske nou pa t antann nou avè m pou yon denye? <sup>14</sup> Pran afè w, al fè wout ou. Mwen vle bay dènye sa yo menm bagay ak ou, <sup>15</sup> èske mwen pa gen dwa fè sa mwen vle ak byen pa mwen? Oubyen èske w ap fè move je poutèt mwen bon?' <sup>16</sup> Se konsa dènye yo ap vin premye, premye yo ap vin dènye.'

### **Twazyèm anons soufrans ak lanmò Jezi**

Mk 10,32-34; Lk 18,31-34

<sup>17</sup> Jezi te gen pou monte Jerizalèm. Li pran douz patizan li yo apa, sou wout la, li di yo: <sup>18</sup> « N ap monte Jerizalèm, y ap renmèt Ptit moun nan bay chèf prêt ak pwofesè Lalwa yo, y ap kondane li amò. <sup>19</sup> Y ap renmèt li nan men pèp etranje yo, y ap pase l nan rizib, y ap bat li, y ap kloure l sou kwa, men, sou twa jou, l ap leve byen vivan. »

### **Manman Jan ak Jak al fè yon pale ak Jezi**

Mk 10,35-45

<sup>20</sup> Lè sa a atò, manman ptit Zebede yo pwoche kote Jezi, ansam ak ptit li yo, li mete ajenou pou l mande li yon favè. <sup>21</sup> Jezi di l: « Kisa w vle? » Li reponn: « Pase lòd pou de ptit mwen sa yo chita youn adwat ou, lòt la agòch ou, nan gouvènman w lan. » <sup>22</sup> Jezi reponn, li di: « Nou pa konnen sa n ap mande la a. Èske nou kapab bwè vè mwen gen pou mwen bwè a? » Yo di l: « Nou kapab! » <sup>23</sup> Li di yo: « Vè mwen an, n a bwè l, men kanta pou chita adwat mwen oubyen agòch mwen an,

**20,20 :** Sa manman ptit Zebede yo mande se menm bagay ptit li yo anvi: pouvwa bò kote Jezi a lè li pral pran fotèy pa li a, nan Jerizalèm. Yo pa t renonse ak pwojè politik yo genyen. Yo pa t konprann Jezi gen lòt pwojè nan kè li.

**20,24 :** Lè lòt dis mesye yo... Jezi ban nou yon lesyon ki konsekan anpil: otorite se sèvis. Se sa li menm li fè.

se pa mwen ki bay sa. Papa mwen rezève plas sa yo pou moun li vle. »

<sup>24</sup> Lè dis lòt mesye yo tande sa, yo santi yo vekse poutèt konpòtman de frè yo. <sup>25</sup> Jezi rele yo, li di: « Nou konnen kijan chèf pèp etranje yo kòmande rèd, kijan gran nèg yo renmen fè yo wè pouvwa yo, <sup>26</sup> sa pa dwe fèt konsa nan mitan nou. Okontré, nan mitan nou, moun ki vle gran nèg, se pou li tounen sèvitè nou. <sup>27</sup> Moun ki vle jwenn premye plas nan mitan nou, se pou li tounen esklav nou. <sup>28</sup> Se konsa, Ptit moun nan pa vini pou li fè yo sèvi l, men pou li sèvi, epi pou li bay lavi l kòm pri delivrans pou yon pil moun. »

### **Jezi geri de moun avèg**

Mk 10,46-52; Lk 18,35-43

<sup>29</sup> Antan y ap sòti Jeriko, yon gwo foul moun t ap swiv li. <sup>30</sup> Gen de avèg ki te chita bò chemen an, lè yo tande Jezi vin ap pase, yo rele byen fò, yo di: « Granmèt, ptit David, gen pitye pou nou. » <sup>31</sup> Foul la t ap kouri deyè yo, pou yo fèmen bouch yo. Men, yo menm, yo t ap rele pi fò toujou, yo t ap di: « Granmèt, ptit David, gen pitye pou nou. » <sup>32</sup> Jezi kanpe, li rele yo, li di: « Kisa nou vle mwen fè pou nou. » <sup>32</sup> Yo di l: « Granmèt, fè je nou louvri. » <sup>34</sup> Jezi vin gen kè sansib pou yo, li touche je yo, menm lè a yo wè. Yo swiv li.

### **Jezi antre Jerizalèm**

Mk 11,1-11; Lk 19,28-38; Jn 12,12-16

**21** <sup>1</sup> Yo te pre Jerizalèm. Yo rive Bet-faje, sou mòn Oliv la. Jezi voye de patizan, <sup>2</sup> li di yo: « Al nan bouk ki devan nou an, la pou la n a jwenn yon bourik ki mare ansanm ak ptit li, lage yo mennen ban mwen. <sup>3</sup> Si yon moun

### **Senkyèm pati : Peyi kote Bondye Wa a ap rive (Matye 21-25)**

**21,1-11 :** Matye, Mak ak Lik mete antre Jezi antre Jerizalèm tankou Kris la menm lè ak sa ki te pase ak machann nan Tanp lan. Jan li menm mete listwa Jezi ak machann yo nan kòmansman Levanjil li a. Konsa nou wè yon lòt fwa ankò, chak evanjelis sèvi ak evènman yo selon plan pa yo.

Mk 10,  
41-45;  
Lk 22,  
25-27

18,1-4;  
23,11;  
MK9,35;  
Lk 9,46;  
18,14

26,28;  
Flp 2;  
7-8;  
1Tm 26;  
Wm 5,6

Mk 10,  
46-52;  
Lk 18,  
35-43

9,27;  
15,22

Mk 11,  
1-11;  
Lk 19,  
12-38;  
Jn 12,  
12-16

mande nou kesyon, nou va reponn li 'Mèt la bezwen yo.' L ap voye yo tounen touswit. » <sup>4</sup> Bagay sa fèt, pou sa pwofèt la te di a rive toutbon, lè li te di:

<sup>5</sup> *Di pitit fi Siyon an:*

<sup>62,11; Zak 9,9; Jen 49,11; Mt 11,29</sup>  
Men Wa w la ap vin jwenn ou.  
Li chita tou dou sou yon bourik,  
sou yon ti pitit bourik, pitit yon bêt chay.

<sup>1Wa 1, 33-34</sup> <sup>6</sup> Patizan yo pati, yo fè jan Jezi te kòmande yo a. <sup>7</sup> Yo mennen bourik la ak pitit li. Yo mete rad yo sou bêt yo. Jezi chita sou yo. <sup>8</sup> Foul la te anpil, yo tann rad yo sou wout la. Gen lòt menm ki koupe branch nan pyebwa yo, pou yo mete sou wout la. <sup>9</sup> Foul moun yo ki t ap mache devan l yo, ak sa ki t ap swiv li yo, pran rele byen fò. Yo di:

« Ozana pou pitit David la!  
Benediksyon pou Sila a k ap vini  
onon Granmèt la!  
Ozana pou Sila a ki anwo nèt la! »

<sup>10</sup> Antan l ap antre Jerizalèm, tout lavil la te an mouvman. Moun yo t ap di: « Kilès sa a? » <sup>11</sup> Foul moun yo di: « Se Jezi! Se pwofèt la, moun Nazarèt nan Galile! »

### Jezi kouri dèyè moun k ap vann nan Tanp lan

*Mk 11,15-19; Lk 19,45-48; Jn 2,13-22*

<sup>11...17; Lk 19, 45-46; Jn 2, 14-16</sup> <sup>12</sup> Jezi antre nan Tanp lan. Li chase tout moun k ap vann, ak tout moun k ap achte nan Tanp lan. Li chavire tab moun k ap chanje lajan yo. Li chavire chèz moun k ap vann pijon yo. <sup>13</sup> Li di yo: « Men sa ki ekri: 'Y a rele kay mwen an kay lapriyè.' Nou menm, nou fè l tounen kachèt atoufè. » <sup>14</sup> Moun ki avèg ak moun ki bwate yo, pwoche kote l, nan Tanp lan, li geri yo. <sup>15</sup> Lè chèf prêt yo ak pwofesè Lalwa yo wè mèvèy li t

Se sèl fwa Jezi aksepte yo bat bravo pou li. Jezi se Wa, men yon wa senp, ki monte sou yon ti Bourik (Zak 9,9).

**21,12-16:** Jezi chase tout moun k ap vann, ak tout moun k ap achte nan Tanp lan... Jezi netwaye Tanp lan, konsa li reyalize pwofesi Zakari a (14,21). Jezi vini kòm pwofèt pou li egzije yo

ap fè, ansanm ak timoun yo ki t ap rele byen fò nan Tanp lan, ki t ap di: « Ozana pou pitit David la, » yo vekse, <sup>Sòm 8,3 (LXX)</sup> <sup>16</sup> yo di l: « Ou tande sa moun sa yo ap di! » Jezi menm di yo: « Wi! Èske nou pa janm li bagay sa a: Se nan bouch timoun ak sa ki nan tete w ap jwenn konpliman? »

<sup>17</sup> Li kite yo, li sòti lavil la, l al Betani. <sup>Lk 21,37</sup> Li rete la pou l pase nwit la.

### Jezi madichonnen yon pye fig frans

*Mk 11,12-14.20-24*

<sup>18</sup> Granm maten, lè li t ap tounen lavil la, li te grangou. <sup>19</sup> Li wè yon pye fig frans bò wout la. Lè li rive kote l, li pa jwenn anyen ladan l pase fèy sèlman. Li di l: « Ou p ap janm donnen ditou ankò. » Menm lè a, pye fig frans lan vin chèch. <sup>20</sup> Lè patizan yo wè sa, yo sezi, yo di: « Kouman fè menm lè a pye fig frans lan vin chèch? » <sup>21</sup> Jezi reponn, li di yo: « Anverite, mwen di nou: Si nou gen lafwa, epi nou pa gen dout, nou kapab fè sa ki rive pye fig frans lan. Nou kapab fè piplis toujou. Menm si nou di mòn sa a: 'Rale kò w, al jete kò w nan lanmè,' sa ap fèt. <sup>22</sup> Tout sa nou mande nan lapriyè ak lafwa, n ap jwenn li. »

<sup>Mk 11, 12...24; Lk 13, 6-9</sup>

<sup>17,20; Lk 17, 5-6; 1Kor 13,2; Jk 1,6</sup>

<sup>7,7-11; 18,19; Jn 14,13</sup>

### Kesyon otorite Jezi a

*Mk 11,27-33; Lk 20,1-8*

<sup>23</sup> Li antre nan Tanp lan. Antan l ap montre anpil bagay, chèf prêt yo ak Ansyen yo nan pèp la pwoche bò kote l, yo di l: « Ak ki pouvwa w ap fè bagay sa yo? Epi ki moun ki ba w pouvwa sa a? » <sup>24</sup> Jezi reponn: « Mwen menm tou, m ap mande nou yon sèl bagay, si nou reponn mwen, mwen menm tou m a di nou ak ki pouvwa m ap fè bagay sa yo. <sup>25</sup> Batèm Jan an, ki kote li soti? Èske

<sup>Mk 11, 27-33; Lk 20, 1-8; Jn 2,18</sup>

<sup>Jn 1,6; 3,26</sup>

respekté Bondye. Li vini kòm Bondye tou, e li prezante pou li kòmanse tan reliyon tounèf la nan Lesprie ak nan Laverite.

**21,18-19:** Li wè yon pye fig frans... Pye fig frans lan se yon senbol ki reprezante pèp Izrayèl la ak Tanp lan ki pa bay fwi Bondye t ap tann yo.

se nan syèl, oubyen èske se nan moun?» Yo menm, yo kalkile, yo di anndan kè yo: Si nou di se nan syèl, l ap di nou: Eben poukisa nou pa t kwè nan li? <sup>21,32; Lk 3,12; 7,29-30</sup> Men si nou di se nan moun, nou pè foul la, paske tout moun rekonèt Jan se yon pwofèt. <sup>27</sup> Yo reponn Jezi, yo di l: «Nou pa konnen!» Li menm tou, li di yo: «Ni mwen menm tou, mwen p ap di nou ak ki pouvwa m ap fè bagay sa yo.»

### Parabòl de pitit yo

<sup>lz 5,1-7</sup> <sup>28</sup> «Sa nou di nan sa? Yon moun te gen de pitit, l al kote premye a, li di l: ‘Ptit mwen, jodi a, ou pral travay nan jaden rezen an.’ <sup>29</sup> Pitit la di l: ‘Mwen pa prale!’ Apre sa li regrett, l ale. <sup>30</sup> Li pwoche kote dezyèm nan, li di l menm bagay, dezyèm nan di l: ‘Wi, Mèt.’ <sup>22,6</sup> Men, li pa ale. <sup>31</sup> Kilès nan de yo ki fè volonte papa a?» Yo di l: «Premye a.» Jezi di yo: «Anverite, mwen di nou sa: Piblik yo, ak jennès yo, ap pase devan nou nan Peyi kote Bondye Wa a, <sup>11,7; Lk 16,16</sup> <sup>32</sup> paske Jan te vin kote nou, li t ap montre bon wout ki dwat la, men nou pa t kwè nan li. Piblik yo menm, ak jennès yo, yo kwè nan li. Kanta nou menm, atout nou wè sa, nou pa menm regrett, menm si se apre, pou nou ta kwè nan li.

### Kiltivatè kriminèl yo

*Mk 12,1-12; Lk 20,9-19*

<sup>Mk 12, 1-12; Lk 20, 9-19</sup> <sup>33</sup> Koute yon lòt parabòl: Yon nèg ki te mèt yon tè, te plante yon jaden rezen. Li fèmen l ak yon kloti, li fouye yon basen pou kraze rezen nan mitan l, li monte yon ti kay byen wo pou moun k ap veye yo. Li renmèt li nan men kèk kiltivatè. Epi, li vwayaje. <sup>34</sup> Lè sezon rekòt la rive, li voye sèvitè l yo kote kilti-

vatè yo, pou y al chèche pòsyon pa l nan rezen an. <sup>35</sup> Kiltivatè yo arete sèvitè l yo, yo kraze youn ak kou, yo touye yon lòt. Gen yon lòt ankò, yo kalonnen ak kout wòch. <sup>36</sup> Yon lòt fwa ankò li voye lòt sèvitè, piplis pase premye yo, men kitivatè yo fè menm jan ak yo. <sup>37</sup> Andènye, li voye pwòp pitit li bò kote <sup>Jn 3,16</sup> yo, li di: ‘Y a gen respè pou pitit mwen an.’ <sup>38</sup> Wè kiltivatè yo wè pitit la, youn di lòt: ‘Men eritye a, an nou wè! N ap touye l, pou nou kapab pran eritaj li a.’

<sup>39</sup> Yo pran l, yo mete l deyò nan jaden rezen an, yo touye l. <sup>40</sup> Lè mèt jaden an ap rive, kisa l ap fè kiltivatè sa yo?»

<sup>41</sup> Yo di l: «L ap detwi move moun sa yo mal. Kanta jaden rezen an, l ap pase l bay lòt kiltivatè. Yo menm yo va ba li pòsyon rezen pa l lè sezon an rive.»

<sup>42</sup> Jezi di yo: «Èske nou pa janm li nan Liv yo:

*Wòch bòs mason yo te voye jete a, se li menm ki vin tounen wòch kwen? Se nan Granmèt la sa sòti. Ala mèvèy devan je nou!*

<sup>Gal 3,16; Eb 1,2; 13,12</sup>

<sup>Sòm 118, 22-23; lz 28,16;</sup>

<sup>T Ap 4,11; 1Pyè 2,4-7</sup>

<sup>T Ap 13,5; Wm 11,11</sup>

<sup>43</sup> Se poutèt sa, mwen di nou: Yo pral wete Peyi kote Bondye Wa a nan men nou, yo pral bay yon pèp li, ki pral fè l donnen. <sup>44</sup> Moun ki tonbe sou wòch sa a, l ap kraze an miyèt moso. Moun ki kite l tonbe sou li, l ap plati l nèt.»

<sup>45</sup> Lè chèf prèt yo ak Farizyen yo tandé parabòl li yo, yo rekonèt se sou yo li t ap pale, <sup>46</sup> yo chèche mwayen pou yo arete l, men yo te pè foul yo, poutèt yo te rekonèt li se yon pwofèt.

<sup>14,5; 16,14; 21,11; 21,26; Lk 7,16; Jn 4,19</sup>

### Resepsyon nòs la

*Lk 14,15-24*

**22** <sup>1</sup> Jezi pran lapawòl yon lòt fwa ankò. Li pale ak yo anparabòl, li di: <sup>2</sup> «Peyi Wa ki nan Syèl la, se tankou

<sup>Lk 14, 15-24; Pv 9,1-6</sup>

**21,31 :** Piblik yo, ak jennès yo... Anpil pechè, pèseptè kontribisyon yo ak jennès yo, te konvèti grasa pawòl Janbatis yo, epi yo te rekonèt peche yo. Konsa yo pase anvan pwofesè Lalwa, chèf prèt ak Ansyen ki te rete endiferan devan prèch Jan an, paske yo pa t vle konvèti.

**21,33 :** Parabòl kiltivatè kriminèl yo... (Al gade kòmantè Mak 12,1).

**21,44 :** Gen maniskri ki pa bay vèsè sa a.

**22,2 :** Wa k ap fè nòs... se Bondye menm; Pitit li a, se Jezi, li menm ki merite pou yo rele

<sup>21,34</sup> yon wa k ap fè nòs pitit li. <sup>3</sup> Li voye sèvitè l yo al rele moun li te envite nan nòs la. Men, yo pa t vle vini. <sup>4</sup> Li voye lòt sèvitè ankò, li di: ‘Al di moun envite yo; manje mwen an pare. Mwen touye bëf ak lòt bët mwen t ap angrése yo. Tout bagay fin pare, nou mèt vini nan nòs la.’ <sup>5</sup> Men, envite yo pa okipe sa. Yo pati pati yo. Youn al nan jaden l, yon lòt al regle afè komès yo. <sup>6</sup> Lòt yo menm mete men sou sèvitè l yo, yo maltrete yo, jis yo touye yo. <sup>7</sup> Wa a fache, li voye lame l, li detwi kriminèl sa yo, li fè boule vil yo. <sup>8</sup> Apre sa, li di sèvitè l yo: ‘Nòs la pare, envite yo pa t merite sa. <sup>9</sup> Al sou wout yo! Al nan kafou yo! Tout moun n a jwenn, rele yo vini nan nòs la.’ <sup>10</sup> Sèvitè sa yo sòti sou wout la. Yo rasanble tout moun yo jwenn, move kou bon: sal nòs la plen moun. <sup>11</sup> Wa a vini pou li gade moun ki te bò tab la. Li wè nan pami yo yon nèg <sup>13,47</sup> ki pa t abiye ak rad nòs la, <sup>12</sup> li di l: ‘Zanmi, kouman w fè antre isit la san rad nòs?’ Li pa reponn anyen. <sup>13</sup> Wa a di sèvitè yo: Mare pye l ak men l, voye l jete deyò nan fènwa a, kote k ap gen rèl ak manje dan an, <sup>14</sup> paske yo rele anpil moun, men se yon ti pòsyon yo chwazi.’

<sup>Ap 19,7</sup>

<sup>8,12;</sup>  
<sup>25,30;</sup>  
<sup>Lk 13,28</sup>

<sup>13,47</sup>

<sup>Ap 19,8</sup>

### Taks pou peye Seza

Mk 12,13-17; Lk 20,20-26

<sup>Mk 12,13-17;</sup>  
<sup>Lk 20,20-26</sup>

<sup>15</sup> Lè sa a atò, Farizyen yo pati al fè reyinyon pou yo wè kouman yo ta kapab pran l sou sa l ap di. <sup>16</sup> Yo voye patizan pa yo, ansanm ak patizan Ewòd yo kote l, yo di: «Pwofesè, nou konnen w kare. W ap montre moun chemen Bondye nan laverite. Ou pa okipe pèsonn. Ou pa gade sou figi moun. <sup>17</sup> Di nou, sa w di nan sa? Èske nou gen dwa oubyen nou pa gen dwa

li mari tout ras moun sou tè a, paske li reyini yo nan yon sèl kò pou li ka fè yo vin youn ak li.

**22,11:** *Wa a vini pou li gade moun ki te bò tab la... Nan tan sa yo te gen abitid bay chak envite yon rad fêt (Ap 19,8). Moun sa a te resevwa li, epi li pa t mete l sou li. Gen moun ki kwè, paske*

peye Seza taks? » <sup>18</sup> Jezi menm ki konnen mechanste yo, reponn: « Poukisa n ap sonde m? Bann ipokrit! <sup>19</sup> Montre m pyès lajan pou peye taks la! » Yo pote yon denye ba li. <sup>20</sup> Li di yo: « Pòtre ki moun sa ye? Epi ki non ki ekri sou li? » <sup>21</sup> Yo di: « Seza! » Li di yo atò: « Bay Seza sa ki pou Seza. Bay Bondye sa ki pou Bondye. » <sup>22</sup> Lè yo tandé sa, yo sezi. Yo kite l, y al fè wout yo.

W.m  
13,7

### Kesyon mò leve a

Mk 12,18-27; Lk 20,27-40

Mk 12,  
18-27;  
Lk 20,  
27-40;  
T Ap  
23,8

Dtw 25,  
5-6;  
Jen  
38,8

<sup>23</sup> Jou sa a, Sadiseyen yo vin kote Jezi. Se yo ki konn di nanpwen leve pou mò yo. Yo mande l kesyon, <sup>24</sup> yo di l: « Pwofesè, Moyiz te di: *Si yon moun mouri san li pa gen pittit, se pou frè l marye ak madanm li, konsa, l a bay frè l yon ras.* <sup>25</sup> Te gen sèt frè lakay nou. Premye a fin marye, li mouri, li pa t fè pittit, li kite madanm li bay frè l. <sup>26</sup> Menm jan an tou, dezyèm nan, epi twazyèm nan, jis tou lesèt passe. <sup>27</sup> Apre yo tout, madanm nan mouri. <sup>28</sup> Lè mò yo ap leve, pou kilès nan sèt nèg yo madanm nan ap ye, piske yo tout te genyen l? » <sup>29</sup> Jezi reponn, li di yo: « Nou twonpe nou! Nou pa konnen sa ki ekri nan Liv yo? Ni nou pa konnen pouvwa Bondye? <sup>30</sup> Lè mò yo ap leve, p ap gen kesyon gason k ap marye ak fi, ni fi k ap marye ak gason. Men se tankou zanj yo nan syèl la y ap ye. <sup>31</sup> Kanta pou kesyon mò yo k ap leve a, èske nou pa li sa Bondye ekri pou nou, lè li di: <sup>32</sup> *Mwen se Bondye Abraram, Bondye Izarak, Bondye Jakòb?* Li pa Bondye moun mouri, men se Bondye moun ki vivan. » <sup>33</sup> Lè foul la tandé sa, li sezi devan sa li t ap montre yo.

Egz  
3,6

7,28;  
13,54

Reny Bondye a se yon kado, yo kapab koresponn ak kado sa a san yo pa viv egzijans Wayòm lan.

**22,14:** *Yo rele anpil moun, men se yon ti pòsyon yo chwazi. Jezi avèti nou se pa anpil moun ki sèvi byen ak libète toutbon vre Levanjil la ban nou an.*

**Pi gran kòmandman an**

Mk 12,28-34; Lk 10,25-28

Mk 12, 28-31;  
Lk 10, 25-28  
  
Lev 19,18;  
Mt 5,43;  
Wm 13,10;  
Gal 5,14  
  
Dtw 6,5  
  
7,12

<sup>34</sup>Lè Farizyen yo tandé li fèmen bouch Sadiseyen yo, yo rasanble yo tout ansanm. <sup>35</sup>Youn nan yo mande l kesyon sou Lalwa a, pou li ta pran l nan pyèj: <sup>36</sup>«Pwofesè, ki pi gran kòmandman ki gen nan Lalwa a?» <sup>37</sup>Li di l: «Se pou w renmen Bondye Granmèt ou a, ak tout kè w, ak tout nam ou, ak tout lespri w. <sup>38</sup>Sa a, se pi gran an ak premye kòmandman an. <sup>39</sup>Dezyèm nan sanble ak li: Se pou w renmen pwochen w tankou pwòp tèt pa w.» <sup>40</sup>Tou sa Lalwa a ak Pwfèt yo di makonnen ak de kòmandman sa yo.

Mk 12, 35-37;  
Lk 20, 41-44  
  
25am 7,16

<sup>41</sup>Pandan Farizyen yo te rasanble, Jezi mande yo kesyon, <sup>42</sup>li di: «Sa nou di sou kesyon Kris la, ptit kilès li ye?» Yo di l: «Ptit David!» <sup>43</sup>Li di yo: «Kouman David, anba pouwva Lespri a, fè rele l 'Granmèt', lè li di:

Sòm 110,1;  
T Ap 2,34;  
1Kor 15,25;  
Eb 1,13

<sup>44</sup>Granmèt la di granmèt mwen an:  
chita a dwat mwen,  
jis mwen mete lènmi w yo  
anba pye w.

<sup>45</sup>Si David rele l 'Granmèt' kouman li fè ptit li?» <sup>46</sup>Pèsonn pa t kapab reponn li yon mo, ni non plis tou yon moun pa t pran chans mande l okenn kesyon ankò, depi jou sa a.

**23,2:** Pwofesè Lalwa yo ak Farizyen yo chita sou fotèy Moyiz la... Jezi pa t sòti nan branch fanmi Levi a kote prêt yo ak moun ki reskonsab seremoni Tanp yo te sòti a. Ni tou li pa t manm yon gwooup relijiye tankou Farizyen yo. Li te fè pati pèp la, epi li te wè kouman chéf pèp Bondye yo ak gran nèg yo t ap aji ak pèp la. Jezi te kritike Farizyen yo.

**23,3:** Se pou nou fè, se pou nou kenbe tou sa yo di nou... Move konpòtman dirijan yo pa fè Pawòl Bondye y ap montre yo pèdi valè, ni li pa anile otorite yo te genyen. Si Jezi te mande pou yo koute moun k ap ranplase Moyiz yo, nou menm fòk nou koute moun ki ranplase Apot yo.

**23,5:** Yo laji filaktè yo... Filaktè a se te yon ti

**Kont pwofesè Lalwa ak Farizyen yo**

Mk 12,38-40; Lk 11,37-52; 20,45-47

**23** <sup>1</sup>Lè sa a atò, Jezi pale ak foul yo, ansanm ak patizan li yo, <sup>2</sup>li di: «Pwofesè Lalwa yo ak Farizyen yo chita sou fotèy Moyiz la. <sup>3</sup>Se pou nou fè, se pou nou kenbe tou sa yo di nou, men aksyon yo, pa fè yo. Yo di, men yo pa fè. <sup>4</sup>Yo mare chay byen lou mete sou zepòl moun yo, men yo menm, yo pa vle souke yo ak ti dwèt yo. <sup>5</sup>Tout aksyon yo fè se pou moun wè yo. Yo laji filaktè yo, yo lonje tout fil ki pandye nan manto yo, <sup>6</sup>yo renmen chita nan premye plas lè yo nan festen, yo renmen chita nan premye plas nan sinagog yo, <sup>7</sup>yo renmen pou yo salye yo sou plas yo, pou moun rele yo: 'Pwofesè'! <sup>8</sup>Nou menm menm, pa kite yo rele nou 'pwofesè', se yon sèl pwofesè nou genyen epi nou tout nou se frè. <sup>9</sup>Pa rele moun 'Papa nou' sou tè a. Se yon sèl nou genyen: se Papa nou ki nan syèl la. <sup>10</sup>Pa kite yo rele nou 'mèt', se yon sèl mèt nou genyen: se Kris la.

<sup>11</sup>Sa ki pi gran nèg nan mitan nou an, se li k ap sèvitè nou. <sup>12</sup>Tout moun ki leve tèt li, y ap fè l bese l, tout moun ki bese tèt li, y ap fè l leve l.

<sup>13</sup>Malè pou nou menm, pwofesè Lalwa ak Farizyen ipokrit! N ap fèmen Peyi Wa ki nan Syèl la pou moun pa antre. Non sèlman nou pa antre, <sup>14</sup>men moun ki vle antre yo, nou pa kite yo antre.

bwat fèt ak po, Jwif yo te konn mare sou fwon yo ak sou bra gòch yo lè yo te konn lapriyè. Nan ti bwat sa a, yo te konn mete kèk moso Bib la ki pi konsekan (Dtw 6,8; 11,18; Egz 13,9.16). Farizyen yo sanble bay vèsè sa yo valè, men yo pa fè sa yo te kòmande a.

**23,13-16:** N ap fèmen Peyi Wa ki nan Syèl la pou moun pa antre. Anpil pwofesè pèp Bondye a touen yon antrav nan chemen konesans Bondye Papa a.

**23,14:** Gen maniskri ki bay: «Malè pou nou pwofesè Lalwa ak Farizyen ipokrit! N ap devore byen vèv yo. Nou fè kòm si n ap fè lapriyè ki long. Se poutèt sa n ap resevwa pi gwo kondonasyon.»

Mk 12,  
38-39;  
Lk 20,  
45-47;  
11,39

Wm 2,17

11,30;  
Lk 11,46

6,1;  
Res 15,38

Lk 14,7

20,26;

Lk 22,26

Lk 1,52;

Job 22,29;

Pwv 29,23;

Ezk 21,31;

Lk 14,11

Lk 11,

39...52

<sup>15</sup> Malè pou nou menm, pwofesè Lalwa ak Farizyen ipokrit! N ap vwayaje sou lanmè ak sou tè, pou nou chèche fè yon patizan. Men lè nou pran tèt li, nou fè l tounen ptit lanfè de fwa pi mal pase nou.

<sup>16</sup> Malè pou nou, bann moun avèg k ap kondi moun! Nou menm k ap di: si yon moun fè sèman sou Tanp lan, sa pa anyen! Men si li fè sèman sou lò ki nan Tanp lan, fòk li kenbe l. <sup>17</sup> Moun fou! Moun avèg! Sa ki pi konsekan: lò a, oubyen Tanp ki fè lò a vin sakre a? <sup>18</sup> Nou di tou: Si yon moun fè sèman sou lotèl la, sa pa anyen. Men si li fè sèman sou kado ki sou lotèl la, fòk li kenbe l. <sup>19</sup> Avèg! Sa ki pi konsekan? Èske se kado a, oubyen lotèl la ki fè kado a sakre a? <sup>20</sup> Yon moun ki fè sèman sou lotèl la, li fè sèman sou li ak sou tou sa ki sou li. <sup>21</sup> Moun ki fè sèman sou Tanp lan, li fè sèman sou li ak sou Sila a ki abite nan Tanp lan. <sup>22</sup> Yon moun ki fè sèman sou syèl la, li fè sèman sou fotèy Bondye a, ak sou Sila a ki chita sou li a.

<sup>Lev 27,30;</sup>  
<sup>Mi 6,8;</sup>  
<sup>Am 5,21</sup> <sup>23</sup> Malè pou nou, pwofesè Lalwa ak Farizyen ipokrit, nou peye yon pòsyon sou dis pou mant la, pou lanni a ak safran an, men nou neglige sa ki pi konsekan nan Lalwa a: jistis, kè sansib, ak lafwa. Se bagay sa a pou nou te fè anvan, san nou pa t neglige lòt yo. <sup>24</sup> Bann moun avèg k ap kondi moun! Nou pase ti mouch la nan paswa, men nou vale chamo a.

<sup>Mk 7,4</sup> <sup>25</sup> Malè pou nou, pwofesè Lalwa ak Farizyen ipokrit! N ap netwaye deyò vè a ak asyèt la, epi anndan an menm plen vòlè ak bagabondaj. <sup>26</sup> Farizyen je pete! Kòmanse netwaye anndan vè a, pou deyò a kapab pwòp tou.

<sup>T Ap 23,3</sup> <sup>27</sup> Malè pou nou, pwofesè Lalwa ak Farizyen ipokrit! Nou sanble ak tonm

blanchi. Deyò yo parèt byen bèl, men anndan, yo plen zosman ak tout kalite bagay ki pa pwòp. <sup>28</sup> Se konsa nou menm tou, deyò nou parèt kòrèk pou moun, men anndan nou plen ipokrizi ak mechanste.

Lk  
16,15

<sup>29</sup> Malè pou nou, pwofesè Lalwa ak Farizyen ipokrit! N ap batì tonm pou pwofèt yo, n ap ranje kavo moun ki kòrèk yo bèl, <sup>30</sup> epi n ap di: si nou t ap viv nan tan zansèt nou yo, nou pa t ap konplis nan san pwofèt yo. <sup>31</sup> Nou sèvi temwen nou menm, nou se ptit moun ki touye pwofèt yo. <sup>32</sup> Nou menm, n ap plen mezi zansèt nou yo.

T Ap  
7,52

<sup>33</sup> Sèpan! Ras koulèv pwazon! Kouman n ap fè chape anba kondanasyon lanfè a? <sup>34</sup> Mwen voye pwofèt, ak moun ki gen bon konprann, ak pwofesè Lalwa ba nou. Nou pral touye ladan yo, genyen nou pral kloure sou kwa, gen lòt nou pral frape nan sinagòg nou yo. Nou pral pèsekite yo sòti nan yon vil al nan yon lòt, <sup>35</sup> dekwa pou tout san inosan yo te vide sou tè a tonbe sou nou: depi san Abèl, nèg kòrèk la, jis rive sou san Zakari, ptit Barachi a, nou te ansasinen ant pati sakre nan Tanp lan ak bò lotèl la. <sup>36</sup> Anverite, mwen di nou: Tout bagay sa yo pral tonbe sou ras sa a.

Lk 3,7

1Tes  
2,15

10,23;  
27,25;  
Ap 16,6;  
Jen 4,8;  
Eb 11,4;  
24,20-  
22

### Jezi kriye pou Jerizalèm

Lk 13,34-35

<sup>37</sup> Jerizalèm! Jerizalèm! Ou menm k ap touye pwofèt yo! Ou menm k ap kalonnen moun yo voye kote w yo! Konbyen fwa mwen te vle sanble ptit ou yo, menm jan manman poul sanble ti poul li yo anba zèl li? Men, nou pa t vle. <sup>38</sup> Men kay nou rete a pral tounen yon dezè. <sup>39</sup> Mwen di nou, nou p ap wè mwen ankò, depi kounye a jouk lè a va rive pou nou di: *Konpliman pou Sila a k ap vini nan non Granmèt la!*

Lk  
13,34;  
Jer 7,14;  
1Wa 9,7;  
Tb 14,4;  
Ezk  
11,23

Sòm  
118,25;  
Mk  
11,10

<sup>23,29</sup>: ...N ap batì tonm pou pwofèt yo... Gade jan Jezi pale rèd ak ipokrit yo.

<sup>23,37-38</sup>: Jerizalèm... Jerizalèm... Jezi anонse

yon malè ki tou pre. Pwofesi Jezi a te reyalize nan lane 70, lè Jeneral women, Titis, te sènen vil la epi te detwi Tanp lan.

**Jezi anonse Tanp lan pral detwi**

Mk 13,1-2; Lk 21,5-6

Mk 13,  
1-23;  
Lk 21,  
5-24

**24** <sup>1</sup>Jezi te sòti nan Tanp lan. An tan li prale, patizan l yo pwoche pou yo fè l wè konstriksyon Tanp lan. <sup>2</sup>Li reponn yo: «Nou pa wè tout bagay sa yo! Anverite, mwen di nou, p ap rete de wòch youn sou lòt isit la, san li pa detwi.»

**Kòmansman tray**

Mk 13,3-13; Lk 21,7-19

13,39

<sup>3</sup>Antan li te chita nan mòn Oliv la, patizan li yo pwoche kote l, sèl pou kont yo, yo di l: «Di nou kilè tout bagay sa yo ap fêt? Epitou, kisa k ap sèvi nou siy, pou nou rekonnèt kilè w ap retounen, ak kilè tan yo ap fini.»

Jn 5,43

<sup>4</sup>Jezi reponn, li di yo: «Atansyon pou pèsonn pa twonpe nou. <sup>5</sup>Anpil moun ap vini sou non mwen, y ap di: Se mwen menm ki kris la! Anpil moun ap kite yo twonpe yo. <sup>6</sup>N ap tande bri lagè, ak nouvèl sou lagè. Pinga nou pèdi tèt nou. Sa gen pou l rive. Men sa poko finisman an. <sup>7</sup>Nasyon ap leve kont nasyon, peyi wa kont peyi wa. Ap gen grangou ak tramblemannè tout kote. <sup>8</sup>Tout bagay sa yo, se ap kòmansman doulè yo.

Jn 16,21;  
Wm  
8,22;

<sup>9</sup>Lè sa a, y ap fè nou pase tray, y ap touye nou, tout nasyon ap rayi nou poutèt Non mwen. <sup>10</sup>Lè sa a, anpil moun ap bite. Youn ap trayi lòt. Youn ap rayi lòt. <sup>11</sup>Anpil fo pwofèt ap leve, y ap twonpe anpil moun. <sup>12</sup>Sitèlman ap gen mechanste, renmen anpil moun ap vin frèt. <sup>13</sup>Men moun ki kenbe fèm jis nan bout, se li menm k ap sove.

**24.** Pawòl Jezi Matye mete nan chapit sa a, se pawòl Jezi te pwononse nan divès sikonsans. (Pou tout chapit sa a al gade komantè chapit 13 Mak la).

**24,1-2:** Nan Ansyen Kontra a, prezans Bondye se te nan Tanp Jerizalèm lan. Tanp Nouvo Kontra a se Jezi li menm, epi kò chak batize pou tèt Jezi se tanp Lespri Sen an (1Kor 6,19).

**24,3:** Kisa k ap sèvi nou siy pou nou rekonnèt kilè w ap retounen, ak kilè tan yo ap fini?: Nan chapit sa a Levanjil la sèvi ak fason yo konn ekri liv Apokalips yo. Nan mòd literati sa a, yo anonse gran evènman yo ak anpil senbòl. Plan Bon-

<sup>14</sup>Y ap preche Bon Nouvèl sa a sou Peyi Wa a nan tout peyi sou latè, pou sèvi temwen devan tout nasyon yo. Se atò finisman an ap rive.

28,19;  
10,18;  
Wm  
10,18**Gwo tray la**

Mk 13,14-23; Lk 21,20-24

<sup>15</sup>Lè n a wè yo mete bagay degoutan ki fè moun kouri a, nan kote ki sakre a, sa pwofèt Danyèl pale sou li a, moun k ap li a, se pou l konprann, <sup>16</sup>lè sa a, moun yo ki nan Jide a, se pou yo sove kò yo nan mòn yo. <sup>17</sup>Moun ki sou tèt kay la, pinga l desann pou li pran sa ki anndan lakay li. <sup>18</sup>Moun ki nan jaden, pinga l tounen dèyè pou pran rad li. <sup>19</sup>Malè pou fi ki ansent oubyen ki nourris nan jou sa yo. <sup>20</sup>Lapriyè pou se pa nan sezon gwo fredi, ni nan tan saba, kouri sa a rive nou. <sup>21</sup>Tray sa a ap si tèlman gwo, se bagay ki pa janm rive depi nan kòmansman tè a, jis kounye a, ni ki p ap janm rive ankò. <sup>22</sup>Si jou sa yo pa t rakousi, pèsonn pa t ap sove. Men poutèt moun yo chwazi yo, y ap rakousi jou sa yo.

Dan  
9,27;  
1Mkb  
1,54;  
6,7Lk  
17,31

<sup>23</sup>Lè sa a, si yon moun di nou: ‘Men Kris la isit la’, oubyen ‘Men li laba a!’ Pa kwè l! <sup>24</sup>Fo kris ak fo pwofèt ap leve. Y ap fè gwo mirak ak mèvèy, pou yo ta rive twonpe ata sa yo chwazi yo, si yo te kapab. <sup>25</sup>Men m avèti nou!

Dan  
12,1;

Jl 2,2;

Ap 7,14

<sup>26</sup>Konsa si yo di nou: ‘Men li nan dezè a.’ Pa ale.’ Men li nan chanm nan.’ Pa kwè. <sup>27</sup>Menm jan zèklè a, ki sòti kote solèy leve, li limen jis kote solèy kouche, konsa Pitit moun nan ap parèt.

Mk  
13,21;

Lk 17,22

1Jn  
2,18;  
Dtw  
13,2;

2Tes 2,9;

Ap 13,13

dye se pa detwi. Senbòl yo ap montre nou tout bagay pral chanje, tout bagay pral vin tounèf ak Jezi ki pral vini an. Men anvan sa, pral gen anpil soufrans, anpil pèlen. Kominote kretyen an fèt pou rete ap veye ak anpil espwa nan kè l.

**24,27:** Menm jan zèklè a...konsa Pitit moun nan ap parèt : Lè Jezi pral tounen, alafen listwa a, renmen ap ranpòte viktwa sou tout rayisans, lavi ap ranpòte viktwa sou tout fòs lanmò, limyè ap ranpòte viktwa sou tout fòs fènwa. Men jou sa a kòmanse deja ak Jezi, Nèg Nazarèt la, ki te tabli Gouvènman Bondye sou tè a.

<sup>Lk</sup>  
<sup>17,37</sup> <sup>28</sup>Kote kadav la ye, se la karanklou yo va sanble.

### Pitit moun nan ap rive

Mk 13,24-27; Lk 21,25-28

<sup>Mk 13,</sup>  
<sup>24-32;</sup>  
<sup>Lk 21,</sup>  
<sup>25-33;</sup>  
<sup>Am 8,9;</sup>  
<sup>lz 13,10;</sup>  
<sup>Ezk 32,8;</sup>  
<sup>Jl 3,4</sup>  
<sup>1Tes 3,13;</sup>  
<sup>2Tes 2,1;</sup>  
<sup>2Pyé 3,4;</sup>  
<sup>Ap 6,12;</sup>  
<sup>Zak 12,</sup>  
<sup>10-12;</sup>  
<sup>Dan 7,</sup>  
<sup>13-14;</sup>  
<sup>Ap 1,7</sup>  
<sup>lz 27,13;</sup>  
<sup>1Kor 15,52;</sup>  
<sup>1Tes 4,16</sup>  
Kote kadav la ye, se la karanklou yo va sanble.  
Kou tray jou sa yo fin rive, soley la ap vin tou nwa, lalin nan p ap bay limyè l, zetwal yo pral tonbe sot nan syèl la, pouvwa yo ki nan syèl la pral tramble.  
Lè sa a atò, siy Pitit moun nan ap parèt nan syèl la. Lè sa a tout branch fanmi sou tè a ap bat lestomak yo. Y ap wè Pitit moun nan k ap rive sou nyaj yo, nan syèl la, ak pouvwa, ak anpil glwa. <sup>31</sup>L ap voye zanj li yo ak gwo kout twonpèt pou yo sanble moun li te chwazi yo, sòti nan kat kwen tè a, depi yon bout syèl la rive jis nan lòt bout la.

### Egzant pye fig frans lan

Mk 13,28-31; Lk 21,29-33

<sup>10,23;</sup>  
<sup>16,28</sup>  
<sup>5,17;</sup>  
<sup>Lk 16,17</sup>  
Aprann parabòl pye fig frans lan. Kou ti branch li yo kòmanse vin mou, epi li kòmanse pouse fèy, nou konnen tan chalè a pre rive. <sup>33</sup>Konsa tou, nou menm, lè n a wè tout bagay sa yo, se pou nou konnen li tou pre, li nan papòt la. <sup>34</sup>Anverite, mwen di nou: Jenerasyon moun sa yo p ap pase anvan tout bagay sa yo rive. <sup>35</sup>Syèl la ak tè a ap pase, men pawòl mwen yo p ap pase.

### Pa gen jou, pa gen lè

Mk 13,32-37; Lk 17,26-30,34-36

<sup>TAp 1,7;</sup>  
<sup>1Tes 5,3</sup>  
Sou zafè jou sa a ak lè sa a pèsonn pa konn anyen: ni zanj yo ki nan syèl la, ni Pitit la, sòf Papa a pou kò l.

<sup>Lk 17;</sup>  
<sup>26-27;</sup>  
<sup>Mt 24,27;</sup>  
<sup>Mk 13,33;</sup>  
<sup>Jen 7</sup>  
Menm jan ak jou Noye yo, se konsa Pitit moun nan ap parèt. <sup>38</sup>Menm jan, lè sa a, anvan gwo kout tan an te rive a, moun t ap manje, moun t ap bwè, yo t ap marye, gason t ap marye ak fi, fi t ap marye ak gason, jis pou Noye antre nan batiman an: <sup>39</sup>pèsonn pa t konnen anyen, jis lè gwo kout tan

**25,1-5:** Matye te mete parabòl sa a la pou premye kretyen yo, paske yo tap tann Kris la tounen touswit epi yo te wè Jezi mize. Yo te kòmanse lage kò yo nan enjistis, nan kalewès. Yo

an rive, li pote yo tout ale, se konsa tou, Pitit moun nan ap parèt. <sup>40</sup>Lè sa a, de moun ap nan jaden, y ap pran youn, y ap kite lòt la. <sup>41</sup>De fi ap travay nan moulen, y ap pran youn, y ap kite lòt la.

<sup>25,13;</sup>  
<sup>Lk 12,</sup>  
<sup>39-40;</sup>  
<sup>Mk 13,33</sup>  
<sup>12,22;</sup>  
<sup>1Tes 5,2;</sup>  
<sup>2Pyé 3,10;</sup>  
<sup>Ap 3,3</sup>  
Konsa se pou nou rete ap veye, paske nou pa konnen ki jou Granmet nou an ap vini. <sup>43</sup>Aprann sa, si mèt kay la te konnen kilè nan nwit la vòlè a ap rive, li t ap ret veye. Li pa t ap kite yo pèse kay li. <sup>44</sup>Se pou sa, nou menm tou, pare kò nou, paske Pitit moun nan ap vini lè nou pa ta kwè.

### Jeran an

Lk 12,41-48

<sup>Lk 12,</sup>  
<sup>42-46</sup>  
Kilès sèvitè serye, ki gen lespri, pou mèt la mete li reskonsab lakay li, pou li bay moun yo manje lè lè a rive?

<sup>46</sup>Se chans pou sèvitè sa a, si lè mèt la rive, li jwenn li ap fè travay sa a. <sup>47</sup>Anverite, mwen di nou, l ap mete l reskonsab tout byen li yo. <sup>48</sup>Men si move sèvitè sa a ta di nan kè l: ‘mèt mwen mize’, <sup>49</sup>epi pou li ta kòmanse bat lòt sèvitè yo, lage kò l nan manje, nan bwè ak moun sou yo, <sup>50</sup>mèt sèvitè sa a ap rive, jou li pa atann lan, ak lè li pa konnen an. <sup>51</sup>L ap chase l. L ap voye l al pran posyon pa l ak ipokrit yo, kote k ap gen rèl ak manje dan an.

### Parabòl dis jèn fi yo

<sup>8,12;</sup>  
<sup>13,42</sup>  
**25** <sup>1</sup>Peyi Wa ki nan Syèl la sanble ak dis jenn fi ki pran lanp yo, yo sòti al rankontre mesye marye a. <sup>2</sup>Senk nan yo te moun sòt, senk te moun lespri. <sup>3</sup>Sa ki te moun sòt yo pran lanp yo, men yo pa pran lwil ak yo. <sup>4</sup>Sa ki te moun lespri yo pran lwil nan vesò ansanm ak lanp yo. <sup>5</sup>Mesye marye a mize. Yo tout lage kò yo, yo dòmi. <sup>6</sup>Nan mitan lannwit la, gen yon rèl ki pati: Men mesye marye a, pati al rankontre l! <sup>7</sup>Tout jenn fi sa yo leve, yo

te pèdi chalè premye renmen an. Moun Bondye chwazi yo, li mande yo, anvan tout lòt bagay, seryozite ak kenbe pa lage.

pare lanp yo. <sup>8</sup> Sa ki sòt yo di sa ki gen lespri yo: Ban nou ti kras lan lwl nou an, paske lanp nou yo ap tenyen. <sup>9</sup> Jenn fi lespri yo reponn: Nou pè pou nou pa vin manke tou, menm jan ak nou menm, pito n al kote machann yo, pou n al achte. <sup>10</sup> Lè yo pati pou y al achte, mesye marye a rive. Sa ki te pare yo, antre ak li pou nòs la, lèfini yo fèmen pòt la. <sup>11</sup> Apre sa, lòt jèn fi yo rive, yo di: Mèt, Mèt, ouvri pou nou. <sup>12</sup> Li menm li reponn: Anverite mwen di nou sa, mwen pa rekònèt nou. <sup>13</sup> Konsa se pou nou rete ap veye, paske nou pa konnen ni jou a, ni lè a.

### Parabòl talan yo

Lk 19,11-27

<sup>14</sup> Se tankou yon moun ki t ap pati vwayaje, li rele sèvitè l yo, li renmèt yo byen l yo. <sup>15</sup> Li renmèt youn senk talan, yon lòt de, yon lòt yon sèl, chak moun dapre pwòp kapasite l, apre sa li pati. <sup>16</sup> Sa ki te resevwa senk talan an, li pran yo, li fè yo travay, li fè yo fè senk lòt. <sup>17</sup> Menm jan an tou, sa ki te resevwa de yo, li fè yo fè de lòt. <sup>18</sup> Sa ki te resevwa yon sèl la, l ale, li fouye tè, li kache lajan mèt li a.

<sup>19</sup> Apre anpil tan, mèt sèvitè sa yo vini, li fè règleman ak yo. <sup>20</sup> Sa ki te resevwa senk talan an pwoche, li pote senk lòt, li di: Mèt, se senk talan ou te ban mwen, men senk lòt talan mwen fè l fè. <sup>21</sup> Mèt li a di l: Se byen, ou se yon bon sèvitè, ou sèrve nan ti bagay, m ap mete w reskonsab anpil bagay; antre vin fè kè w kontan ak mèt ou.

<sup>22</sup> Sa ki te resevwa de talan an pwoche, li di: Mèt, se de talan ou te ban mwen, men de lòt talan mwen fè l rapòte. <sup>23</sup> Mèt li a di l: Se byen, ou se

yon bon sèvitè, ou sèrve nan ti bagay, m ap mete w reskonsab anpil bagay, antre vin fè kè w kontan ak mèt ou.

<sup>24</sup> Sa ki te resevwa yon sèl talan an pwoche, li di: Mèt, mwen konnen ou se yon moun ki di, ou rekòlte sa ou pa simen, ou ranmase sa ou pa t gaye. <sup>25</sup> Mwen te pè, m al kache talan w lan anba tè, men zafè w. <sup>26</sup> Mèt la reponn, li di l: Ou se yon sèvitè malveyan, mèt parese, ou te konnen mwen renmen rekòlte kote mwen pa simen, mwen ranmase kote mwen pa t gaye, <sup>27</sup> se pou w te mete talan mwen an labank. Lè mwen ta tounen, mwen ta jwenn li fè pitit. <sup>28</sup> Wete talan an nan men l, bay sa ki gen dis talan an li. <sup>29</sup> Moun ki genyen an, y ap ba li, l ap gen twòp. Sa ki pa genyen an, ata sa li genyen an y ap wete l nan men l. <sup>30</sup> Konsa, sèvitè ki pa itil anyen sa a, voye l jete deyò nan fènwa, se la k ap gen rèl ak manje dan.

### Jijman nasyon yo

<sup>31</sup> Lè Pitit moun nan ap vini nan glwa li ak tout zanj li yo ak li, lè sa a, l ap chita sou fotèy glwa li, <sup>32</sup> l ap rasanble tout nasyon yo devan l, l ap separe youn ak lòt, tankou gadò a separe mouton ak kabrit. <sup>33</sup> L ap mete mouton yo kanpe adwat li, kabrit yo agòch li.

<sup>34</sup> Lè sa a, Wa a ap di sa ki adwat li yo : Vini, nou menm Papa mwen beni an, pran posesyon Peyi Wa a ki te prepare pou nou an depi kòmansman tè a. <sup>35</sup> Mwen te grangou, nou te ban m manje, mwen te swaf, nou te ban m bwè, mwen te etranje, nou te resevwa m, <sup>36</sup> mwen te toutouni, nou te abiye m, mwen te malad, nou te vizite m, mwen te nan prizon, nou te vin wè m. <sup>37</sup> Lè sa a, sa ki kòrèk yo, ap reponn li, y ap di :

<sup>Zak 14,5;</sup>  
<sup>Ap 3,21;</sup>  
<sup>20,11</sup>  
<sup>Ezk 34,17;</sup>  
<sup>Lk 12,32</sup>

Sèvitè malveyan, mèt parese... Se moun konzyan, ki aktif nan kominate yo ki reprezante bon sèvitè a. Peche a se refize fè sa w te resevwa donnen, refize fè li bay piplis.

<sup>Lk 22,30;</sup>  
<sup>Wm 8,17;</sup>  
<sup>Ef 1,4</sup>

**25,14-30**: Se tankou yon moun ki t ap pati vwayaje... Mèt sa a kap pati vwayaje reprezante Jezi li menm menm ki te leve byen vivan, epi li pokò tounen. Nan tan Jezi, yon talan te egal 35 kilo lò oswa ajan. Men nan parabòl sa a Jezi te sèvi ak mo 'talan' an pou l reprezante don Bondye bay chak moun.

**25,31-46**: Lè Pitit Moun nan ap vini nan glwa li... Nan dènye parabòl sa a Jezi montre nou jou

Granmèt kilè nou te wè w grangou, nou te ba w manje, kilè nou te wè w swaf, nou te ba w bwè? <sup>38</sup> Kilè nou te wè w etranje, nou te resevwa w, oubyen nou te wè w toutouni, nou te abiye w? <sup>39</sup> Kilè nou te wè w malad, ou byen nan prizon, pou nou t al rann ou vizit? <sup>40</sup> Wa a ap reponn, l ap di yo: anverite mwen di nou, tou sa nou te fè youn nan pi piti nan frè m sa yo, se mwen menm nou te fè l.

<sup>7,23;</sup>  
<sup>Mk 9,48;</sup>  
<sup>Ap 20,10</sup>

<sup>Pvv  
19,17;  
Mk 9,41;  
Lk  
10,16;  
T Ap  
9,5</sup>

<sup>Dan  
12,2;  
Jn 5,29</sup>

<sup>41</sup> Apre sa, l ap di sa ki agòch li yo, rale kò nou sou mwen, nou nenm ki madichonnen, ale nan dife k ap boule toutan an, sa yo te pare pou dyab la ak zanj li yo. <sup>42</sup> Mwen te grangou, nou pa t ban m manje, mwen te swaf, nou pa t ban m bwè, <sup>43</sup> mwen te etranje, nou pa t resevwa mwen, mwen te toutouni, nou pa t abiye m, mwen te malad, mwen te nan prizon, nou pa t okipe m. <sup>44</sup> Lè sa a atò, y a reponn li, y a di: Granmèt, kilè nou te wè w grangou, oubyen swaf, oubyen etranje, oubyen toutouni, oubyen malad, oubyen nan prizon, pou nou pa rann ou sèvis? <sup>45</sup> Lè sa a, l a reponn yo, l a di: anverite mwen di nou, tou sa nou pa t fè pou youn nan pi piti sa yo, se pou mwen menm tou nou pa t fè l. <sup>46</sup> Yo menm menm atò, yo pral nan pinisyon k ap dire toutan an. Sa ki kòrèk yo, pral nan lavi k ap dire toutan an. »

### Konplo pou touye Jezi

Mk 14,1-2; Lk 22,1-2; Jn 11,45-53

<sup>Mk 14,  
1-2;  
Lk 22,  
1-2;  
12,1-14</sup>

**26** <sup>1</sup>Lè Jezi fin di tout pawòl sa yo, li di patizan l yo: <sup>2</sup> «Nou konnen

I ap vini an kòm Wa nasyon yo, li pral jije tout moun, tout ras san fè okenn diskriminasyon, menm si yo pa t konnen l. Sou kisa yo pral jije yo? Se pa sou kesyon reliyion, se sou solidarite ak moun pòv yo. Jezi di nou se nan mezi nou rekonèt li menm menm nan moun pòv yo, n ap jwenn lavi nètele.

**Dènye Koze a : Libète ak renmen Jezi te fè Peyi kote Bondye Wa a boujonnen sou tè a (Matye 26-28):** Dènye pati levanjil Matye kòmanse la a. Matye prezante Jezi ki mouri, Jezi ki leve byen vivan, ak misyon inivesèl Jezi.

nan de jou fèt pak la ap rive, y ap renmèt Ptit moun nan, pou yo klosure l sou kwa a. » <sup>3</sup> Lè sa a chèf prêt yo ak Ansyen yo nan pèp la, rasanble nan lakou Prêt anchèf yo rele Kayif la. <sup>4</sup> Yo fè konplo pou yo pran Jezi nan riz, pou yo touye l. <sup>5</sup> Men yo t ap di: «Se pa lè fèt la, pou pa gen dezòd nan pèp la».

<sup>Jn  
11,47;  
T Ap 4,  
25-27</sup>

Mk 14,3-9; Jn 12,1-8

<sup>6</sup> Jezi rive Betani, kay Simon, nèg lalèp la. <sup>7</sup> Yon fi pwoche kote l, li te gen yon boutèy pòslèn plen losyon ki koute byen chè, li vide l sou tèt Jezi antan li te bò tab la. <sup>8</sup> Lè patizan yo wè sa, yo vekse, yo di: «Poukisa tout gaspiyay sa a? <sup>9</sup> Yo ta kapab vann bagay sa a byen chè, pou yo bay pòv. » <sup>10</sup> Jezi menm konn sa, li di yo: «Poukisa n ap bay fi a pwoblèm? Se yon bon zèv li fè pou mwen. <sup>11</sup> Toutan nou gen pòv yo ak nou, men mwen menm, nou p ap genyen m toutan. <sup>12</sup> Losyon sa a li vide sou kò mwen an, se pou pare antèman m li fè sa. <sup>13</sup> Anverite, mwen di nou, tout kote y a preche Bon Nouvèl sa a, sou tout tè a, y a rakonte sa li fè a, pou yo sonje l. »

<sup>Mk 14,  
3-9;  
Jn 12,  
1-8;  
Lk 7,  
36-50</sup>

<sup>Dtw  
15,11</sup>

### Jida trayi

Mk 14,10-11; Lk 22,3-6

<sup>14</sup> Lè sa a atò, youn nan Douz yo sòti, sa yo rele Jida Iskaryòt la, l al kote chèf prêt yo. <sup>15</sup> Li di: «Sa nou vle ban mwen, pou mwen ban nou li? » Yo menm menm, yo dakò ak li pou trant pyès lajan. <sup>16</sup> Depi lè sa a, li t ap chèche yon bon okazyon pou l bay li.

<sup>Jn  
11,57</sup>

<sup>Zak  
11,12;  
Jen  
37,28;  
Mt 27,3</sup>

Libète ak renmen Jezi te fè Peyi kote Bondye Wa a boujonnen sou tè a. Nan chapit 26 la Matye kòmanse rakonte nou soufrans ak lanmò Jezi. (Pou tout chapit sa a al gade komantè chapit 14 Mak la).

**26,2 : Nan de jou fèt Pak la ap rive, y ap renmèt Ptit moun nan, pou yo klosure l sou kwa a... Nan ansyen Pak la Jwif yo te konn touye yon mouton, kounye a Chèf yo ap touye Jezi. Nan pale Jezi pale konsa, li fè moun yo konnen se li ki Mouton Bondye a.**

**Manje Pak la***Mk 14,12-21; Lk 22,7-14.21-23; Jn 13,21-30*

<sup>Mk 14,  
12-16;  
Lk 22,  
7-13;  
12,14</sup> <sup>Jn 2,4</sup> <sup>17</sup> Premye jou pen san ledvèn an, patizan yo pwoche kote Jezi, yo di: « Ki kote w vle nou pare pou w manje fèt pak la? » <sup>18</sup> Li di: « Al lavil la, kote entèl, nou va di l: ‘Pwofesè a di: tan mwen vanse bout, se lakay ou m ap fè pak la, ansanm ak patizan mwen yo.’ » <sup>19</sup> Patizan yo fè jan Jezi te kòmande yo a; yo pare pak la.

<sup>Mk 14,  
17-21;  
Lk 22,  
14,21-  
23;  
Jn 13,  
21-30</sup> <sup>Sòm  
41,10;  
Jn  
13,18</sup> <sup>Sòm  
22;  
lz 53,9;  
Jn  
17,12</sup> <sup>20</sup> Lè aswè kòmanse rive, li mete l bò tab la ak Douz yo. <sup>21</sup> Antan y ap manje li di: « Anverite mwen di nou, gen youn nan nou k ap bay mwen. » <sup>22</sup> Yo vin gen anpil chagren, yo chak pran di l: « Èske se mwen, Granmèt? » <sup>23</sup> Li reponn, li di yo: « Moun ki plonje men l ansanm ak mwen nan plat la, se li menm k ap bay mwen an. » <sup>24</sup> Ptit moun nan ap pati jan sa ekri sou li a, men malè pou moun sa a k ap bay li a, li ta pi bon pou moun sa a pa t fèt. » <sup>25</sup> Jida, sa ki t ap bay li a, reponn, li di: « Èske se mwen menm, Mèt? » Jezi di l: « Se ou ki di l. »

**Jezi mete Lekaristi***Mk 14,22-26; Lk 22,15-20; 1Kor 11,23-25*

<sup>Mk 14,  
22-25;  
Lk 22,  
19-20;  
1Kor 11,  
23-25;  
Mt  
14,19;  
15,36</sup> <sup>1Kor  
10,16</sup> <sup>24,8;  
lz 53,12;  
Jer  
31,31;  
Zak  
9,11;  
Eb 9,20</sup> <sup>26</sup> Antan y ap manje, Jezi pran pen an, li beni l, li kase l, li bay patizan yo, li di: « Pran, manje, sa a se kò mwen. » <sup>27</sup> Li pran vè a, li di mèsi, li ba yo l, li di: « Bwè ladan li nou tout. » <sup>28</sup> Sa a se san mwen, san kontra a k ap koule pou anpil moun la, pou padonnen peche. <sup>29</sup> Mwen di nou depi kounye a mwen p ap bwè nan bwason rezen sa a, jis jou sa a lè m a bwè sa ki fèk fèt la, ansanm ak nou, nan Peyi kote Papa mwen Wa a. » <sup>30</sup> Lè yo fin chante kantik yo, yo sòti, y ale nan mòn Oliv la.

**Pyè gen pou li nye Jezi***Mk 14,27-31; Lk 22,31-34; Jn 13,36-38*

<sup>Zak  
13,7</sup> <sup>31</sup> Lè sa a atò, Jezi di yo: « Nou tout, n ap bite poutèt mwen lannwit sa a

menm. Men sa ki ekri: *Mwen va frape gadò a, epi bann mouton yo ap gaye.*

<sup>32</sup> Men, lè m a fin leve byen vivan, m a pran devan nou, nan Galile. <sup>33</sup> Pyè menm reponn, li di l: « Menm si tout moun ap bite poutèt ou, mwen menm, mwen pa gen dwa janm bite. » <sup>34</sup> Jezi di l: « Anverite, mwen di w, lannwit sa a menm, anvan kòk la chante, w ap nye mwen twa fwa. » <sup>35</sup> Pyè di l: « Menm si mwen ta dwe mouri ak ou, mwen p ap janm nye w. » Tout patizan yo t ap di menm bagay la.

**Jetsemani***Mk 14,32-42; Lk 22,39-46*

<sup>Mk 14,  
32-42;  
Lk 22,  
39-46;  
Jn 12,  
27-30;  
18,1;  
Eb 5,  
7-10</sup> <sup>36</sup> Lè sa a atò, Jezi rive avè yo nan yon jaden yo rele Jetsemani. Li di patizan l yo: « Chita isit la, antan m ap lapriyè bò lòt bò a. » <sup>37</sup> Li pran Pyè ak de ptit Zebede yo avè l, li kòmanse santi chagren ak kè sere. <sup>38</sup> Lè sa a atò, li di yo: « Nanm mwen anvayi ak chagren, jis pou mwen mouri. Rete isit la. Veye ansanm ak mwen. » <sup>39</sup> L ale yon ti kras pi lwen, li tonbe fas atè, li fè lapriyè sa a: « Papa mwen, si sa kapab fèt, se pou vè sa a pase lwen mwen. Men se pa jan mwen vle, se jan w vle. » <sup>40</sup> Li vin kote patizan yo, li jwenn y ap dòmi, li di Pyè: « Konsa, nou pa gen fòs pou nou veye inèdtan sèlman avè m! » <sup>41</sup> Se pou nou veye, se pou nou lapriyè pou nou pa pran nan pyèj, lespri a vivan, men kò a fèb. » <sup>42</sup> Yon lòt fwa ankò, pou dezyèm fwa, l al lapriyè, li di: « Papa mwen, si sa pa kapab pase san mwen pa bwè l, se pou volonte w fèt. » <sup>43</sup> Li retounen yon lòt fwa ankò al jwenn patizan yo, li jwenn y ap dòmi, je yo te lou. <sup>44</sup> Li kite yo ankò, l ale, li lapriyè yon twazyèm fwa, li di menm pawòl la ankò. <sup>45</sup> Lè sa a atò, li rive kote patizan yo, li di yo: « Nou mèt dòmi kounye a, nou mèt poze, men lè a rive pou yo

<sup>Jn  
11,16</sup><sup>Mk 14,  
32-42;  
Lk 22,  
39-46;  
Jn 12,  
27-30;  
18,1;  
Eb 5,  
7-10</sup><sup>Jn 4,34;  
6,38;  
Wm  
5,19;  
Flp 2,8</sup><sup>6,13</sup><sup>20,22</sup><sup>2Kor  
12,8</sup>

**26,23 :** *Moun ki plonje men l ansanm ak mwen ... Plonje men nan menm bòl la se te jès bon zanmi te konn fè. Jezi pa t fè Jida okenn repwòch.*

renmèt Pitit moun nan, nan men pechè yo. <sup>Jn 14, 30-31</sup> <sup>46</sup> Leve, an n ale, men li tou pre, sila a k ap bay mwen an. »

### Yo arete Jezi

*Mk 14,43-50; Lk 22,47-53; Jn 18,3-12*

<sup>Mk 14, 43-52; Lk 22, 47-53; Jn 18, 2-11</sup> <sup>Jen 9,6; Ap 13,10</sup> <sup>Jn 18,36</sup> <sup>Lk 19,47; 21,37; Jn 18,20</sup> <sup>Zak 13,7; Jn 16,32</sup> <sup>47</sup> Antan li t ap pale toujou, Jida, youn nan Douz yo, vin rive. Ansanm avè l, te gen yon gwo foul moun ak manchèt, ak baton, se chèf prèt yo ak Ansyen yo nan pèp la ki te voye yo. <sup>48</sup> Sa ki t ap renmèt li a, ba yo yon siy, li di: « Sa mwen bo a, se li, pran l ». <sup>49</sup> Menm lè a, li vanse sou Jezi, li di: « Bonswa, Mèt », epi li bo l. <sup>50</sup> Jezi menm di l: « Zanmi, se pou sa w vini ! » Lè sa a atò, yo vanse, yo met men sou Jezi, yo pran l. <sup>51</sup> Youn nan sa ki te ak Jezi yo lonje men l, li redi manchèt li, li frape sèvitè Prèt anchèf la, li koupe zòrèy li. <sup>52</sup> Lè sa a, Jezi di l: « Mete manchèt ou a nan plas li. Tout moun ki pran manchèt, se ak manchèt y ap peri. <sup>53</sup> Oubyen èske w kwè mwen pa kapab mande Papa m konkou, epi kounye a menm l ap ban mwen plis pase douz lame zanj ? <sup>54</sup> Kijan pou sa ki ekri yo, ki di se konsa pou sa fèt, fè rive atò ? » <sup>55</sup> Nan menm lè sa a, Jezi di foul yo: « Se tankou pou yon volè nou sòti ak manchèt ak baton pou nou pran mwen. Chak jou, se nan Tanp lan mwen te chita, mwen t ap montre anpil bagay epi nou pa t pran mwen. » <sup>56</sup> Tou sa rive pou sa pwofèt yo te ekri a te kapab rive. Lè sa a atò, tout patizan yo kite l, yo sove kò yo.

**26,52 :** *Tout moun ki pran manchèt.... Jezi fè konprann fòs zam pa kapab tabli Gouvènman Bondye a, ni li pa bay lavi.*

**26,61 :** *Mwen kapab detwi tanp Bondye a... Sa a se premye akizasyon kont Jezi. Sa te boulvèse Jwif yo anpil. Pou Jwif yo, pa t gen anyen ki pi sakre pase Tanp Jerizalèm lan. Atake Tanp lan se te menase pozisyon prèt yo, se te menase kontra renmen Bondye ak pèp li a, se te menase avni nasyon an menm.*

**26,63 :** *Jezi te rete san di yon mo... Li te initil pou diskite ak moun ki te pran desizyon yo deja.*

### Jezi nan tribinal

*Mk 14,53-65; Lk 22,54-55.63-71;  
Jn 18,13-14.19-24*

<sup>Mk 14, 53-65; Lk 22, 54...71; Jn 18, 15...24</sup> <sup>57</sup> Sa ki te met men sou Jezi yo kondi l kay Kayif, Prèt anchèf la, se la pwofèse Lalwa yo ak Ansyen yo te sanble.

<sup>58</sup> Pyè menm te swiv li lwen pa dèyè, jis nan lakou Prèt anchèf la. Li antre annan, li chita ansanm ak sèvitè kay la, pou l wè kijan sa ap fini.

<sup>59</sup> Chèf prèt yo, ni tout Sanedren an, t ap chèche fo deklarasyon kont Jezi, pou yo fè l mouri. <sup>60</sup> Men yo pa t jwenn, malgre te gen anpil fo temwen ki te vini. Alafen, gen de ki prezante. <sup>61</sup> Yo di: « Mesye sa a te di: mwen kapab detwi Tanp Bondye a, nan twa jou m ap rebati li. » <sup>62</sup> Prèt anchèf la leve, li di Jezi: « Ou pa reponn anyen nan sa moun sa yo deklare kont ou a ? » <sup>63</sup> Jezi menm te rete san di yon mo. Prèt anchèf la di l: « Mwen pase w lòd sou non Bondye ki vivan an, pou ou di nou si se ou menm ki Kris la, pitit Bondye a. » <sup>64</sup> Jezi di l: « Se ou ki di l. Sèlman, mwen di nou: depi kounye a, n ap wè pitit moun nan chita adwat sila a ki gen pouwwa a, l ap vini sou nyaj yo ki nan syèl la. » <sup>65</sup> Lè sa a atò, Prèt anchèf la chire rad li, li di: « Li derespekte Bondye. Sa nou bezwen temwen ankò ? Gade kounye a, nou tandé jouman an. <sup>66</sup> Kijan nou wè sa ? » <sup>67</sup> Yo menm menm yo reponn, yo di: « Li merite lanmò. »

<sup>Res 14,6; Ezd 9,3; Jer 36,24; T Ap 14,14</sup> <sup>67</sup> Lè sa a atò, yo krache nan figi l, yo ba li kout pwen, yo ba li souflèt. <sup>68</sup> Yo di: « Fè yon kout pwofèt pou nou, Kris la, kilès ki frape w ? »

Jezi te rete ak kè poze kòm yon moun ki te renmèt kòz li nan men Bondye.

**26,64 :** *Se ou ki di l... Jezi pa t konprann pawòl sa yo menm jan Kayif te konprann yo a. Pawòl Pitit Bondye a te vle di Wa Izrayèl la pou Kayif. Jezi se Pitit Bondye a vle di piplis pase sa, li vle di li se Bondye menm jan ak Papa a.*

*Depi kounye a, n ap wè Pitit moun nan chita adwat Sila a ki gen pouwwa a, l ap vini sou nyaj.... Jezi fè tèt li pase pou Bondye. Yon bagay Jwif yo pa kapab aksepte.*

**Pyè nye Jezi**

Mk 14,66-72; Lk 22,56-62; Jn 18,15-18.25-27

Mk 14,  
66-72;  
Lk 22,  
56-62;  
Jn 18,  
15-27

<sup>69</sup> Pyè te chita deyò nan lakou a. Yon sèvant vanse kote l, li di l: «Ou menm tou, ou te ansanm ak Jezi, moun Galile a.» <sup>70</sup> Li menm menm li nye devan tout moun, li di: «Mwen pa konnen sa w ap di a.» <sup>71</sup> Li sòti bò pôtay la. Yon lòt sèvant wè l, li di moun ki te la yo: «Sila a te ak Jezi, moun Nazarèt la.» <sup>72</sup> Li nye yon lòt fwa ankò, li sèmante, li di: «Mwen pa rekonèt moun sa a.» <sup>73</sup> Apre yon lòt ti moman, sa ki te kanpe yo vanse kote Pyè, yo di: «Se vre, se youn nan yo ou ye. Ata pale w trayi w.» <sup>74</sup> Lè sa a atò, li kòmanse rele malè sou tèt li, li fè sèman, li di: «Mwen pa rekonèt moun sa a.» Menm lè a, yon kòk pran chante. <sup>75</sup> Pyè sonje pawòl Jezi te di a: ‘Anvan kòk la chante, w ap nye mwen twa fwa.’ Li sòti deyò, li kriye san.

**Jezi devan Pilat**

Mk 15,1; Lk 23,1-2; Jn 18,28-32

Mk 15,1;  
Lk  
22,66;  
23,1;  
Mt 27,14

**27** <sup>1</sup> Granm maten, tout chèf prêt yo, ak Ansyen nan pèp la, fè konplo kont Jezi pou yo fè l mouri. <sup>2</sup> Yo mare l. Yo mennen l renmèt bay Pilat, gouvènè a.

**Jida mouri**

T Ap 1,18-19

<sup>3</sup> Lè sa a atò, Jida, sila ki te bay li a, lè li wè yo kondane Jezi, li gen remò. Li tounen trant pyès lajan yo bay chèf prêt yo ak Ansyen yo, <sup>4</sup> li di: «Mwen fè peche, mwen bay san yon moun ki inosan.» Yo di l: «Sa pa gade nou! Sa

**26,69 :** Pyè te chita deyò nan lakou a... Pyè ki te di li pa konnen Jezi, se pè li pè anpil. Li ki te pwomèt Jezi li p ap lage l, li pa t kapab kenbe fèm, e li te nye Jezi. Lè Matye plase moso sa a jis apre temwayaj Jezi devan Prêt anchèf la, li vle montre konpòtman Pyè pa menm ditou ak pa Jezi.

**27,1 :** Granm maten tout chèf prêt yo... Matye pa pale sou pwosè ki te fèt lannwit la kay Án lan, ansyen Prêt anchèf ki te gen senk pítit ak bòfis li ki te ranplase l. Li te gen pouvwa toujou pami chèf fanmi yo. Se pa t yon pwosè legal, se te prive (Jn 18,12-24). Poutèt sa, Matye ak Mak

gade w!» <sup>5</sup> Li voye lajan an jete nan Tanp lan. Li vire do l, li sòti, l al pann tèt li. <sup>6</sup> Chèf prêt yo pran lajan an, yo di : «Nou pa gen dwa lage l nan kès Tanp lan, se lajan san li ye.» <sup>7</sup> Yo pran desizyon, pou yo achte jaden moun ki konn fè krich yo ak lajan an, pou yo kapab antere etranje yo. <sup>8</sup> Se poutèt sa yo rele jaden sa a ‘jaden san an’ jis jodi a. <sup>9</sup> Lè sa a atò, pawòl pwofèt Jeremi te di a, rive: « Yo pran trant pyes lajan yo, pri sila yo te fikse pou li a, Sila pítit Izrayèl yo fè pri li a. <sup>10</sup> Yo bay lajan sa a pou jaden moun ki konn fè krich yo, jan Granmèt la te pase mwen lòd la.»

T Ap  
1,18Zak 11,  
12-13**Pilat mande Jezi kesyon**

Mk 15,2-5; Lk 23,3-5; Jn 18,33-38

Mk 15,  
2-15;  
Lk 23,  
2-5;23,13-  
25;

Mt 2,2

<sup>11</sup> Jezi te kanpe devan gouvènè a. Gouvènè a mande l kesyon, li di: «Èske se ou ki wa Jwif yo?» Jezi di: «Se ou ki di l.» <sup>12</sup> Chèf prêt yo, ak Ansyen yo, t ap akize l, men li pa t reponn anyen. <sup>13</sup> Lè sa a atò, Pilat di l: «Ou pa tande tout kalite bagay y ap deklare kont ou?» <sup>14</sup> Men li pa t menm reponn li yon kesyon, sitèlman gouvènè a te sezi anpil.

Jn 19,9

**Jezi kondane amò**

Mk 15,6-15; Lk 23,13-25; Jn 18,39-19.16

<sup>15</sup> Pou chak fèt, gouvènè a te gen abitid lage yon prizonye pou pèp la, sila pèp la te vle a. <sup>16</sup> Lè sa a, te gen yon prizonye tout moun te konnen, yo te rele l Barabas. <sup>17</sup> Lè moun yo rasamble, Pilat di yo: «Kilès nou vle mwen lage ban nou? Barabas oubyen Jezi,

mete (Mt 26,57-64) tou sa yo konnen la a sou pwosè Jezi a, ki te fèt, an reyalite, nan maten.

**27,3 :** Lè sa a atò, Jida, sila ki te bay li a... Depi Jida fin trayi, li touye tèt li. Poukisa chèf yo pa t fè bak nan desizyon yo te pran pou yo fè touye Jezi, si Jida li menm rekonèt Jezi inosan ? Paske yo tap chèche yon fo rezon pou yo fè touye Jezi.

**27,16 :** Lè sa a te gen yon prizonye... yo te rele l Barabas... Dapre kèk dokiman ki ansyen anpil, non bandi a se te Jezi, epi ti non l se te Barabas. Pilat mande pèp la pou li chwazi ant Jezi yo rele Barabas la ak Jezi yo rele Kris la.

sa yo rele Kris la? » <sup>18</sup> Li te konnen byen pwòp se pou jalouzi yo te mennen l ba li. <sup>19</sup> Antan li chita sou fotèy jij la, madanm li voye kote l, li di: « Pinga gen anyen ant ou menm ak nèg kòrèk sa a. Mwen soufri anpil jodi a nan rèv poutèt li. » <sup>20</sup> Chèf prêt yo, ak Ansyen yo, pran tèt foul yo, pou yo mande Barabas, kanta Jezi menm, pou yo fè touye l. <sup>21</sup> Gouvènè a pran lapawòl, li di yo: « Kilès nou vle pou mwen lage ban nou nan de sila yo? » Yo menm menm yo di: « Barabas ». <sup>22</sup> Pilat di yo: « Sa pou mwen fè ak Jezi, sa yo rele Kris la? » <sup>T Ap 13,28</sup> Yo tout yo di: « Kloure l sou kwa. » <sup>23</sup> Li menm menm li di: « Ki mal li fè? » Yo menm menm yo rele pi fò, yo di: « Kloure l sou kwa. » <sup>24</sup> Lè Pilat wè li pa reyisi anyen, okontrè se plis dezòd k ap fèt, li pran dlo, li lave men l devan foul la, li di: « Mwen inosan nan san sa a, se nou menm sa gade. » <sup>25</sup> Tout pèp la reponn, li di: « San li sou kont nou ak sou kont ptit nou yo. » <sup>26</sup> Lè sa a atò, li lage Barabas ba yo. Kanta Jezi menm, li fè kale l, li bay li pou yo kloure l sou kwa a.

<sup>Dan 13,46;</sup>  
<sup>T Ap 18,6;</sup>  
<sup>20,26</sup>

### Yo pase Jezi nan betiz

Mk 15,16-20; Jn 19,2-3

<sup>Mk 15, 16-20; Jn 19, 1-3</sup> <sup>Iz 50,6</sup> <sup>27</sup> Lè sa a atò, solda ki te sou lòd gouvènè a, pran Jezi, yo mennen l nan palè a, yo rasanble tout gad yo alantou l. <sup>28</sup> Yo dezabiye l, yo mete yon manto wouj sou li, <sup>29</sup> yo trese yon kouwòn pikan mete sou tèt li, ak yon wozo nan men dwat li, yo met ajenou devan l, yo pase l nan rizib, yo di l: « Bonjou, wa Jwif yo! » <sup>30</sup> Yo krache sou li, yo pran wozo a, yo frape l sou tèt li. <sup>31</sup> Lè yo fin pase l nan betiz, yo wete manto a sou

**27,24:** Pilat pran dlo...Jès sa a vle di Pilat refize jije Jezi (al gade nan Detewonòm 21,6; Sòm 26,6).

**27,29:** Yo trese yon kouwon pikan mete sou tèt li ... Gen moun ki kwè se te yon bonnèt fèt ak wozo, epi yo foure gwo pikan ladan l. Se te yon fason pou yo pase Jezi nan rizib. Se konsa Jezi pran defans tout moun yo pase nan rizib sou tè a.

li, yo abiye l ak rad li, yo mennen l pou y al kloure li sou kwa a.

### Yo kloure Jezi sou kwa a

Mk 15,21-32; Lk 23,26-43; Jn 19,17-27

Mk 15,  
21-27;  
Lk 23,  
26-34;  
38;  
Jn 19,  
17-24

<sup>32</sup> Lè yo sòti, yo jwenn yon moun Sirèn, yo rele Simon, yo fòse l pote kwa Jezi a. <sup>33</sup> Lè yo rive yon kote yo rele Golgota, sa vle di zo tèt la, <sup>34</sup> yo ba l bwè diven mele ak fyèl, li goute l, li pa aksepte bwè. <sup>35</sup> Lè yo fin kloure l sou kwa a, yo separe rad li yo, yo fè tiraj osò. <sup>36</sup> Yo chita la pou yo siveye l.

Sòm  
69,22

<sup>37</sup> Yo mete kòz ki fè kondane li a anlè tèt li. Men sa ki ekri: « Sila a se Jezi, wa Jwif yo. » <sup>38</sup> Lè sa a, yo kloure de bandi sou kwa ansanm ak li, youn adwat li, lòt la agòch li.

Lk  
22,37;  
Iz 53,  
9.12

<sup>39</sup> Moun ki t ap pase yo, t ap madi-chonnen l, yo t ap souke tèt yo. <sup>40</sup> Yo t ap di: « Ou menm k ap detwi Tanp lan, pou w rebati l nan twa jou, sove tèt ou, non! Si se ptit Bondye ou ye, desann sot sou kwa a, non! »

Sòm  
22,8

<sup>41</sup> Menm jan an tou, chèf prêt yo t ap pase l nan rizib, ansanm ak pwofesè Lalwa yo, epi ak Ansyen yo, yo t ap di: <sup>42</sup> « Li sove lòt, li pa kapab sove pwòp tèt pa l. Si se wa Izrayèl la, se pou l desann kounye a sot sou kwa a, pou nou kwè nan li. <sup>43</sup> Li te mete konfyans li nan Bondye, se pou li delivre l kounye a si li renmen l, paske li te di: Se ptit Bondye mwen ye. »

Sòm  
22,9;  
Saj 2,  
18-20;  
Jn 5,18;  
10,36;  
19,7

<sup>44</sup> Se konsa tou, bandi yo ki te kloure sou kwa ansanm ak li yo t ap joure l.

Mk 15,  
33-41;  
Lk 23,  
44-49

**Jezi mourí**  
Mk 15,33-41; Lk 23,44-49; Jn 19,28-30

<sup>45</sup> Depi midi, li fè nwa sou tout tè a jis twazè. <sup>46</sup> A twazè, Jezi pouse yon gwo

Sòm  
22,2

**27,34:** Yo te ba li bwè diven mele ak fyèl ... Se te yon kalman sòlda yo te konn bay moun ki kondane yo. Li reprezante gode soufrans Jezi bwè pou nou (Sòm 69,21.22).

**27,37:** Sila a se Jezi, wa Jwif yo... Pawòl sa a vle di yon lidè nasyonalis ki pretann kòmanse delivrans pèp jwif la anba okipasyon Women yo.

rèl, li di : « Eli, Eli, lema sabaktani ». Sa vle di : « Bondye mwen, Bondye mwen, poukisa w lage mwen? » <sup>47</sup>Kèk nan moun yo ki te kanpe la a, lè yo tandé l, yo di : « Se Eli sila a ap rele. » <sup>48</sup>Menm lè a, youn nan yo kouri, li pran yon eponj plen vinèg, li mete l nan bout yon wozo, li ba li bwè. <sup>49</sup>Lòt yo menm t ap di : « Kite l, n ap wè si Eli ap vin sove l. » <sup>50</sup>Jezi menm pouse yon lòt rèl byen fò ankò, souf li ale.

<sup>26,33</sup> <sup>51</sup>Menm lè a, vwal Tanp lan chire de moso depi anwo jis anba. Tè a tranble, wòch yo fann. <sup>52</sup>Tonm yo louvri. Anpil kò sen yo ki te antere, leve. <sup>53</sup>Yo sòti nan tonm yo, apre Jezi li menm li leve byen vivan, yo antre nan vil sakre a, yo parèt devan anpil moun.

<sup>Ap 11,13</sup> <sup>54</sup>Santiryon an, ak sa ki te ansanm avè l yo, ki t ap siveye Jezi a, lè yo wè tranblemann tè a ak sa ki rive a, yo sezi anpil, yo di : « Reyèlman vre, sila a se Pitit Bondye li te ye. »

<sup>Lk 8,2; Mt 13,55; 20,20</sup> <sup>55</sup>Te gen anpil medam ki te rete lwen ap gade, yo menm ki te swiv Jezi depi Galile pou yo te sèvi l. <sup>56</sup>Nan yo te gen Mari, moun Magdala, Mari, manman Jak ak Jozèf, ak manman pitit Zebede yo.

### Yo antere Jezi

*Mk 15,42-47; Lk 23,50-56; Jn 19,38-42*

<sup>Mk 15, 42-47; Lk 23, 50-55; Jn 19, 38-42</sup> <sup>Dw 21, 22-23</sup> <sup>57</sup>Lè aswè rive, gen yon nèg rich ki vini, se moun Arimati li te ye, yo te rele l Jozèf. Li menm tou, se patizan Jezi li te ye. <sup>58</sup>L al kote Pilat, li mande kò

**27,51 :** Vwal Tanp lan chire de moso... Ansyen Kontra a fini. Ak Jezi se yon Kontra Tounèf ki kòmanse. Jezi se Tanp Bondye tounèf la. Tout moun ki batize se tanp Lespri Sen an (1Kor 6,19).

—Twa zè fènwa, fè nou sonje twa jou fènwa sou tè Lejjip (Egz 10,21s.) Lanmò Jezi se yon nouvo Egzòd pou tout tè a.

—Gwo tranblemann tè a, se yon fason pou li montre nou yon gwo evènman Bondye reyalize nan listwa delivrants tè a.

—Moun mouri ki parèt yo, yo vle montre ak Jezi ki mouri, ki leve byen vivan, reny lanmò kaba, lavi triyonfe (Dan 12,2).

**28.** Sou Jezi ki parèt pou fè wè li resiste, al gade nan kòmantè Lik 24,1.

Jezi. Lè sa a atò, Pilat pase lòd pou yo ba li l. <sup>59</sup>Jozèf pran kò a, li vlope l nan yon dra pwòp. <sup>60</sup>Li mete l nan pwòp kavo pa l, ki te tounèf, sa li te fouye nan wòch la. Li woule yon gwo wòch nan bouch kavo a, epi l ale. <sup>61</sup>Te gen Mari moun Magdala a ki te la ansanm ak lòt Mari a. Yo te chita anfas kavo a.

<sup>T Ap 13,29</sup>

<sup>Jn 19,25</sup>

### Santinèl yo

<sup>62</sup>Nan demen, sa vle di jou apre pre-parasyon an, chèf prêt yo ak Farizyen yo rasanble kote Pilat. <sup>63</sup>Yo di : « Mèt, nou sonje sa mantè sa a te di antan li te vivan : ‘Apre twa jou m ap leve.’ <sup>64</sup>Pase lòd pou yo asire kavo a, jis sou twazyèm jou a, pou patizan li yo pa vin volè l, epi pou yo di pèp la : Li leve sòti pamì mò yo. Dènye manti sa a ta pire pase premye a. » <sup>65</sup>Pilat di yo : « Nou gen gad, al asire jan nou konnen. » <sup>66</sup>Yo menm y ale, yo asire kavo a, yo poze sele sou wòch la, yo mete gad ap veye.

<sup>12,40; 16,21</sup>

### Jezi leve byen vivan

*Mk 16,1-8; Lk 24,1-12; Jn 20,1-10*

**28** <sup>1</sup>Apre jou saba a, nan gramm maten, premye jou ki vini apre saba a, Mari, moun Magdala, ak lòt Mari a, al vizite kavo a. <sup>2</sup>Sanzatann, vin gen yon gwo tranblemann tè. Yon zanj Granmèt la desann sòti nan syèl la, li vanse, li woule wòch la, li chita sou li. <sup>3</sup>Li te pòtre ak zeklè, rad li te blan kou lanèj. <sup>4</sup>Gad yo tèlman pè yo tranble, yo vin tankou moun mouri. <sup>5</sup>Zanj lan pran

<sup>Mk 16, 1-8; Lk 24, 1-10; Jn 20,1</sup>

<sup>17,2; T Ap 1,10</sup>

**28,1 :** Premye jou ki vin apre saba a : Tout Levanjil yo deklare se premye jou semèn nan Jezi leve byen vivan. Se sa ki fè patizan Jezi Kri yo pral pran premye jou sa a kòm jou espesyal pou yo fè Iwanj pou Bondye ki te leve Jezi byen vivan. Premye jou sa a se dimanch, jou Granmèt la (Ap 1,10), jou yo chwazi pou selebre Lekaristi (T Ap 20,7). Ak leve byen vivan Jezi a gen yon kreyasyon tounèf ki kòmanse.

**28,2 :** Yon zanj Granmèt la... Zanj k ap benyen nan limyè se senbòl viktwa sou lanmò. Tranblemann tè tounèf sa a, se manifestasyon pouvwa Bondye a. Zanj lan se prezans Bondye menm. Se moun ki kwè yo sèlman ki te wè Jezi leve byen vivan. Medam ki t ap chèche li yo te wè l.

lapawòl, li di medam yo : « Nou pa be-zwen pè, nou menm : mwen konnen se Jezi n ap chèche, sa yo te kloure sou kwa a. <sup>6</sup>Li pa isit la non ! Li leve jan li te di a. Vini wè kote li te kouche a. <sup>7</sup>Fè vit ! Al di patizan l yo : ‘Li leve sòti pamimò yo, li pran devan nou, l ale Galile. Se la n a wè l.’ Men koze a ! Mwen pale nou. » <sup>8</sup>Yo derape tout boulin kite kavo a. Yo te pè, men yo te kontan anpil. Yo kouri avèti patizan l yo.

<sup>9</sup>Menm lè a, Jezi parèt devan yo, li di : « Bonjou ! » Yo menm menm yo pwoche, yo kenbe pye l, antan yo met ajenou devan l. <sup>10</sup>Lè sa a atò Jezi di yo : « Pa pè, al avèti frè mwen yo pou y ale Galile, se la y a wè mwen. »

### Gad yo fè rapò

<sup>11</sup>Lè yo pati, kèk nan gad yo al lavil la. Yo rakonte chèf prêt yo tou sa ki rive. <sup>12</sup>Chèf prêt yo mete ansanm ak Ansyen yo pou yo reflechi. Yo bay gad yo yon bon valè lajan, epi yo di yo : <sup>13</sup>« N a di se patizan l yo ki vini

lannwit la, yo vòlè kò a, antan nou t ap dòmi. <sup>14</sup>Si gouvènè a vin aprann sa, n a pale ak li, pou nou evite nou deza-greman. » <sup>15</sup>Gad yo menm yo pran lajan an, yo fè jan yo te di yo fè a. Se konsa pawòl sa a gaye nan mitan Jwif yo jis jodi a.

### Misyon Apot yo

*Mk 16,14-18; Lk 24,36-49;  
Jn 20,19-23; Travay 1,6-8*

<sup>16</sup>Onz patizan yo menm, yo pati, y ale Galile, nan mòn nan kote Jezi te ba yo randevou a. <sup>17</sup>Lè yo wè li, yo met ajenou, men yo pa t fin kwè nét.

<sup>18</sup>Jezi menm vanse, li pale ak yo, li di : « Yo renmèt mwen tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. <sup>19</sup>Kounye a, ale ! Fè tout nasyon yo vin tounen patizan mwen. Batize yo nan non Papa a ak Pitit la ak Lespri Sen an. <sup>20</sup>Montre yo kenbe tou sa mwen te kòmande nou yo. Mwen menm, mwen avè nou tou lèjou, jouk tan an fin rive nan bout li. »

<sup>11,27;</sup>  
<sup>Jn 3,35;</sup>  
<sup>13,3;</sup>  
<sup>17,2;</sup>  
<sup>Et 1,20</sup>

T Ap  
1,8

<sup>3,12;</sup>  
<sup>Joz 1,5;</sup>  
<sup>Jn 14,</sup>  
<sup>18-21;</sup>  
<sup>Mt</sup>  
<sup>13,40;</sup>  
<sup>24,3</sup>

---

Sòlda ak dirijan yo, ki pa t ap chèche l, pa t kon-prann anyen.

**28,9 :** Menm lè a, Jezi parèt devan yo... Sa zanj lan te anone a, Jezi vle ba li plis fòs. Se pou yo ale Galile. Nan Galile Jezi pral parèt devan yo yon lòt fason. Li fè yo konnen li dejà antre nan glwa li. Se menm moun nan, men yon lòt jan.

**28,10 :** Pa pè, al avèti frè m yo... De fi, Mari moun Magdala a ak lòt Mari a, se yo premye mesaje Jezi ki leve byen vivan an te voye bay lòt Apot yo, pou anонse Bon Nouvel leve byen vivan an.

**28,16 :** Onz patizan yo menm, yo pati, y ale Galile... Manke Jida ki te trayi Jezi. Patizan yo te aksepte temwayaj medam yo, epi y ale nan Galile, kote Jezi te ba yo randevou.

**28,18-19 :** Ale, fè tout nasyon yo vin tounen patizan mwen... Jezi voye Apot li yo preche Levanjil sou tout tè a.

Batize yo nan non Papa a ak Pitit la ak Lespri Sen an. Yo mete yo apa pou sèvis Bondye Papa, Pitit la, ak Lespri Sen an : nan Sèvis Bondye lavi tounèf la.

**28,20 :** Montre yo kenbe tou sa mwen te kòmande nou yo... Nou jwenn pawòl Jezi yo nan senk prèch Matye ban nou yo.

—Mwen menm, mwen avè nou tou lèjou, jouk tan an fin rive nan bout li. Jezi se Emayèl, Bondye ak nou (Mt 1,23). Premye jenerasyon kretyen an te panse Kris la ap tounen touswit, men dejà lè Matye t ap ekri Levanjil li a, listwa ta pral dire. Jezi voye Pèp Bondye tounèf la fè misyon li sou tout tè a. Travay Legiz la ant Jezi ki ale, ak Jezi k ap tounen, se preche Bon Nouvel Jezi a.